ББК 74.268.1(2Рос.Черк)
Х 257

Рецензенты:
Мурзаева С.Ш., Дагова М.Н.

**Хатуева А.Р.**
Х 257 **Методическое пособие к учебнику «Родная речь» 4 класс.**
*На кабардино-черкесском языке. 1-е издание* – Майкоп: ООО «Полиграф-ЮГ», 2016. – 152 с.
ISBN 978-5-9909065-4-9

ББК 74.268.1(2Рос.Черк)

ISBN 978-5-9909065-4-9

© РГБУ ДПО «КЧРИПКРО», 2016
© ООО «Полиграф-ЮГ», 2016



# ЗЭХЭЗЫЛЪХЬАМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Методическэ чэнджэщхэр анэдэлъхубзэр еплIанэ классым зэрыщадж «Анэдэлъхубзэ» 2014 гъэм къыдэкIа тхылъым тету зэхэлъхьащ.

«Анэдэлъхубзэ» тхылъыр Iыхьэ пщыкIутхуу зэхэлъщ. Iыхьэ къэс зытепсэлъыхьыну темэ нэхъыщхьэхэр эпиграфкIэ къыщIедзэ.

ЕгъэджакIуэхэм къапэщылъ Iуэхугъуэхэр тэмэму зэфIагъэкIын папщIэ, тхылъыщIэм материал зэмылIэужьыгъуэ гъэщIэгъуэн куэд къыдет.

ТхылъыщIэм ихуа текстхэм цIыкIухэр еджэным хуигъасэ къудейкъым, атIэ ахэр сэбэпщ еджакIуэ цIыкIухэр гъэсэнымкIи. Литературэ тхыгъэхэм къагъэлъагъуэ нравственнэ гъэсэныгъэ лъагэ зиIэ цIыхум и щапхъэ. Абыхэм цIыкIухэр хуагъасэ адыгэ хабзэ дахэхэр гъэзэщIэным, хьэл – щэн щыпкъэу цIыхухэм къадэгъуэгурыкIуэхэм. Тхылъым ит усэхэми сурэтхэми эстетическэ гъэсэныгъэ ират.

Методическэ дэIэпыкъуэгъу тхылъым къыщыхьащ урокхэр зэрегъэкIуэкIыпхъэм и чэнджэщхэр, щызэпкъырыхащ тхыгъэхэм зэрыбгъэдыхьэпхъэр, еджакIуэхэм я еджэкIэм, бзэм зегъэужьыным теухуа лэжьыгъэхэр, словарнэ лэжьыгъэхэр.

Словарнэ лэжьыгъэхэм еджакIуэхэм я бзэр къулей ещI, псалъэхэм я мыхьэнэхэр тэмэму бзэм къыщагъэсэбэпынымкIэ сэбэпышхуэ пылъщ. ЕгъэджакIуэм урокым зыщыхуигъэхьэзыркIэ тхыгъэм къыхегъэбелджылыкI сабийхэм нэхъ къайгугъуэкIыну псалъэхэр икIи ахэр наIуэ къэзыщI Iэмалхэр къигъэсэбэпурэ я мыхьэнэр ягурегъаIуэ.

ТхакIуэхэм я гъащIэмрэ я литературэ лэжьыгъэмрэ цIыкIухэм къазэрагурыIуэным хуэдэу кIэщIу зэхэлъхьащ. Гъэм и зэманым теухуа тхыгъэхэр щаджым деж егъэджакIуэр зэрыбгъэдэхьэн хуейр гъэбелджылащ.

Урокым яджыр нэхъ гъэщIэгъуэн ящыхъун, еджакIуэхэр нэхъ дихьэхын, я бзэм зегъэужьын, я гупсысэм зегъэубгъун папщIэ, методическэ чэнджэщхэм къыщыхьащ джэгукIэхэр, кроссвордхэр, псалъэжьхэр, къуажэхьхэр, проектнэ лэжьыгъэхэр.

Проектнэ лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ еджакIуэ цIыкIухэр езыр – езыру лэжьэфу есэнымкIэ. Ахэр йосэ темэ щхьэхуэхэмкIэ материал зыхуеинухэр зэхуахьэсыфу, рассказхэм, статьяхэм, текстхэм нэхъыщхьэр къыхагъэкIыфу, зэджар къаIуэтэжыфу.

Проектнэ лэжьыгъэхэр егуэш зэман кIэщIкIэ (тхьэмахуитI – щы) зэлэжьрэ зэман кIыхькIэ (мазитI – мазипщI) зэлэжьрэ. ЕгъэджакIуэм гу лъитапхъэщ проектнэ лэжьыгъэхэм зэрелэжьын хуей зэманым елъытауэ нэхъ пасэу темэхэр еджакIуэхэм ятын зэрыхуейм.

Методическэ дэIэпыкъуэгъу тхылъым гуэлъхьэныгъэхэр иIэщ. ЕгъэджакIуэм езым зыхуей тхыгъэхэр яригъэджынымкIэ хуитыныгъэ зэриIэм папщIэ, япэ гуэлъхьэныгъэм къыщыхьащ тхылъым итхэм щыщу, ауэ календарнэ – тематическэ планым хэмыт произведенэхэр зэрегъэджыпхъэм и щапхъэхэр. Апхуэдэ урокхэр 8 мэхъу. Мы урокхэр зэрегъэкIуэкIыпхъэм и чэнджэщхэр егъэджакIуэхэм сэбэп яхуэхъунущ классщIыб еджэныгъэр щрагъэкIуэкIкIи. КлассщIыб еджэныгъэм сыхьэти 4 хухэхащ. ЕгъэджакIуэм методическэ дэIэпыкъуэгъу тхылъым и япэ гуэлъхьэныгъэм къыщыхьа темэхэм щыщ къыхихыу классщIыб еджэныгъэ урокхэм яригъэджыну хуитыныгъэ иIэщ.

Гуэлъхьэныгъэ етIуанэм къыщыхьащ урокитху нестандартнэ урокхэр зэрегъэкIуэкIыпхъэм и щапхъэхэу. Ахэр егъэджакIуэхэм сэбэп яхуэхъунущ сыхьэт зэIухахэр щагъэхьэзыркIэ, проектнэ лэжьыгъэхэр къыщапщытэжкIэ, къызэщIэзыкъуэж урокхэр щрагъэкIуэкIкIэ творческэу урокхэм бгъэдыхьэнымкIэ. Мыпхуэдэ урокхэм цIыкIухэм я гупсысэм, я бзэм зрегъэужь, абыхэм урокыр зэшыгъуэ ящымыхъуу фIыуэ, жану холэжьыхь.



Гуэлъхьэныгъэ ещанэр теухуащ классщIыб лэжьыгъэхэм. Мы чэнджэщхэр егъэджакIуэхэм сэбэп яхуэхъунущ адыгэбзэм и Тхьэмахуэхэр е темэ зэхуэмыдэхэмкIэ классщIыб лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ.

Гуэлъхьэныгъэ еплIанэм щызэхуэхьэсащ темэ зэхуэмыдэхэм теухуа материалхэр. ЦIыкIухэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэнымкIэ, ядж темэр нэхъ кууэ, зэхэщIэгъуэу ябгъэдэлъхьэнымкIэ ахэр сэбэпщ. Мы разделым къыщыхьащ джэгукIэ зэхуэмыдэхэр, упщIэ – гушыIэхэр, къуажэхьхэр, н. къ.

**АнэдэлъхубзэмкIэ 4-нэ классым яджыну материалым хухах сыхьэт бжыгъэр 34 мэхъу**

Къеджэнымрэ бзэм зегъэужьынымрэ – сыхь. 34-рэ.

Класс еджэныгъэр – сыхь. 30.

КлассщIыб еджэныгъэр – сыхь. 4.

## ТЕМАТИЧЕСКЭ ПЛАН

| № п/п | Урокыр зытеухуар | Сыхьэт бжыгъэр |
|---|---|---|
| | **ЩIэныгъэм и махуэ (1 сыхь.)** | |
| 1 | Шорэ Ахьмэд. «ЩIэныгъэм и Махуэр фхуэмахуэну!» Шэрджэс А. «ЕгъэджакIуэ» | 1 |
| | **Адыгэ IуэрыIуатэ (сыхь. 6)** | |
| 2 | ПсынщIэрыпсалъэхэр, къуажэхьхэр, псалъэжьхэр | 1 |
| 3 | «Мыщэ и къуэ Батыр» | 1 |
| 4 | «Мыщэ и къуэ Батыр» | 1 |
| 5 | «Сосрыкъуэ дунейм къытохьэ» | 1 |
| 6 | «ЛIыжь цIыкIумрэ Дыгъужьыжьымрэ» | 1 |

| | | |
|---|---|---|
| 7 | Адыгэ шыпсэхэр | 1 |
| 8 | КлассщIыб еджэныгъэ | 1 |
| 9 | **Бжьыхьэ (1 сыхь.)**<br>Тхьэгъэзит З. «БжьыхьэкIэ» | 1 |
| 10 | **Ныбжьэгъугъэ (сыхьэти 2)**<br>Шорэ А. «Урысыбзэр упсэуж» | 1 |
| 11 | ЩоджэнцIыкIу I. «Хьэнифэ» | 1 |
| 12 | **Си хэку (сыхь. 3)**<br>Нэгумэ Ш. «Ижь зэманым адыгэхэм я псэукIар» | 1 |
| 13 | КIыщокъуэ А. «Адыгэ хэку» | 1 |
| 14 | АбытIэ В. «Дыщыпсэу Республикэр» | 1 |
| 15 | КлассщIыб еджэныгъэ | 1 |
| 16 | **ЩIымахуэ (сыхь. 2)**<br>Нало З. «ЩIымахуэ» | 1 |
| 17 | Бемырзэ М. «ИлъэсыщIэ хъуэхъу», Уэхъутэ А.«ИлъэсыщIэ» | 1 |
| 18 | **Адыгэ хабзэ (сыхь. 3)**<br>Мыжей М. «Нэхыжьыр гъэлъэпIэныр» | 1 |
| 19 | Хьэнфэн А. «Адыгэ нэмыс» | 1 |
| 20 | КIурашын Б. «Шхэнми хабзэ хэлъщ» | 1 |
| 21 | **Адыгэбзэ – лъэпкым и гупсэ (сыхь. 3)**<br>АбытIэ Хъ. «Ди лъэпкъыбзэр», Хьэнфэн А. «Анэдэлъхубзэ» | 1 |
| 22 | АбытIэ Хъ. «Ирипсалъэ, адыгэщI, адыгэбзэм» | 1 |
| 23 | Гъуэщокъуэ Хъу. «Зи бзэр зыгъэпудым» | 1 |
| 24 | КлассщIыб еджэныгъэ | 1 |
| 25 | **Къытхуеблагъэ, Гъатхэ! (сыхь. 2)**<br>Къардэн Б. «Гъатхэ» | 1 |
| 26 | Хьэкъун И. «Псэр хуэгуфIэу» | 1 |
| 27 | **Бзылъхугъэхэм я махуэ (сыхь. 2)**<br>«Мартым и 8-р бзылъхугъэхэм я махуэшхуэщ» | 1 |
| 28 | Гъуэщокъуэ Хъу. «Анэм и ущие» | 1 |
| 29 | **ЩIыхур зыгъэбжьыфIэр – лэжьыгъэрщ (1 сыхь.)**<br>Гъуэщокъуэ Хъу. «Хъалил псоми щапхъэ тефх» | 1 |
| 30 | **Мамырыгъэмрэ гуащIэдэкIымрэ (1 сыхь.)**<br>Гъуэщокъуэ Хъу. «Май», Нэхущ М. «Май» | 1 |
| 31 | **ТекIуэныгъэм и Махуэ (1 сыхь.)**<br>КIыщокъуэ А. «Майм и 9-м 1945 гъэм» | 1 |
| 32 | **Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныр (1 сыхь.)**<br>Дыгъужь Къу. «Пхъэхуей» | 1 |
| 33 | **Гъэмахуэр къэоблагъэ (1 сыхь.)**<br>Аслъэн М. «Гъэмахуэ пщэдджыжь» | 1 |
| 34 | КлассщIыб еджэныгъэ | 1 |

## ЩIЭНЫГЪЭМ И МАХУЭ

*Мы темэр щаригъэджкIэ егъэджакIуэм сабийхэм ягуригъэIуэн хуейщ щIэныгъэ зиIэ цIыхум пщIэшхуэ зэриIэр. Къэралым и къэкIуэнур езыхэм я щIэныгъэм зэрелъытар, икIи къэралыр, лъэпкъыр зэрыгушхуэ щIэблэм щIэныгъэ куурэ гъэсэныгъэ дахэрэ иIэн зэрыхуейр.*

### 1-нэ урок

Урокыр зытеухуар: Шорэ Ахьмэд «ЩIэныгъэм и Махуэр фхуэмахуэну!», Шэрджэс Али «ЕгъэджакIуэ».

Мурадыр: еджакIуэхэм я щIэныгъэр хэгъэхъуэн; егъэджакIуэм и лэжьыгъэм пщIэ хуащIу гъэсэн; цIыкIухэр зэдэлажьэу егъэсэн; я бзэм, я еджэкIэм зегъэужьын.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

***ЕгъэджакIуэм.*** ФокIадэр къэсащ. Абы къегъэлъагъуэ гъэмахуэр зэриухар, еджэгъуэ илъэсыщIэр зэрыщIидзэжар. ФокIадэм и 1 – р ди къэралым щIэныгъэм и Махуэшхуэу щагъэлъапIэ. ЕджакIуэ закъуэхэракъым, атIэ цIыху псомкIи а махуэр лъапIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ дэтхэнэ цIыхуми и япэ лъэбакъуэр щIэныгъэм здыхичэр еджапIэрщ. Къэралым щIэныгъэм и Махуэшхуэр зэригъэлъапIэм къегъэлъагъуэ ди къэкIуэнум зэрегупсысыр, щIэныгъэ зиIэ цIыхум пщIэшхуэ зэрыхуищIыр.

**III. Шорэ Ахьмэд и «ЩIэныгъэм и Махуэр фхуэмахуэну!» тхыгъэм къахуеджэн.** ЕджакIуэ цIыкIухэм ди къэралыр къазэрыщыгугъыр, абыхэм щIэныгъэ куу зрагъэгъуэтын зэрыхуейр я гупсысэм нэгъэсын.

**IV. Шэрджэс Алий и «ЕгъэджакIуэ» усэм телэжьыхьын.**

***ЕгъэджакIуэм и псалъэм пещэ:***

– ЩIэныгъэм япэ лъэбакъуэр зэрыхичэу, гъуэгу гъэлъагъуэу, ныбжьэгъу пэжу дэтхэнэ цIыхуми иIэр егъэджакIуэращ. ЕгъэджакIуэ IэщIагъэр псом япэ къеужьахэм ящыщщ. Зы усакIуэкъым, зы тхакIуэкъым егъэджакIуэ IэщIагъэм тетхыхьар. Дэ нобэ нэIуасэ зыхуэтщIынущ Шэрджэс Алий и «ЕгъэджакIуэ» усэм.

Шэржэс Алий Хьэбэз къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къиухри илъэсищкIэ Совет Армэм къулыкъу щищIащ, иужькIэ Ставрополь дэт мэкъумэш институтыр къиухащ. Алий литературэми, музыкэми, IуэрыIуатэми зэхуэдэу лъагъуныгъэшхуэ яхуиIэщ. Абы зэхуихьэсыжа уэрэдхэр, хъыбархэр ярыту къыдэкIащ «Гъатхэпэ макъ уэрэдхэр», «Ди лъахэм и хъыбархэр» тхылъхэр.

**V. Усэм гъэхуауэ егъэджакIуэр къахуоджэ, ар цIыкIухэм къазэращыхъуар жаIэ.**

**VI. Словарнэ лэжьыгъэ:**

*уогумэщI – уигу хощI; уи гур хуботIэщI – уи гур хузэIубох.*

**VII. ЕджакIуэ цIыкIухэр езыр – езыру зэрызэ усэм къоджэ, ар упщIэхэмкIэ зэпкърах:**

1. ЕгъэджакIуэ IэщIагъэр сытым иригъапщэрэ усакIуэм? Сыт апхуэдэу щIыжиIэр?

(ЕгъэджакIуэр ухуакIуэм ирегъапщэ. УхуакIуэм унэр зэрызэтрилъхьэм хуэдэу егъэджакIуэми цIыкIухэм щIэныгъэ, гъэсэныгъэ нэс ярегъэгъуэт.)

2. Сыт егъэджакIуэр здэщIэращIэр, сыт згъэгумэщIыр?

(ЕгъэджакIуэр цIыкIухэм я ехъулIэныгъэхэм ядощIэращIэ, зыгуэр къаймыхъулIэмэ, ядогумэщI.)

3. ЕгъэджакIуэ IэщIагъэм теухуауэ сыт жыфIэфыну?

(ЕгъэджакIуэу ущытын папщIэ, щIэныгъэшхуэ уиIэн, псомкIи щапхъэу ущытын хуейщ, цIыкIухэр фIыуэ плъагъун хуейщ.)

**VIII. Бзэм зегъэужьын.**

1. ЕгъэджакIуэхэм папщIэ псалъэ гуапэ куэд жаIащ усакIуэхэмрэ тхакIуэхэмрэ, цIыхубэм псалъэжь куэд зэхилъхьащ.

**ДжэгукIэ.** Псалъэжьхэр Iыхьит Iу гуэшауэ открыткэ зэпыупщIахэм ярытщ. Зэпартэгъухэр зэдэIэпыкъуурэ ахэр зэпагъэувэж.

**Псалъэжьхэр:**

*Емыджа егъэджакIуэ .... хъуркъым.*

*Акъылым уасэ иIэкъым, .... гъэсэныгъэм гъунэ иIэкъым.*

*ЩIэныгъэр лей .... хъуркъым.*

*ЩIэныгъэрэ IэщIагъэрэ ... зэкъуэшщ.*

2. КъыкIэлъыкIуэ лэжьыгъэр нэхъ лIыгъэ зыхэлъхэм папщIэщ.

*ЕджакIуитI доскам къыдокIри зэпоуэ хэт нэхъ псынщIэу, дахэу, щыуагъэншэу итхми: «ЩIэныгъэм и махуэ».*

**3. Псалъэ зэпхахэр зы псалъэу жыIэн:**

*сабий зыгъасэ – (гъэсакIуэ);*

*школым щеджэ – (еджакIуэ);*

*усэ зытх – (усакIуэ);*

*цIыкIухэр езыгъаджэ – (егъэджакIуэ);*

*сымаджэм здеIэзэ унэ – (сымаджэщ);*

*мэл зыгъэхъу – (мэлыхъуэ).*

**IX. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

– Сыт щIэуэ, гъэщIэгъуэну къэфщIа нобэрей ди дерсым?

– Сыт къэфщIэну фыхуей иджыри махуэшхуэхэм ятеухуауэ?

**X. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

**XI. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэр гукIэ зэгъэщIэн.



## АДЫГЭ IУЭРЫIУАТЭ

*Мы разделым егъэджакIуэм цIыкIухэр нэIуасэ хуещI IуэрыIуатэм. Абы яжреIэ IуэрыIуатэр цIыхубэм къызэрыдэгъуэгурыкIуэр, дэтхэнэ зы лъэпкъми езым гъуэгуу къикIуар, и псэукIар къигъэлъагъуэу IуэрыIуатэ гъэщIэгъуэнхэр зэриIэр. IуэрыIуатэр щыхьэт тохъуэ лъэпкъым хабзэу, щэну, гулъытэу, Iущыгъэу, гупсысэу иIахэм. ЦIыхубэ уэрэдхэр, шыпсэхэр, таурыхъхэр, псалъэжьхэр, къуажэхьхэр, къебжэкIхэр, псынщIэрыпсалъэхэр IуэрыIуатэм и къэкIуэкIэ зэмылIэужьыгъуэхэщ. Ахэр ижь – ижьыж лъэхъэнэм щыгъуэ цIыху Iущхэм зэхалъхьэрт, ауэ абыхэм я цIэр тщIэркъым, сыту жыпIэмэ ахэр ятхыртэкъым, атIэ зым адрейм жриIэжурэ цIыхубэм хэхьа хъурт, зы лIэщIыгъуэм адрей лIэщIыгъуэм иритыжурэ къэгъуэгурыкIуэрт.*

## 2-нэ урок

Урокыр зытеухуар: «Адыгэ IуэрыIуатэ. ПсынщIэрыпсалъэхэр, псалъэжьхэр, къуажэхьхэр»

### ЖьэрыIуатэ журнал

*ЖьэрыIуатэ журналыр сабийхэр зэредгъаджэм и бгъэдэхьэкIэ формэщ. Адрей урок лIэужьыгъуэхэм къащхьэщокI информацэ убгъуа зэрептыфымкIэ.*

***ЖьэрыIуатэ журналыр** – информацэ зэхуэмыдэхэр сабийхэм здыбгъэдалъхьэ урок, ядж «напэкIуэцIхэр» зыр зым ихъуэжу къызэгъэпэщауэ. Мыпхуэдэ урокхэм я фIагъыр нэрылъагъуу куэд къызэрыбгъэсэбэпыфырщ. КъызэрыгуэкI урокхэм нэхъыщхьэу къащхьэщегъэкI урокым зыщыхуэбгъэхьэзыркIэ тхылъ цIыкIу хуэдэу зэбгъэпэщу, напэкIуэцI къэс и фIэщыгъэ-*

*цIэ иIэжу, темэ хэхам тепсэлъыхьу зэрыщытым. Псалъэм папщIэ, псалъэжьхэр, таурыхъхэр, къуажэхьхэр, н. къ.*

*ЖьэрыIуатэ журналу къызэгъэпэща урокыр егъэджакIуэм къыщIедзэ яджыну темэмрэ ар зэрекIуэкIыну щIыкIэмрэ щыгъэгъуэзэнымкIэ. Журналым и напэкIуэцIхэр яджкIэрэ, цIыкIухэм гъэщIэгъуэн куэд къащIыху, лэжьыгъэ зэхуэмыдэхэр ягъэзащIэ, схемэхэр зэхагъэувэ, упщIэхэм жэуап ират, я гупсысэхэр къаIуатэ. Журналым и кIэ дыдэ напэкIуэцIыр траухуэ урокыр къызэщIэкъуэжыным, цIыкIухэм къазэращыхъуар, нэхъыфIу къайхъулIа лэжьыгъэхэмрэ иджыри зытелэжьыхьыжын хуеимрэ къапщытэж. Мыпхуэдэ урокхэм цIыкIухэм я гупсысэм зрегъэубгъу, я бзэм зрегъэужь.*

Мурадыр: еджакIуэ цIыкIухэр адыгэ IуэрыIуатэр зищIысым, абы гъащIэм мыхьэнэуэ щиIэм щыгъэгъуэзэн; я бзэм, я гупсысэм зегъэужьын; лъэпкъым и блэкIам пщIэ хуащIыным я гъэсэныгъэр хуэунэтIын.

## Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Хэзышэ псалъэ.**

Нобэрей ди урокыр теухуащ адыгэ лъэпкъым и блэкIамрэ и къэкIуэнумрэ зэпызыщIэ лъэпкъ IуэрыIуатэм. Лъэпкъым и блэкIа щыжытIэкIэ ди тхыдэм дыхэплъэжу аращи, ди дерсри едгъэкIуэкIынщ журналым и напэкIуэцIым хуэдэу IуэрыIуатэм и напэкIуэцIхэм дыхэплъэурэ.

**II. Ди журналым и япэ напэкIуэцIыр теухуащ «IуэрыIуатэм» и мыхьэнэм.**

1. Дэтхэнэ лъэпкъми езым и IуэрыIуатэ иIэжщ. IуэрыIуатэр щыхьэт тохъуэ лъэпкъым хабзэу, щэну, Iущагъыу, гупсысэу иIахэм. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ щIэблэр гъэсэнымкIэ.

IуэрыIуатэм къикIыр жьэрыIуатэщ, ар цIыхубэм зэхилъхьащ, къигъэщIащ. Тхыгъэ щыщымыIэм зым зым жыриIэжурэ лIэщIыгъуэкIэ яхъумащ IуэрыIуатэм и Iыхьэхэр. IуэрыIуатэм хохьэ таурыхъхэр, псалъэжьхэр, псынщIэрыпсалъэхэр, къуажэхьхэр, къебжэкIхэр, хъыбархэр, нэщэнэхэр, джэгукIэхэр. Нарт хъыбархэр IуэрыIуатэм и Iыхьэ нэхъ лъэщхэм ящыщщ.

**2. ЕтIуанэ напэкIуэцIыр теухуащ IуэрыIуатэм и Iыхьэ – псынщIэрыпсалъэхэм.**



ПсынщIэрыпсалъэхэр макъ зэщхьхэр зыхэт псалъэ гупу е псалъэухауэ къокIуэ. Абыхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ ди бзэр шэрыуэ хъунымкIэ.

Дэтхэнэ цIыхури къабзэу, тэмэму псэлъэфу щытын хуейщ. Апхуэдэу псэлъэфу есэн папщIэ, псынщIэрыпсалъэхэр жаIэн хуейщ.

ЕгъэджакIуэр тхылъым ит псынщIэрыпсалъэхэм къахуоджэ, итIанэ цIыкIухэр зэпрегъэауэ псынщIэу, тэмэму къеджэнкIэ.

**3. Ещанэ напэкIуэцIыр теухуащ псалъэжьхэм.**

Псалъэжьхэм къыщыIуэтащ цIыхубэм лIэщIыгъуэкIэрэ игъэунэхуа Iущыгъэхэр, ущие щытыкIэ иIэу. Абыхэм къаIуатэ цIыху куэдым ягъэунэхуа, зэман куэдкIэ къэпщыта хъуа гупсысэхэр. Псалъэжьхэр ди бзэм хэухуэнауэ хэзу хэтщ. Ахэр зэщхьэщокI лэжьыгъэм, цIыху зэхущытыкIэм, тхыдэм, зауэм, мамырыгъэм, хэкум, хабзэм, гъэсэныгъэм, цIыхум и хьэл – щэнхэм теухуауэ.

Тхылъым ит псалъэжьхэм егъэджакIуэр къахуоджэ, цIыкIухэм абыхэм я мыхьэнэхэр къазэрыгурыIуэр къаIуатэ. Езы цIыкIухэми ящIэ псалъэжьхэр ягу къагъэкIыж.

**4. ЕплIанэ напэкIуэцIыр теухуащ къуажэхьхэм.**

Къуажэхьыр джэгукIэщ. Зи цIэр ирамыIуэу зыгуэрыр зищIысыр зэщхьымкIэ, и щытыкIэхэмкIэ, къызэрагъэсэбэпымкIэ къэщIэн хуейуэ зэхэлъ джэгукIэм къуажэхькIэ йоджэ.

ЕгъэджакIуэм цIыкIухэм яжреIэ къуажэхьхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр цIыхум и гупсысэм зиужьынымкIэ, сыту жыпIэмэ ахэр Iуэхугъуэ куэдым лъоIэс.

ЕгъэджакIуэр тхылъым ит къуажэхьхэм къоджэ, цIыкIухэм ахэр къащIыху. Езы цIыкIухэми ящIэ къуажэхьхэр ягу къагъэкIыж.

**III. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ егъэкIуэкIын, псалъэухахэр нэгъэсыжын:**

1*) IуэрыIуатэм хохьэ ... (таурыхъхэр, псалъэжьхэр, псынщIэрыпсалъэхэр, къуажэхьхэр, къебжэкIхэр, хъыбархэр, нэщэнэхэр, джэгукIэхэр, нарт хъыбархэр)*

*2) ПсынщIэрыпсалъэхэр къэпсэлъын хуейщ ... (бзэр шэрыуэ щIын папщIэ).*

*3)Къуажэхьхэр сэбэп мэхъу ... (цIыхум и гупсысэм зиужьыным кIэ, сыту жыпIэмэ ахэр Iуэхугъуэ куэдым лъоIэс).*

*4) Псалъэжьхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ ... (цIыхур гъэсэнымкIэ).*

**IV. Унэ лэжьыгъэ.**

Ди журналым и напэкIуэцI къэс нэтхысыжын: псынщIэрыпсалъэ, псалъэжь, къуажэхь щырыщ тхын.

**V. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## 3-нэ урок

Урокыр зытеухуар: «Мыщэ и къуэ Батыр»

Мурадыр: пэжыгъэр къуаншагъэм зэрытекIуэр ягурыгъэIуэн; гъэхуауэ къеджэу, я псалъэкIэ къыжаIэжыфу егъэсэн; цIыхугъэ яхэлъыным, ныбжьэгъугъэм хуэпэжыным я гъэсэныгъэр хуэунэтIын.

### Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ зэпсэлъэныгъэ.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм зэджа псысэхэр ягу къагъэкIыжа нэужь, егъэджакIуэм адыгэ псысэхэм я къекIуэкIыкIар яжреIэ:

«Ижь ижьыж лъандэрэ адыгэ лъэпкъым къадогъуэгурыкIуэ псысэхэр. Ахэр гъэпсащ леягъэм, залымыгъэм, пцIым пэщIэувэу, щхьэхынагъэр ауан ящIу, фIым, лэжьыгъэм, гуащIэдэкI хьэлэлым, хьэл – щэн дахэхэм я телъхьэу.

Псысэхэм я къэIуэтэкIэр дахэщ, я мыхьэнэр гурыIуэгъуафIэщ, уедэIуну псэм фIэфIщ.

Псысэхэр лIэужьыгъуищу зэщхьэщокI:

*1) Псэущхьэхэм ятеухуа.*

*2) Нэщыуащыгъэхэр, удыгъэ хуэдэхэр зыхэлъ псысэхэр.*

*3) ЦIыхухэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэр къэзыгъэлъагъуэ псысэхэр.*



Псэущхьэхэм ятеухуа псысэхэм нэхъыбэу къагъэлъагъуэ леягъэ зезыхьэр зэи зэрытемыкIуэр. Леигъэ зылъысыр къарукIэ нэхъ мащIэми, IэмалкIэрэ, акъылкIэрэ токIуэ.

Нэщыуэщыгъэ, удыгъэ зыхэлъ псысэхэри леигъэм пэуву, захуагъэр текIуэным хущIэкъуурэ цIыхум къагупсысащ.

Псысэхэр лIэщIыгъуэ жыжьэм къыщыщIэдзауэ Iущыгъэ куухэмрэ ущие пэжхэмрэ къызыдэзыхь, цIыхум и гъащIэр дахагъэкIэ зыгъэщIэращIэ фэеплъ гъуэзэджэщ.

**III. ЕгъэджакIуэр псысэм гъэхуауэ къахуоджэ.**

**IV. Словарнэ лэжьыгъэ:**

*бэрэжьей гущэ – бэрэжьей (бузина) пхъэм къыхэщIыкIа гущэ;*

*тепщэхэр – тетыгъуэ зыIыгъ цIыхухэр;*

*и къарумрэ и лIыгъэмрэ къэнэхуащ – цIыхум и зэфIэкIыр псоми къащIа;*

*махъсымэ – хугу, нартыху хьэжыгъэм къыхащIыкI адыгэ фадэ лIэужьыгъуэ.*

*«Насыпыншэм, махъшэм тесми, хьэ къодзакъэ» – псалъэжьщ, ар хужаIэ дэнэкIэ кIуэми къулейсызыгъэ къызылъыс цIыхум.*

**V. ЕгъэджакIуэр япэ Iыхьэм къахуеджа нэужь, упщIэхэмкIэ зэпкърах:**

1. Дауэ щIидзэрэ псысэр? (ЩIалэ цIыкIур зэрыкIуэдам къытопсэлъыхь).

2. Мыщэм дауэ ипIа Батыр? (Щыхь куцIрэ фо цIынэрэкIэ игъашхэурэ).

3. Пщым Батыр игъэкIуэдын папщIэ сыт хуэдэ бзаджагъэхэр къыкIэлъызэрихьэрэ? (Сабийхэм къыжаIэж е тхылъым къыщагъуэтри къоджэ).

4. «Сэ пщы здэщыIэр псэупIэ схуэхъунукъым», – жиIэри Батыр мэзым щIыхьэжащ. Сыт апхуэдэу щIыжиIар Батыр? (Пщыр езым нэхърэ нэхъ лъэщ щыIэну зэрыхуэмейр Батыр къыгурыIуат).

**VI. ЕгъэджакIуэр етIуанэ Iыхьэм къахуоджэ, упщIэхэмкIэ зэпкърах:**

1. Мэзым гъусэ къыщыхуэхъуа щIалитIым япщэфIыр дэнэ кIуэрэт икIи сытыт абыхэм щхьэусыгъуэ ящIыжыр? (Уэзрэдж – ябгэм яфIишхыжырт, ауэ ар жаIэн укIытэрти я ныбэ, я щхьэ узауэ жаIэрт)

2. Батыр и пщэфIэгъуэм Уэзрэдж – ябгэм сыт ирищIар? (ЖьакIэкIэ жыгым ирипхащ).

3. Псысэм и етIуанэ Iыхьэр дауэ иухрэ? (Уэзрэдж – ябгэм жыгыр иричри, и жьакIэм кIэрыщIауэ, илъэфри кIуэжащ.).

**VII. Унэ лэжьыгъэ:**

Псысэм и 1, 2 Iыхьэхэр къыжыIэжын; ягу ирихьа едзыгъуэм сурэт хуэщIын.

**VIII. Урокыр къэпщытэжын:**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## 4-нэ урок

Урокыр зытеухуар: «Мыщэ и къуэ Батыр»

Мурадыр: пэжыгъэр къуаншагъэм зэрытекIуэр ягурыгъэIуэн; псысэр къыжаIэжыфу егъэсэн; я гъэсэныгъэр ныбжьэгъугъэм, пэжыгъэм пщIэ хуащIыным хуэунэтIын.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын:**

Псысэм и япэ, етIуанэ Iыхьэхэр къыжаIэжын, сурэт ящIахэр къагъэлъагъуэурэ зытепсэлъыхьыр къыжаIэжын.

**II. ЕгъэджакIуэр III–IV-нэ Iыхьэхэм гъэхуауэ къахуоджэ, цIыкIухэр гупсэхуу щIэдэIуа нэужь, ар къазэращыхъуар жаIэ:**

**III. Словарнэ лэжьыгъэ:**

*джатэ – сэшхуэ; къыщыхуташ – къыщыщIидзащ щIыпIэ гуэрым; блащхъуэ кIийм еджэу – ину, шынагъуэу кIийуэ; мэпыхьэ – магъ; нэблагъэу щыхуежьэм – гъунэгъу щыхуэхъум; нэд – фэ къэп; щIэпхъаджэ – бзаджэ.*

**IV. УпщIэхэмкIэ псысэр зэпкърыхын:**

1. Батыр дауэ къигъуэта Уэзрэдж – ябгэр? (Батыр Уэзрэдж – ябгэм жыгыр зэрилъэфа лъэужьым тету кIуэурэ гъуэ дыджым хуэзащ).

2. Хъыджэбзхэмрэ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ мащэм къраха нэужь, сыт Батыр и гъусэхэм ящIар? (ЩIалитIым Батыр къыщалъагъум кIапсэр зэпаупщIри гъуэ дыджым къранащ.)

3. ТIы фIыцIэм щIы къатиблкIэ иридзыха нэужь, Батыр зыхуэзар сыт? Ар дауэ и хэкум къэкIуэжа? (Батыр щIы къатиблкIэ тIым иридзыха нэужь, блэ анэм хуозэри, ар къыдоIэпыкъу и хэку къэкIуэжынымкIэ.)

4. Бгъэжьым дауэ къыхуищIэжрэ Батыр хуищIар? Сыт хуэдэ псалъэжь къыхуэпхь хъуну мы Iыхьэм? («ФIым фIы къыпокIуэ». «Уи япэкIэ мывэ хъурей бгъажэмэ, уIуощIэж», «ФIы пщIэмэ фIы ухуэзэжынщ»).

5. Сыт Батыр и гъуситIым ярищIар? Фэ дауэ къыфщыхъурэ Батыр ищIар? (Батыр и гъуситIыр иукIащ, хъыджэбз нэхъыщIэр щхьэгъусэу къиишэри тхъэжу псэууэ къэнэжащ. Батыр лей къращIар яхуигъэгъуакъым щIалитIым.)

6. Батыррэ и гъуситIымрэ я хьэл – щэнхэм фыкъытепсэлъыхь. (Батыр цIыху щыпкъэщ, лIыгъэ хэлъщ, лей зымыгъэгъущ, и гъуситIыр нэпсейхэщ, лIыгъэншэхэщ.)

7. Сыт хуэдэ цIэ фIэпщ хъуну ещанэ, еплIанэ Iыхьэхэм? («Iей пщIауэ фIым ущымыгугъ», «Лейр гъуркъым», «Батыр текIуащ», н. къ.)

**V. Унэ лэжьыгъэ.**

Ещанэ, еплIанэ Iыхьэхэр къыжыIэжын; ягу ирихьа едзыгъуэхэм сурэт хуэщIын.

**VI. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## 5-нэ урок

Урокыр зытеухуар: «Сосрыкъуэ дунейм къытохьэ»

Мурадыр: нарт эпосым цIыкIухэр щыгъэгъуэзэн; нэхъыжьым ечэнджэщыным, абыхэм я Iущагъыр къэгъэсэбэпыным фIыгъуэ куэд зэрыхэлъыр къагурыгъэIуэн; я еджэкIэм, я бзэм зегъэужьын.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ зэпсэлъэныгъэ.**

ЕгъэджакIуэм нартхэм ятеухуауэ цIыкIухэм я щIэныгъэр къихутэн папщIэ, упщIэ зыбжанэ ярет:

1. ЦIыкIухэ, сыт хуэдэ жанр адыгэ IуэрыIуатэм хыхьэхэр?

(Уэрэдхэр, псалъэжьхэр, къуажэхьхэр, таурыхъхэр, нарт эпосыр, псынщIэрыпсалъэхэр, къебжэкIхэр.)

2. IуэрыIуатэм и жанр цIыкIу къэс къаIуатэр дигу къэдывгъэгъэкIыжыт.

*Псалъэжьхэр* цIыхубэм ищIэ Iущыгъэхэр кIэщIу къызэриIуатэ псалъэ, ущие щытыкIэ иIэу.

*Къуажэхьхэр* предметым и цIэр иримыIуэу, ауэ ар зэщхьымкIэ, къызэрагъэсэбэпымкIэ къэтщIэн хуейуэ къытхуэзыгъэув джэгукIэщ.

*Таурыхъхэр* жьэрыIуатэу къагъэсэбэп рассказ цIыкIу гъэсэныгъэ мыхьэнэ иIэу.

*Эпос* – лIыхъужьыгъэм теухуа хъыбар.

3. IуэрыIуатэм и жанр цIыкIухэр псори ди лъэпкъым и тхыдэм щыщ Iыхьэщ. Ахэр адыгэ лъэпкъым и псэукIам и щыхьэт нахуэщ, ауэ мы жанр цIыкIухэм щыщу, фэ дауэ фегупсысрэ, дэтхэнэра нэхъ убгъуауэ адыгэ лъэпкъым и тхыдэр къэзыIуэтэжыр?

(Нарт эпосыращ. Ар адыгэхэм яхэлъа цIыхугъэм, хьэлэлыгъэм, лIыхъужьыгъэм, лIы бланагъэм и фэеплъщ.)

4. ЦIыкIухэ, дауэ къыфщыхъурэ, сыт нобэ дыстелэжьыхьынур?

(Нарт эпосым.)

5. Нарт эпосым и лIыхъужьхэу фщIэхэр къевбжэкI.

(Сосрыкъуэ, Ашэмэз, Лъэпщ, Сэтэней, Бадынокъуэ.)

6. Хэт къыджиIэн нартхэр сыт лъэпкъми?

(Нартхэр – адыгэ лъэпкът, тенджыз Iуфэм Iусу щытащ. Ахэр сыт щыгъуи фIым и телъхьэт, лIыгъэ яхэлът, къарууфIэхэт, акъыл жан зиIэ цIыхухэт. Ахэр щIыгум елэжьт, хэкур яхъумэт, лIыхъужьыгъэ зэрахьэт.)

(Нартхэм ятеухуа сурэтхэр ягъэлъагъун).

7. Сыт хуэдэ нарт хъыбархэр фщIэрэ?

(«Сосрыкъуэ мафIэ къызэрихьар», «Сосрыкъуэ нарт хасэм зэрыкIуар», н.къ.)



**III. «Сосрыкъуэ дунейм къытохьэ» хъыбарым егъэджакIуэр къахуоджэ, словарнэ лэжьыгъэ ирегъэкIуэкI:**

*адрыщI – псым адэкIэ къыщылъ щIы;*

*мывэджей – мывэ захуэ, джафэ;*

*куэнсапIэ – хур яужьгъа нэужь къытекI напIэ (просяная шелуха, мякина);*

*ужьгъэн – хумрэ куэнсапIэмрэ зэхэгъэкIын (рушить просо);*

*шэхудэ – шэху зыщIэзыфа щэкI;*

*афэ – жырым къыхэщIыкIа джанэ (доспех);*

*сыдж – гъущIым щелэжькIэ зытраубыдэ (наковальня).*

**IV. УпщIэхэмкIэ тхыгъэр зэпкърыхын:**

1. Псыжь Iуфэ Iусу Сэтэней сыт гу зылъитар?

(Сэтэней Псыжь Iуфэ здыIусым нартхэ я жэмыхъуэр псым къызэримыкIыфым гу лъитащ.)

2. Сэтэней мывэджейр дауэ ихъума?

(Мывэр шэхудэм кIуэцIилъхьэри чейм ирилъхьэжащ.)

3. Сыт Лъэпщ игъэщIэгъуар?

(Лъэпщ мывэр щилъагъум игъэщIэгъуащ: дэп жьэражьэти, уеIусэ хъутэкъым.)

4. Сосрыкъуэ дауэ къэхъуа? Абы и пкъыр дауэ жыр хъуа?

(Лъэпщ мывэр сыджым трилъхьэри щызэгуиудым щIалэ цIыкIу къыдэкIащ мывэм. Дэп жьэражьэти, Лъэпщ абы и куэпкъыр IэдэкIэ иубыдри псым блэнейрэ хищIэри игъэупщIыIуащ. Сосрыкъуэ и Iэпкълъэпкъыр IэдэкIэ иубыдам нэхъ къэмынэу жыр хъуащ.)

УпщIэхэм жэуап ирата нэужь, хъыбарыр зы еджакIуэм къыжеIэж.

**V. Бзэм зегъэужьын:**

Партэ къэс карточкэ телъщ псалъэхэр иту. ЗэпартэгъухэрзэдэIэпыкъуурэ а псалъэхэм псалъэуха къыхащIыкI. Псалъэухахэм ахэр къоджэж.

Карточкэм ит псалъэхэр:

*1. Нэмысышхуэ, Сосрыкъуэ, зыхэлъ, нарт, лIыхъужьщ.*

*(Сосрыкъуэ нэмысышхуэ зыхэлъ нарт лIыхъужьщ).*

*2. ГъукIэ, Лъэпщ, я, Iэззэт, нартхэм.*

*(Лъэпщ нартхэм я гъукIэ Iэззэт).*

*3. ЦIыхугъэшхуэ, Iущщ, Сэтэней, зыхэлъщ.*
*(Сэтэней цIыхугъэшхуэ зыхэлъщ, Iущщ).*
ЕджакIуэхэр псалъэухахэм къоджэжри, упщIэм жэуап ират:
– Сыт хуэдэ хьэл-щэн дахэхэр яхэлът нартхэм?
(ЛIыгъэ, нэмыс, Iэзагъ, цIыхугъэ, Iущагъ.)
**VI. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**
– Нарт лъэпкъым теухуауэ сыт къэфщIа нобэрей ди дерсым?
(Нарт лъэпкъыр сыт щыгъуи фIым и телъхьэт, Iущт, лIыгъэ, нэмыс зыхэлъ лъэпкът.)
– Мы хъыбарым сыт дызыхуигъасэр?
(Нэхъыжьым уечэнджэщыным, лIыгъэ, нэмыс, Iущагъ пхэлъыным фIыгъуэ куэд зэрыхэлъым.)
**VII. Унэ лэжьыгъэ:**
Хъыбарым гъэхуауэ къеджэн, зытепсэлъыхьыр къыжыIэжын.
**VIII. Урокыр къэпщытэжын**
ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## 6-нэ урок

Урокыр зытеухуар: «ЛIыжь цIыкIумрэ Дыгъужьыжьымрэ»
Мурадыр: цIыкIухэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэн; я бзэм, я еджэкIэм зегъэужьын; гущIэгъуншагъэмрэ бзаджагъэмрэ зэрыщэн Iейр я гупсысэм нэгъэсын.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**
**II. ТемэщIэм хэзышэ зэпсэлъэныгъэ.**
1. Таурыхъхэр зэригуэш гупхэр жагъэIэн цIыкIухэм. Псэущхьэхэм ятеухуа псысэхэр адрейхэм къазэрыщхьэщыкIыр ягу къэгъэкIыжын.
2. Псэущхьэхэм ятеухуауэ зэджа псысэхэр ягу къагъэкIыж. Абыхэм дыгъужьыр, бажэр, мыщэр къызэрыщыгъэлъэгъуам гу лъатэ: дыгъужьыр – бзаджэу, бажэр – хьилэшыуэ, мыщэр – къарууфIэу, лъэщу.
**III. ЕгъэджакIуэр таурыхъым удихьэхыу къахуоджэ, цIыкIухэм ар зытепсэлъыхьыр кIэщIу къыжаIэж.**
**IV. Словарнэ лэжьыгъэ:** *нэд – къэп, мэшоку; Iэмалшы – сыт щыгъуи хэкIыпIэ къэзыгъуэт.*
**V. УпщIэхэмкIэ тхыгъэр зэпкърыхын:**
1. Дауэ зэхуэза ЛIыжь цIыкIумрэ Дыгъужьымрэ?
(ЛIыжь цIыкIум нартыху трисауэ къыздэкIуэжым, мэзым щакIуэхэм къыщIахуа Дыгъужьыжьыр къыхуэзащ.)
2. ЛIыжь цIыкIум сыт хуищIар Дыгъужьым?
(Дыгъужьыжьыр ажалым къригъэлащ.)
3. Ар зэхищIыкIауэ пIэрэ Дыгъужьым?
(ЗэхищIыкIакъым. Абы ЛIыжь цIыкIур ишхыну пылъащ.)
4. Дауэ къела ЛIыжь цIыкIур Дыгъужьым?
(Бажэ цIыкIум кърригъэлащ. Абы хьилагъэкIэ Дыгъужьыжьыр нэдым иригъэпщхьэжри и щхьэри быдэу япхэжащ.)
5. Мы псысэм Бажэ цIыкIур сыт хуэдэу къызэрыхэщыр? Дыгъужьыр – щэ?
(Бажэр хьилэщ, ауэ гущIэгъу иIэщ. Дыгъужьыр бзаджэщ, гущIэгъуншэщ.)
6. ГъащIэм ущрихьэлIэу пIэрэ апхуэдэ хьэл – щэн зиIэ цIыху? Сыт хуэдэ хьэл – щэн цIыхум хэлъын хуэмейуэ мы псысэм и лIыхъужьхэм ядэтлъагъурэ?
(Бзаджагъэр, гущIэгъуншагъэр яхэлъын хуейкъым цIыхухэм.)
**VI. Бзэм зегъэужьын.**
1. РолкIэ къыжагъэIэжын таурыхъыр.
2. «Iей пщIауэ фIы ущымыгугъ» псалъэжьым и мыхьэнэр дауэ къывгурыIуэрэ? Мы таурыхъым хэт лIыхъужьхэм щыщу псалъэжьыр хэт зыхужыпIэ хъунур? Сыт ар дыгъужьым щIыхужытIэр?
**VII. Урокыр къызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**
– Таурыхъым хэт лIыхъужьу сигу ирихьар ... .
– Абыхэм я хьэл – щэн дахэу сэ зыхэслъхьэну сыхуейщ ... .

**VIII. Унэ лэжьыгъэ.**

Таурыхъыр къыжыIэжын. Таурыхъым псалъэжьхэр къыхуэхьын.

**IX. Урокыр къэпщытэжын.**

## 7-нэ урок

Урокыр зытеухуар: «Адыгэ шыпсэхэр»

Дерс – зэпеуэ (Урок – КВН)

Мурадыр: еджакIуэ цIыкIухэм IуэрыIуатэм теухуауэ я щIэныгъэм хэгъэхъуэн; сабийхэм таурыхъхэм фIыр, дахэр къыхахыфу, ди блэкIам пщIэ хуащIу, я бзэр фIыуэ ялъагъуу гъэсэн; я бзэм зегъэужьын.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. ЕджакIуэхэр урокым хуэгъэхьэзырын: урокыр зытеухуар, мурадыр яжеIэн.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

- Сыт IуэрыIуатэкIэ зэджэр?
- Сыт хуэдэ жанр цIыкIу хыхьэхэр IуэрыIуатэм?
- Таурыхъхэр сыт хуэдэ гупхэу игуэшрэ?
- Псэущхьэхэм ятеухуа таурыхъкIэ сыт дызэджэр? Щапхъэ къэфхь.
- Удыгъэ зыхэлъ таурыхъкIэ сыт дызэджэр? Щапхъэ къэфхь.
- ЦIыхухэм я зэхущытыкIэм теухуа таурыхъкIэ сыт дызэджэр? Щапхъэ къэфхь.

ЦIыкIухэм я жэуапхэр къызэщIэкъуэжын. IуэрыIуатэ жыхуаIэр, абы хыхьэ жанрхэр, абыхэм ди гъащIэм щIыпIэшхуэ зэрыщаубыдыр еджакIуэхэм къагурыгъэIуэн. Таурыхъхэм ауэ дагъэдыхьэшх къудейуэ щымыту, атIэ фIым дыхуагъасэу, даущийуэ зэрыщытыр цIыкIухэм зыхагъэщIэн.

**III. Зэпеуэр егъэкIуэкIын.**

ЕджакIуэхэм гупитIу загуэш.



**1. Сыт хуэдэ псысэм щыщ мы псалъэхэр?**

| I гуп | II гуп |
|---|---|
| а) «... Уэзрэдж-ябгэм фIыгъуэрэ дыщэу иIэр къикIыжыпIэм кърихьэлIащ» («Мыщэ и къуэ Батыр») | а) «- Сызыхуейр усшхынущ! – жиIэри Дыгъужьыжьым и дзэлыфэр къыхуитIащ». («ЛIыжь цIыкIумрэ Дыгъужьымрэ») |
| б) «... Мывэджейр унэм къыздихьащ Сэтэней, цы Iуданэ къришэкIри куэнсапIэм хилъхьащ». («Сосрыкъуэ дунейм къытохьэ») | б) «... Къуэ кIасэр щIым телэжьыхьурэ бей хъури и къуэшитIри зришэлIэжащ» («Пхъуантэ фIыцIэжь») |

**2. Къуажэхьхэр къафщIэ. А псэущхьэхэр хэту сыт хуэдэ псысэхэр фщIэрэ?**

| | |
|---|---|
| Мэл кIапэ ещэу мэз псэущхьэ. (Дыгъужь) | Зи кIэр зылъэфу, зи фэр зи бий. (Бажэ) |

Дыгъужь, бажэ хэту псысэ нэхъыбэ къезыбжэкIкIэ зэпоуэ. Абыхэм я хьэл-щэнхэр къыжаIэ.

**3. Хэт нэхъ псынщIэу?**

ГупитIри доскам и гъунэгъуу мэув. Япэ итхэм мелыр яIыгъщ. ЕгъэджакIуэм и унафэкIэ цIыкIухэм тхэн щIадзэ. ЕджакIуэ къэс псэущхьэхэм я зы пкъыгъуэ ятх.

I гупым – джэд ятх II гупым – адакъэ ятх.

**4. Псысэ дызэджахэм сыт хуэдэ псалъэжьхэр къахуэпхь хъуну?**

Гупхэм чэзуурэ псалъэжьхэр жаIэ, псысэ зэхьэлIахэр ягъэбелджылыурэ. Псалъэм папщIэ, «Насыпыншэм, махъшэм тесми, хьэ къодзакъэ». «ФIым фIы къыпокIуэ». «ФIы пщIэмэ фIы ухуэзэжынщ». («Мыщэ и къуэ Батыр»).

«Iей пщIауэ фIым ущымыгугъ». «Уи япэкIэ мывэ хъурей бгъажэмэ, уIуощIэж» («ЛIыжь цIыкIумрэ Дыгъужьыжьымрэ»).

«Улажьэмэ, лыжь пшхынщ», «Уи гуащIэкIэ къэблэжьыр IэфIщ» («Пхъуантэ фIыцIэжь»).

**IV. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

ЕгъэджакIуэм иджыри зэ яжреIэ IуэрыIуатэр цIыхубэм къазэрыдэгъуэгурыкIуэр. IуэрыIуатэм шыпсэхэри, псалъэжь-

хэри, къуажэхьхэри, псынщIэрыпсалъэхэри, уэрэдхэри, хъуэхъухэри зэрыхыхьэр. IуэрыIуатэм шыпсэ куэд зэрыхэтыр, абыхэм цIыхухэм я зэхущытыкIэр, я хьэл – щэнхэр пэжу къызэрыщыгъэлъэгъуар. Шыпсэхэм Iеймрэ фIымрэ щызоныкъуэкъу, Iэмал имыIэуи фIыр Iейм токIуэ.

ЕгъэджакIуэр тхылъымкIэ къахуоджэ тхакIуэ ин Максим Горькэм ди адыгэ псысэхэр игъэщIагъуэу итхам.

**V. Унэ лэжьыгъэ.**

Максим Горькэм и псалъэхэр гукIэ зэгъэщIэн. Зэджахэм щыщу нэхъ ягу ирихь псысэм сурэт хуэщIын.

**VI. Урокыр къэпщытэжын.**

Зэпеуэ екIуэкIам уасэ етын. Гуп текIуам фIыщIэ хуэщIын, темыкIуахэри гъэгушхуэн. НэхъыфI дыдэу лэжьахэм я цIэр къиIуэн.



## БЖЬЫХЬЭ

*Природэм, дыкъэзыухъуреихь дунейм теухуа тхыгъэхэр щебгъэджым деж, къапщтэмэ гъэм и зэманхэм теухуа темэхэр, тегъэщIапIэ пщIынур уи нэгу щIэкIар, плъэгъуар, узыкIэлъыплъарaщ. Дунейм и дахагъыр, и щытыкIэр ябгъэджын и пэ зыплъыхьакIуэ пшэн хуейщ цIыкIухэр, ар зыхебгъэщIэн папщIэ.*

*«Бжьыхьэ» темэр щаджкIэ егъэджакIуэм сабийхэр кIэлъегъэплъ бжьыхьэпэм, бжьыхьэкум, бжьыхьэкIэм. ЦIыкIухэм проектнэ лэжьыгъэхэр ягъэзащIэ: зэхуахьэс тхьэмпэ цIыкIухэр, къуажэхьхэр, псалъэжьхэр; бзу хуабапIэм лъэтэжхэм, ди щIыпIэм къанэхэм, цIыхухэм я лэжьыгъэм, езы цIыкIухэм ялэжьым теухуауэ тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр. Сочиненэ цIыкIухэр ятх, усэ цIыкIухэр зэхалъхьэ. А псоми щIэщыгъуэ ящищIынущ яджыну урокхэр.*

## 8-нэ урок

Урокыр зытеухуар: Тхьэгъэзит Зубер «БжьыхьэкIэ»

Мурадыр: гъэм и зэманхэмкIэ яIэ зэхэщIыкIым хэгъэхъуэн; цIыкIухэр бжьыхьэм и нэщэнэхэм кIэлъыплъыфу егъэсэн; тхыгъэм нэхъыщхьэр къыхагъуэтэфынымкIэ я зэфIэкIхэм хэгъэхъуэн; я бзэм, я еджэкIэм зегъэужьын.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

1) УпщIэхэм жэуап етын:

– Сыт хуэдэ гъэм и зэман екIуэкIыр? (Бжьыхьэ)

– Бжьыхьэр къызэрысар дауэ къатщIэрэ? (Бжьыхьэм и нэщэнэхэр кърабжэкI).

– Бжьыхьэ мазэхэр къыжыфIэ. Дауэ адыгэбзэкIэ зэреджэр абыхэм? (Сентябрь – фокIадэ, бжьыхьэпэ; октябрь – жэпуэгъуэ, бжьыхьэку; ноябрь – щакIуэгъуэ, бжьыхьэкIэ).

2) Бжьыхьэм кIэлъыгъэплъын цIыкIухэр.

Карточкэ ятын бжьыхьэм и нэщэнэ зэхуэмыдэхэр зыхэт усэ Iыхьэ цIыкIухэр иту. ЦIыкIухэм бжьыхьэм и нэщэнэу усэм хэтхэр къагъуэтри доскам ит таблицэм иратхэ.

**Карточкэхэр:**

*1. Фэхъуэжу уафэм зеуфэ,*
*Ди дыгъэм и фэр пихуащ,*
*Махуэ кIыхь хуабэу щытахэр*
*КIэщIу, щIыIэбжьу къэнащ.*
*(Елбэрд Хь.)*

*2. ДаIуэт ...уи гугъэнущ*
*Хъуа дунейр щхьэхынэ*
*Iэпэр щIэуагъэнущ -*
*Щымщ къуалэбзу пшынэр.*
*(Гъубжокъуэ Л.)*

*3. Бжьыхьэр къихьащи кърухэр*
*ХуабапIэ жыжьэм мэлъэтэж...*
*(Хьэкъун И.)*

*4. Жыгхэм загъэсысри*
*ПщIащэр бацэу япхъыр ...*
*(Гъубжокъуэ Л.)*

*5. Гъэмахуэ щыгъынхэри*
*ЦIыхум щахыжащ.*
*Нэщхъеирей бжьыхьэми*
*Зыкъыхуахуэпащ.*
*(ЩоджэнцIыкIу А.)*

*6. Бжьыхьэр напщIэуфэми,*
*ИкъукIэ берычэтщ,*
*Мэкъуи, мэши, гуэдзи –*
*Псори и хьэзырщ.*
*(ЩоджэнцIыкIу А.)*

| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
|---|---|---|---|---|---|
| Уафэм пшэхэр къытохьэрей; махуэхэр нэхъ кIэщI, нэхъ щIыIэ хъуащ. | Бзу цIыкIухэр бзэрэбзэжкъым; | Къуалэбзухэр хуабапIэм мэлъэтэж | Жыгхэм тхьэмпэхэр къапохуж | ЦIыхухэм хуабэу захуэпэжащ | Бжьыхьэм псоми лэжьыгъэхэр кърахьэлIэж; щIымахуэм зыхуагъэхьэзыр |

Бжьыхьэм и нэщэнэхэм иджыри зэ къоджэж, щIагъэбыдыхьыжын папщIэ.



**III. ЕджакIуэ цIыкIухэр урокым щаджыным нэIуасэ хуищIа нэужь, егъэджакIуэм сабийхэр Тхьэгъэзит Зубер и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ щегъэгъуазэ.**

Тхьэгъэзит Зубер Мухьэмэд и къуэр Къэбэрдей – Балъкъэрым щыщ Тэрч къыщалъхуащ. Абы и япэ усэхэр 1952 гъэм къытридзащ. Абы лъандэрэ Зубер тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIащ.

Тхьэгъэзит Зубер Российскэ Федерацэм и тхакIуэхэм я Союзым хэтщ. Ар илъэс куэдкIэ Iутащ Къэбэрдей – Балъкъэрым и тхакIуэхэм я Союзым и Председатель IэнатIэм.

Зубер Къэбэрдей – Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэщ.

**IV. Тхьэгъэзит Зубер и усэ «БжьыхьэкIэ» гъэхуауэ егъэджакIуэр къахуоджэ, словарнэ лэжьыгъэ ирегъэкIуэкI:**

*къэптал – адыгэ цейм и щIагъым щIалъхьэ щыгъын щIыIутелъ;*

*кхъахэ – жьы дыдэ; чэсей – щэкI хужь лIэужьыгъуэ.*

**V. ЦIыкIухэр зэрызэ езыр-езыру къеджа нэужь, усэр упщIэхэмкIэ зэпкърах:**

1. Гъэм и зэманхэу гъатхэм, гъэмахуэм, бжьыхьэм я теплъэхэр дауэ къигъэлъэгъуа авторым? (Гъатхэ щхъуантIэ; гъэмахуэ гъущэ; бжьыхьэ уэлбанэрилэ).

2. Сыт губгъуэр щIэпцIанэр? (Лэжьыгъэхэр псори кърахьэлIэжащ. Удзхэр гъужащ.)

3. Сыт хуэдэ щыгъын зи гугъу ищIыр усакIуэм? (Уэс иджыри къесакъым).

**VI. Бзэм зегъэужьын.**

1. Псэ зыIумыт предметхэр псэ зыIутым хуэдэу усэм къыщыгъэлъэгъуа щIыпIэхэр къэгъуэтын.

2. Тхылъым бжьыхьэм теухуауэ ит псалъэжьхэм я мыхьэнэр убзыхун.

3. Тхылъым ит нэщэнэхэр зэпкърыхын.

**VII. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

– Дэ нобэ къэтщIащ бжьыхьэм и нэщэнэхэу ... .

– Гъэм и зэманиплIым щыщу сэ нэхъ сфIэфIщ ... .

Сабийхэм ягурыгъэIуэн гъэм и зэману хъуар езым яхуэфащэу зэрыдахэр, икIи а дахагъэр хъумэн зэрыхуейр.

**VIII. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэм гъэхуауэ къеджэн; псалъэжьхэр гукIэ зэгъэщIэн.

**IX. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.



## НЫБЖЬЭГЪУГЪЭ

### 9-нэ урок

Урокыр зытеухуар: Шорэ Ахьмэд «Урысыбзэр упсэуж»

Мурадыр: еджакIуэхэм «ныбжьэгъугъэ» псалъэм и мыхьэнэр зыхагъэщIэн; ныбжьэгъуфIым и хьэл – щэнхэм щыгъэгъуэзэн; ныбжьэгъугъэ зэхущытыкIэу яIэм зегъэубгъун; нэгъуэщI лъэпкъхэм пщIэ хуащIу щытыным я гъэсэныгъэр хуэунэтIын; я бзэм, я еджэкIэм зегъэужьын.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

1. Шорэ Ахьмэд и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ нэIуасэ хуэщIын.

Шорэ Ахьмэд 1942 гъэм Али – Бэрдыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Къэрэшей – Черкес пединститутыр къиуха нэужь, «Ленин нур» («Чэркес хэку») газетым и корреспонденту, иужькIэ отделым и унафэщIу, ответственнэ секретару лэжьащ. Иджы Ахьмэд мэлажьэ «Лэгъупыкъу» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэу.

Шорэ Ахьмэд сабийхэм папщIэ усэ куэд итхащ, тхылъ зэмылIэужьыгъуэхэри къыдигъэкIащ. ТхакIуэм и тхыгъэхэм къыхощ хэкум, сабийхэм, цIыхухэм фIылъагъуныгъэу хуиIэр.

2. АдэкIэ ди дерсым пысщэну сыхуейт мы хъыбарымкIэ (притча).

*ЩыIат, псэуат зы хъыджэбз Лъагъуныгъэ и цIэу. Абы и закъуэ псэуныр зэшыгъуэ къыщыхъури илъэсищэ зи ныбжь лIыжь Iущым и деж кIуэри елъэIуащ:*

*– Дадэ, къыздэIэпыкъу гъащIэу сиIэм си ныбжьэгъун къыхэсхынущи.*

*ЛIыжьым къыжриIащ:*

*– Пщэдей жьыуэ, япэ бзу цIыкIухэм уэрэд жыIэн зэрыщIадзэу, уэсэпсыр мыгъущу си деж къакIуэ.*

*Пщэдджыжьым хъыджэбзыр лIыжьым и деж къэкIуащи, елъагъу хъыджэбзитху зыр зым нэхърэ нэхъ дахэжу щыту.*

*– Къахэх, – жеIэ лIыжьым. – Зыр – ГуфIэгъуэщ (радость), адрейр – Нэщхъейщ (грусть), ещанэр – Дахагъэ (красота), еплIанэр – ЩхьэкIуэ (обида), етхуанэр – Ныбжьэгъугъэщ (дружба).*

*– Псори дахэ защIэщ, ауэ къахэсхынур сщIэкъым.*

*– Пэжщ жыпIэр. Абыхэм уэ иджыри уапэщIэхуэнущ уи гъащIэм, ауэ иджыпсту зы къахэх.*

*Хъыджэбзыр нэхъ гъунэгъуу ябгъэдыхьэри я нэгум иплъащ, икIи хэгупсысыхьащ...*

– ЦIыкIухэ, фэ хэт къахэфхынур? Сыту?

(Ныбжьэгъугъэрщ, сыту жыпIэмэ ныбжьэгъуншэу гугъущ упсэуну.)

*Сабийхэм жэуап къата нэужь, егъэджакIуэм притчэм пещэ:*

*... Хъыджэбзыр кIуатэри Ныбжьэгъугъэм и Iэпэр быдэу иубыдащ.*

– Хэт ныбжьэгъукIэ узэджэ хъунур? (ЦIыкIухэм жэуап къат).

– Ныбжьэгъугъэм сыт лъабжьэ хуэхъур? (ЦIыхугъэ, щабагъэ, пщIэ хуэщIын, бэшэчагъ, акъыл, пэжагъ.)

**III. Шорэ Ахьмэд и усэ «Урысыбзэр упсэуж» жыхуиIэм гъэхуауэ къахуеджэн, и купщIэ нэхъыщхьэр цIыкIухэм жагъэIэн.**

**IV. Словарнэ лэжьыгъэ:**

*нэкIу тхъуэплъ – нэкIу плъыжь; фIурылъыр – фызэрыпсалъэр.*

**V. ЦIыкIухэр усэм иджыри зэ къеджа нэужь, упщIэхэмкIэ тхыгъэр зэпкърах:**

1. Усэм зи гугъу ищI лъэпкъхэр къевбжэкI. (Урыс, адыгэ, абазэ, къэрэшей, нэгъуей.)

2. СыткIэ а лъэпкъхэр зэщхьэщыкIрэ? (Я бзэхэмкIэ.)

3. Дауэ зэгурыIуэхэрэ лъэпкъ зэхуэмыдэхэр? (УрысыбзэкIэ.)

4. Лъэпкъыбзэм сыт хуэдэ мыхьэнэ щиIэ ди гъащIэм? (Лъэпкъыр зыгъэлъэпкъыр бзэрщ. Бзэр щымыIэжмэ, лъэпкъри щыIэжынукъым.)



5. Урысыбзэм ди гъащIэм сыт хуэдэ мыхьэнэ щиIэр? (Лъэпкъ псори зэпызыщIэр урысыбзэращ.)

6. Сыт мы усэм и купщIэ нэхъыщхьэр? (Лъэпкъ куэд зэрыщыIэр, икIи дэтхэнэ лъэпкъми и дахагъ, и фIагъ зэриIэжырщ.)

7. Лъэпкъ зэхуэмыдэхэр зэгурыIуэу зэдэпсэуным сыт лъабжьэ хуэхъур? (Ныбжьэгъугъэрщ.)

8. Ныбжьэгъур дэнэ къыщыдгъуэтрэ? (ЕджапIэм, лэжьапIэм, джэгупIэхэм, зыгъэпсэхупIэхэм.)

**VI. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

***ЕгъэджакIуэм.*** Сэ сыхуейт иджыпсту дызэдэлэжьэну, ныбжьэгъугъэм и унэ зэдэдухуэну. УхуакIуэ бригадэм гупищу загуэшри япэ гупым унэ лъабжьэр, етIуанэ гупым чырбышхэр, ещанэ гупым унащхьэр ягъэхьэзыр.

– Унэм лъабжьэ иIэн хуейщ. Япэ гупым лъабжьэр вгъэув. (Япэ гупым «ныбжьэгъугъэ» псалъэр ятхри доскам магниткIэ кIэрагъапщIэ)

– Унэ тщIыным щхьэкIэ чырбыш дыхуеинущ, чырбышым и пIэкIэ дэ псалъэхэр къэдгъэсэбэпынущ. ЕтIуанэ гупым чырбышхэр зэтефлъхьэ, а унэм щIэсыну лъэпкъхэм я цIэхэр къэвгъэсэбэпурэ. (Сабийхэм лъэпкъыцIэхэр зэрыт тхылъымпIэ чырбышым хуэдэу щIахэр чэзуурэ къыдэкIыурэ «лъабжьэм» трагъэувэ).

| | |
|---|---|
| урысыбзэ | |
| урыс | адыгэ |
| абазэ | нэгъуей |
| къэрэшей | нэгъуэщI лъэпкъхэр |
| ныбжьэгъугъэ | |

– Ещанэ гупым унащхьэр тралъхьэ. («Урысыбзэ» псалъэр унащхьэ ящI).

**VII. Бзэм зегъэужьын.**

Ныбжьэгъугъэм, бзэм теухуа псалъэжьхэр къыжыIэн, абыхэм я мыхьэнэхэр убзыхун:

*Узэкъуэтмэ – улъэщщ.*

*Сомищэ нэхърэ ныбжьэгъуищэ.*
*Ныбжьэгъум и гулъытэр тIуащIэщ.*

**VIII. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэм гъэхуауэ къеджэфу зегъэсэн.

**IX. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## 10-нэ урок

Урокыр зытеухуар: ЩоджэнцIыкIу Iэдэм «Хьэнифэ»

Мурадыр: еджакIуэ цIыкIухэр гъэхуауэ къеджэфу егъэсэн; тхыгъэр зэрытха бзэм гу лъагъэтэн, я щIэныгъэм хэгъэхъуэн; тхыгъэм и лIыхъужьхэм я хьэл – щэнхэм уасэ иратыфу, фIымрэ Iеймрэ зэхагъэкIыфу егъэсэн; ныбжьэгъугъэр зэхащIэу, зыр зым дэIэпыкъуу щытыным я гъэсэныгъэр хуэунэтIын; нэпсеиныр, быдэу щытыныр зэрыщэн Iейр цIыкIухэм я гупсысэм нэгъэсын.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

Псалъэжьхэм цIыкIухэр щIэгъэдэIун:

*1) ФIы зыщIэ и пщIэ кIуэдкъым.*

*2) ФIы щIэи псым хэдзэ.*

*3) ЗэдэпщIэ щIэхщи, зэдэшхэ IэфIщ.*

– Дауэ къывгурыIуэрэ мы псалъэжьхэм я мыхьэнэр? (ЦIыкIухэм я гупсысэхэр къаIуатэ).

– Сыт мы псалъэжьхэр зы зыщIыр? (Ахэр псори фIы щIэным, зэгурыIуэныгъэм теухуащ).

– Дауэ къыфщыхъурэ, сыт нобэ дызэджэну тхыгъэр зытеухуар? (УзэгурыIуэу, узэдэIэпыкъуу пщIэ Iуэхур щIэхыу, фIыуэ зэрызэфIэкIым теухуащ).



**III. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и тхыгъэ «Хьэнифэ» гъэхуауэ къахуеджэн. ЦIыкIухэр гупсэхуу щIэдэIуа нэужь, рассказыр къазэращыхъуар жагъэIэн.

**IV. Словарнэ лэжьыгъэ егъэкIуэкIын:** *губгъэн щIын – емыкIу щIын, хуэмыарэзын.*

**V. УпщIэхэмкIэ тхыгъэр зэпкърыхын:**

1. Сыт еджакIуэ цIыкIухэм ящIэр? (Еджак1уэ ц1ык1ухэм школ жыг хадэр щ1ымахуэм хуагъэхьэзырт.)

2. Жанусэ сыт къыщIимыхьар зэрылэжьэн Iэмэпсымэ? (Жанусэ хадэм лэжьэну ищIатэкъыми, зэрылэжьэн Iэмэпсымэ къиихьатэкъым.)

3. Сыт Хьэнифэ белыр е жыхапхъэр Жанусэ щIримытар? (Хьэнифэ цIыху быдэт, нэпсейт.)

4. Дауэ къыфщыхъурэ Хьэнифэ и ныбжьэгъум зэрыхущытыр? (Хьэнифэ и ныбжьэгъум белыр е жыхапхъэр ириткъым, ар цIыхугъэншэщ.)

5. Хьэнифэ сыт хужыфIэфыну? Сыт хуэдэ хьэл – щэн Iей абы дэтлъагъур? (Хьэнифэ цIыху нэпсейщ, цIыхугъэншэщ, быдэщ.)

**VI. Тхыгъэр зэпкъраха нэужь, егъэджакIуэр йоупщI рассказыр сабийхэм ягу ирихьамэ. А тхыгъэ хьэлэмэтыр ди деж къэсынымкIэ фIыщIэр зейр зэры – ЩоджэнцIыкIу Iэдэмыр яжреIэ икIи щегъэгъуазэ тхакIуэм и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ.**

ЩоджэнцIыкIу Iэдэм Уэгъурлы и къуэр 1916 гъ. Къэбэрдей – Балъкъэрым щыщ Кушмэзыкъуей (Бахъсэн) къуажэм къыщалъхуащ. ИлъэсипщI и ныбжьу пэщIэдзэ еджапIэм щIотIысхьэри илъэсиплIкIэ щоджэ, иужькIэ Ленинскэ еджапIэм, итIанэ Налшык дэт пединститутым щоджэ. Ар къиуха нэужь, къуажэ школым, итIанэ пединститутым егъэджакIуэу щолажьэ.

ЩоджэнцIыкIу Iэдэм и усэ, прозэ тхылъ зыбжанэ къыдэкIащ. Iэдэм и тхыгъэхэр урысыбзэкIи къыщыдэкIащ Налшыки Москваи. Абы и тхыгъэхэм къыхощыр цIыхухэм зэхущытыкIэ дахэу яIэн хуейхэр.

**VII. Бзэм зегъэужьын.**

1) Ныбжьэгъу пэжыр зэрыщытын хуейм къытепсэлъыхьын.

2) Псалъэхэр гупитIу зэхэгъэкIын: япэ гупым хьэл – щэныфIхэр, етIуанэм – Iейхэр.

*Пэжыгъэ, Iущыгъэ, бзаджагъэ, захуагъэ, нэпсеигъэ, щэныфIагъэ, губзыгъагъэ, щIыкIей, хьэлэлыгъэ, быдагъэ.*

**VIII. Урокыр къызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ.**

– Сыт мы рассказым дызригъэгупсысыр?

– Хэт Хьэнифэрэ Жанусэрэ зи пIэ фыкъуихутэну фызыхуейр?

**IX. Унэ лэжьыгъэ.**

Рассказыр зытепсэлъыхьыр къыжыIэжын. Сочиненэ – зэрызыхуагъазэ цIыкIу тхын рассказым и лIыхъужьым хуэгъэзауэ (сочинение – обращение к главному герою рассказа).

**X. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.



# СИ ХЭКУ

*Мы темэмкIэ 2-нэ, 3-нэ классхэм Хэкум папщIэ ягъуэта щIэныгъэм хегъахъуэ. Нэхъ кууэ къагурегъаIуэ ди къэралыщхуэм, ди республикэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэр. Ди Къэрэшей – Черкес Республикэр зи щхьэ хущытыж къэралу зэрыщытыр: езым и гимн, и бэракъ, и герб зэриIэжыр.*

## 11-нэ урок

У р о к ы р  з ы т е у х у а р: Нэгумэ Шорэ «Ижь зэманым адыгэхэм я псэукIар»

М у р а д ы р: адыгэ лъэпкъым и тхыдэм цIыкIухэр щыгъэгъуэзэн; ди блэкIар, ди лъэпкъым и псэукIар яфIэгъэщIэгъуэн щIын; ди хабзэ дахэхэр ямыгъэкIуэдыным я гъэсэныгъэр хуэунэтIын.

У р о к ы м  и  е к I у э к I ы к I э р:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

1. Нэгумэ Шорэ адыгэ тхакIуэ, щIэныгъэлI цIэрыIуэщ. Шорэ зэхилъхьащ адыгэбзэм и япэ грамматикэр, «Адыгэ лъэпкъым и тхыдэр», зэхуихьэсыжащ пасэрей адыгэ уэрэдыжь, хъыбарыжь куэд. Нэгумэ Шорэ щIэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъа цIыхущ. И анэдэлъхубзэм нэмыщI, Шорэ ищIэрт урысыбзэр, хьэрыпыбзэр, тыркубзэр, персыбзэр, абазэбзэр.

2. Пасэм адыгэм я псэукIам теухуауэ цIыкIухэм я щIэхэр жагъэIэн.

**III. Нэгумэ Шорэ и «Ижь зэманым адыгэхэм я псэукIар»** тхыгъэм егъэджакIуэр къоджэ, цIыкIухэм нэхъ яфIэгъэщIэгъуэн хъуа Iыхьэхэр къыжаIэж.

**IV. Словарнэ лэжьыгъэ:**

Псалъэ гугъухэм я мыхьэнэхэм тхылъымкIэ кърегъаджэ. ЕгъэджакIуэм презентацэм ит сурэтхэмкIэ къагурегъаIуэ предметхэр зищIысхэр.

**V. Тхыгъэр къазэрагурыIуар гъэнэхуэн папщIэ, упщIэхэмкIэ текстыр зэпкърыхын:**

1. Сыт хуэдэ хьэл – щэн яхэлъу щыта адыгэхэм? (Адыгэхэр псэкIэ хьэлэлу, акъылыфIэхэу, бэшэчу щытахэщ.)

2. Адыгэ щыгъынхэм здытепсэлъыхьыр тхылъымкIэ къэвгъуэти фыкъеджэ. Иджы зэрахьэу пIэрэ апхуэдэ фащэхэр?

3. Адыгэхэм сыт хуэдэ Iэщэ – фащэхэр зэрахьэу щыта? (Бжы дыкъуакъуэ, джатэ, шабзэ, токъмакъ.)

4. Адыгэхэр хьэщIэкIэ фIыуэ зэрыщытар сыткIэ къатщIэрэ? (Дэтхэнэ адыгэ унагъуэми яIэу щытащ хьэщIэщ. Ар зэлъыIухат къабзэу, лей щIэмылъу, ауэ дэтхэнэ цIыхуми зыщигъэпсэхуфу.)

5. Адыгэхэр сытым елэжьрэт? (Адыгэхэр щIым елэжьт, бжьэ зэрахуэт, Iэщ ягъэхъут, псом хуэмыдэу шым пылъхэт.)

**VI. Бзэм зегъэужьын.**

«Адыгэм и хьэщIэр быдапIэ исщ» псалъэжьыр дауэ къывгурыIуэрэ?

(Тхыгъэр къагъэсэбэпурэ упщIэм жэуап ират.)

**VII. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

– Адыгэхэм я псэукIам щыщу сыт нэхъ фигу ирихьа?

– Дызэджахэм щыщу сыт хуэдэ хабзэфIхэр ди зэманым зэрахьэрэ?

**VIII. Унэ лэжьыгъэ.**

Рассказыр къыжыIэжын. Я унагъуэм щызэрахьэ хабзэхэм теухуа сообщенэ цIыкIу гъэхьэзырын.

**IX. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.



# 12-нэ урок

Урокыр зытеухуар: КIыщокъуэ Алим «Адыгэ хэку»

Мурадыр: еджакIуэхэм я щIэныгъэр хэгъэхъуэн; зыщалъхуа лъахэр, хэкур, лъэпкъыр фIыуэ ялъагъуу гъэсэн; усэ къеджэнымкIэ, ар зэпкърыхынымкIэ я зэфIэкIым хэгъэхъуэн.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ зэпсэлъэныгъэ.**

1. ЕгъэджакIуэм цIыкIухэр нэIуасэ хуещI урокым щаджыну тхыгъэм и авторым.

КIыщокъуэ Алим Пщымахуэ и къуэр адыгэ тхакIуэщ, усакIуэщ. Абы итхащ усэ купщIафIэ куэд. Алим и тхыгъэхэр и лъэпкъым, хэкум теухуащ. УсакIуэр сабийхэми балигъхэми яхуотхэр.

2. ЕгъэджакIуэм цIыкIухэм яжреIэ КIыщокъуэ Алим и тхыгъэхэм щыщу яджынур езыхэм къызэращIэфынур, кроссвордыр къащIмэ. ЕгъэджакIуэм кроссвордыр доскам къыфIелъхьэ, упщIэхэм къахуоджэ, жэуапхэр сабийхэм доскам къыдэкIыурэ ятх.

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| *1. Бзуунэ.* | | | | **а** | б | гъу | э |
| *2. Адэшхуэ.* | | | | **д** | а | д | э |
| *3. Мэз псэущхьэ.* | | | м | **ы** | щ | э | |
| *4. Пхьэщхьэмыщхьэ къызыпыкIэ.* | | ж | ы | **г** | | | |
| *5. Дунейр къэзгъэунэху.* | д | ы | гъ | **э** | | | |
| *6. Лэжьыгъэхэр къыздагъэкI щIыпIэ.* | | | | **х** | а | д | э |
| *7. Анэшхуэ.* | н | а | н | **э** | | | |
| *8. Предмет бжыгъэншэ.* | | | | **ку** | э | д | |

Кроссвордыр къащIа нэужь, цIыкIухэр къоджэ «Адыгэ хэку» псалъэ зэпхам.

**III. ЕгъэджакIуэм «Адыгэ хэку» уэрэдым цIыкIухэр щIегъэдэIу.** Уэрэдыр зэрыдахэм, уи гукъыдэжыр къызэриIэтым, ар зытеухуам къытопсэлъыхь.

**IV. Усэм гъэхуауэ къахуоджэри, словарнэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкI:**

*уэгу – уафэ; лъахэ – хэку; Iэшэлъашэ – щIыпIэ гъунэгъухэр; данэ – щэкI лъэпкъ; лъоIэс – нос; ябжьыфIэкIыу – яфIэкIыу.*

**V. ЕджакIуэхэр усэм езыр – езыру йоджэ, упщIэхэмкIэ тхыгъэр зэпкърах:**

1. Дауэ къывгурыIуэрэ хэку жыхуаIэр?

ЕгъэджакIуэм, цIыкIухэм я жэуапхэм щIэдэIуа нэужь, яжреIэ:

– Дызыщалъхуа, дызыщыпсэу щIыпIэм зэреджэр хэкущ. Дэ дыщопсэу Къэрэшей-Черкес республикэм. Ар ди хэку цIыкIущ. Российскэ Федерацэр ди хэкушхуэщ. Хэкум нэхърэ нэхъыфI щыIэкъым. Хэку зимыIэр тхьэмыщкIэщ. Адыгэ куэд хамэ къэралхэм щопсэу. Урыс – Кавказ зауэм и зэранкIэ абыхэм я хэкур ябгынащ.

2. Сыт усакIуэм и гур зыгъэиныр? (И хэкум и дахагъым, и беягъым ирогушхуэ, и гур егъэин.)

3. Сыт мы усэм и гупсысэ нэхъыщхьэр? (Адыгэ хэкур фIыуэ лъагъунырщ, хъумэнырщ, гъэдэхэнырщ.)

**VI. Бзэм зегъэужьын.**

1. Псалъэжьхэм я мыхьэнэр къыжыIэн. Хэт нэхъ псынщIэу ахэр гукIэ зэригъащIэми зэпегъэуэн.

- Хамэ хэку сыщытхъэ нэхърэ, си хэкужь сыщылIэ.
- Дыщэ унэ нэхърэ уи унэжь.
- Бзу пэтрэ абгъуэ ещI.

2. Псалъэхэм мыхьэнэкIэ япэщIэуэхэр къэгъуэтын:

*уафэ (щIылъэ); къалэ (къуажэ); зэщIоблэ (мэункIыфI); зэхешэ (зэхегъэкI).*

**VII. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

– Сыт хэкукIэ зэджэр? (ХэкукIэ йоджэ укъыщалъхуа щIыпIэм, уи сабиигъуэ IэфIыр здекIуэкIым, уздэпсэу щIыналъэм.)

– Хэкум дауэ ухущытын хуей? (Уи Хэкур фIыуэ плъагъун хуейщ.)

**VIII. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэм гъэхуауэ къеджэфу зегъэсэн. Сочиненэ цIыкIу тхын хэкум теухуауэ.



**IX. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## 13-нэ урок

**Урокыр зытеухуар: Республикэм и Гербыр, Республикэм и Бэракъыр, АбытIэ Владимир «Дыщыпсэу республикэр».**

Мурадыр: ди республикэм теухуауэ я щIэныгъэм хэгъэхъуэн; я бзэм, я зэхэщIыкIым зегъэужьын; еджакIуэм лъагъуныгъэу и хэкум хуиIэм хэгъэхъуэн.

### Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

Ди республикэм теухуауэ еджакIуэ цIыкIухэм я щIэныгъэр къэхутэн:

– Сыт ди Хэкушхуэм зэреджэр? (Российскэ Федерацэ.)

– Сыт хуэдэ республикэ дэ дыщыпсэур? (Российскэ Федерацэм хыхьэ Къэрэшей-Черкес Республикэм дыщопсэу.)

– Хэт ди республикэм и президентыр? (Ди республикэм и президентыр ...)

– Сыт хуэдэ лъэпкъхэр щыпсэурэ ди республикэм? (Ди республикэм щопсэу урысхэр, адыгэхэр, къэрэшейхэр, абазэхэр, нэгъуейхэр, нэгъуэщI лъэпкъхэм къахэкIахэри.)

– Сыт хуэдэ зэхущытыкIэ лъэпкъхэм я кум дэлъын хуейр? (Лъэпкъхэм я кум зэгурыIуэныгъэ, ныбжьэгъугъэ дэлъын хуейщ.)

– Урысей Федерацэм хуэдэ къабзэу ди республикэми иIэщ къалащхьи, ныпи, гимни. Сыт ди хэкум и къалащхьэм зэреджэр? (Ди хэкум и къалащхьэр Черкесскщ.)

– Ди хэкум и ныпым и теплъэр хэт къыджиIэн? (Ди бэракъыр теплъэгъуищу зэхэлъщ: ищхьэ дыдэр щхъуантIэщ, ику итыр – удзыфэщ, ищIагъыр – плъыжьщ.)

– Сыт гимн жыхуаIэр, икIи сыт щыгъуэ ар къыщеуэр? (Гимныр – къэрал уэрэдщ. Ар пщэдджыжь къэс радиокIэ, телевизоркIэ зэхыдох. Гимныр къоуэ къэрал Iуэху здызэрахьэ зэIущIэхэр къыщызэIуахкIэ, къэрал щIыхьыр зыхъумэу текIуэныгъэ къэзыхьа цIыхум и хьэтыркIэ.)

Сабийхэм я жэуапхэм щIэдэIуа нэужь, егъэджакIуэм ди республикэм и гербыр, ныпыр ярегъэлъагъу. Республикэм и Къэрал Бэракъыр, Гербыр зэрызэхэлъхэм я мыхьэнэр къагурегъаIуэ, Гимным щIегъэдэIу (урокым зыхуеину хъуар презентацэу гъэхьэзырауэ гъэлъэгъуэн).

**III. Тхылъым къеджэным и пэкIэ ди республикэм и щIыпIэ дахэхэм я сурэт ягъэлъагъун.**

Адыгэ усакIуэ АбытIэ Владимир и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ гъэкIэщIауэ яжеIэн.

АбытIэ Владимир Къадыр и къуэр 1937 гъэм Къэрэшей – Черкесым щыщ Али – Бэрдыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Къэрэшей – Черкес пединститутыр къиухри «Ленин нур» (иджы «Черкес хэку») газетым щылэжьащ, итIанэ Къэрэшей – Черкес радиокомитетми редактору щылэжьащ.

Владимир тхылъ щхьэхуэ зыбжанэ къыдигъэкIащ.

**IV. ЕгъэджакIуэр тхыгъэм Iыхьэ – IыхьэкIэ зэхэщIэгъуэу къахуоджэ.**

**V. Словарнэ лэжьыгъэ:** *хуабапIэ – хадэхэкI зэхуэмыдэхэр здыщагъэкI щIыпIэ (теплица).*

**VI. Тхыгъэр упщIэхэмкIэ зэпкърыхын:**

1. ТхакIуэм дауэ къигъэлъагъуэрэ ди Хэкум и блэкIар? (ТхакIуэм къегъэлъагъуэ зэгуэр ди щIыналъэр ину, бжьыфIэу, цIэрыIуэу щытауэ.)

2. Сыт ди республикэм зэреджэр? (Ди республикэм зэреджэр Къэрэшей – Черкесщ.)

3. Сыт хуэдэ лъэпкъхэр щыпсэурэ ди республикэм? (Ди республикэм щопсэу адыгэхэр, абазэхэр, урысхэр, къэрэшейхэр, нэгъуейхэр, нэгъуэщIхэри.)



4. СыткIэ къулей, цIэрыIуэ ди хэкур? (Ди хэкум иIэщ щIыпIэ дахэ куэд: Теберды, Домбай, Архъыз, Iэдииху. Ди щIыпIэм щыIэщ фирмэхэмрэ предприятиехэмрэ.)

5. ТхакIуэр сыткIэ къыфщыгугърэ еджакIуэ цIыкIухэм? (ЩIэныгъэ куу зэдгъэгъуэтынкIэ къытщогугъ.)

**VII. Бзэм зегъэужьын.**

1. Сочиненэ цIыкIу жьэрыIуатэу зэхэлъхьэн мы темэхэм ящыщ зыкIэ: «Си къуажэр», «Сыщалъхуа си Хэкур», «Къалащхьэ».

2. Хэкум теухуа псалъэжьхэр зэпкърыхын: «Хэти езым и Хэкур фIыуэ елъагъуж», «Бланэ щалъхуа йокIуэлIэж», «Уи Хэкур лъэщмэ – урогушхуэ».

3. ЦIыкIухэм езыхэм ящIэ псалъэжьхэри жаIэ.

**VIII. Урокыр къызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

– Российскэ Федерацэм хуэдэуи ди республикэм иIэщ ... (гимн, бэракъ, герб).

– Си Хэкур къулейщ ... (мэзхэмкIэ, бгыхэмкIэ, щIыпIэ дахэ куэдхэмкIэ).

**IX. Унэ лэжьыгъэ.**

Тхыгъэр зытепсэлъыхьыр къыжыIэжын.

**X. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## ЩIЫМАХУЭ

*ЩIымахуэм хухэха тхыгъэхэр егъэджакIуэм дэIэпыкъуэгъу хуэхъунущ гъэсэныгъэ Iуэхугъуэхэр къызэфIихынымкIэ, къэзыухъуреихь дунейр фIыуэ ялъагъуу гъэсэнымкIэ, тхыгъэхэми еджакIуэхэм я еджэкIэр ирагъэфIэкIуэнущ. «ЩIымахуэ» урокыр зытеухуар джыным щIадзэным ипэ кIэлъыплъынытъэхэр егъэкIуэкIыпхъэщ. ЦIыкIухэр зыплъыхьакIуэ пшэ хъунущ пщIантIэм, уэрамым, мэзым, псым. Ахэр кIэлъыгъэплъын щIымахуэм и дахагъым, зэхъуэкIыныгъэ къэхъухэм. Проектнэ лэжьыгъэ ябгъэщI хъунущ мы темэмкIэ.*

## 14-нэ урок

Урокыр зытеухуар: Нало Заур «ЩIымахуэ»

Мурадыр: еджакIуэхэм щIымахуэм и къэхъукъащIэхэм зэрыщыгъуазэм зегъэубгъун; усэм къеджэнымкIи къызэджар зэпкърыхынымкIи я зэфIэкIым хэгъэхъуэн; я бзэм зегъэужьын.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

1. Нало Заур и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ щыгъэгъуэзэн.

Нало Заур 1928 гъэм Къэбэрдей – Балъкъэрым щыщ Старэ Урыху къуажэм къыщалъхуащ. Заур илъэсиблым иту къуажэ школым щIэтIысхьэри, ебланэ классыр къиухауэ, Хэку зауэшхуэр къэхъеящ. Зауэ нэужьым, 1947 гъэм еджэным пищэжри, 10 – нэ классыр къиухащ, иужькIэ Къэбэрдей – Балъкъэр пединститутым щIэтIысхьэри, адыгэбзэр фIыуэ иджащ.

Нало Заур сабийхэм папщIэ тхылъ зыбжанэ итхащ: «Шэрджэс дадэм и щыхыбжьэ», «Жыгым и уэрэд», «Инэмыкъуэ», нэгъуэщIхэри.



Заур щIэныгъэлIщ, ди адыгэ хэкур зэрыгушхуэ тхакIуэщ.

2. ЩIымахуэм теухуа сурэтым ирилэжьэн.

ЕгъэджакIуэм щIымахуэм теухуауэ сурэт доскам къыпелъэ (е компьютеркIэ слайдхэр егъэлъагъуэ). Илъэсым и лъэхъэнэхэр зэкIэлъыкIуэу жаIа нэужь, упщIэхэм жэуап ират:

– Мы сурэтым илъэсым и сыт хуэдэ лъэхъэнэ щытлъагъур? (ЩIымахуэ).

– Дауэ къатщIэрэ зэрыщIымахуэр? (ЦIыкIухэм кърабжэкI щIымахуэм и нэщэнэу сурэтым щалъагъухэр).

– ЩIымахуэ дунейм и къэхъукъащIэхэу сыт фщIэрэ? (Жьы щIыIэ къопщэ, уэс кuу къос, жэщыр нэхъ кIыхьщ, махуэхэр кIэщIщ).

– ЩIымахуэ мазэхэр къыжыфIэ. Абыхэм адыгэбзэкIэ дауэ зэреджэр? (Декабрь – дыгъэгъазэ, январь – щIышылэ, февраль – мазае).

**III. ЕгъэджакIуэр усэм гъэхуауэ къахуоджэ, словарнэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкI:**

*шындэбзий – унэ щIыбагъ; уджыджын – мылым хуэдэу джафэу жын; упщIэ лъэгу – щIылъэр зэфэзэщу хужь зыщIа уэсыщIэ чэнж.*

**IV. Усэр зэпкърыхын Iыхьэ-IыхьэкIэрэ. Усэ едзыгъуэ къэс зы еджакIуэ къегъэджэн. Едзыгъуэ къэс щхьэхуэу елэжьын:**

1. Дауэ къывгурыIуэрэ мы едзыгъуэм хэт псалъэхэр: Iэрамэ, зэIепщIыкI, щеудэж, цыIэрылъхьэу, упщIэ. (Псалъалъэм къыщагъуэтми хъунущ).

*(Iэрамэ – IэмыщIэ из цы, зэIыпщIыкIын – зэкIэрыпщIахэр зэкIэрыхыжын; удэжын – щабэ, бырыб щIын; цыIэрылъхьэ – Iуданэ ящIыным хуагъэхьэзыра цы IэмыщIэ; упщIэ – цыр ягъапцIэри щIакIуапхъэ, лъэгурыдз ящI; гъэпцIэн – упщIэ щIын.)*

2. Лэжьыгъэхэр зыгъэзащIэр сытыра? (Жьыбгъэращ.)

3. Уэсыр зезыхьэ жьым ищIэр, игъахъэр сыт зэплъыт хъунур? ( ЦIыхур цым зэрелэжьым еплъыт хъунущ.)

4. НэгъуэщI сыт хуэдэ зэгъэпщэныгъэ хэт мы усэм? (Гъуэгур джафэу зэрытещтыкIар гъуджэм ирегъапщэ.)

5. Сыт зыщIэхъуэпсыр авторыр? Усэм къыщывгъуэт а щIыпIэхэри фыкъеджэ.

ЕджакIуэхэм я жэуапым щIэдэIуа нэужь, егъэджакIуэм яжреIэ:

– Уэсыр жьыбгъэм зэрихьэурэ дунейр зэрызэщIищтар цIыхум и IэщIагъэм ирелъыт усакIуэм. ЩIымахуэм жьы щIыIэр дэнэкIи нос, уэсыр щIыпIэ – щIыпIэхэм щызэтрехьэ, нэгъуэщI щIыпIэхэм дежи къапхъэнкIам хуэдэу жьым треху. Гъуэгур щтырыгъу хъуащи, утехьамэ уегъэджалэр.

**V. Бзэм зегъэужьын.**

1. Iэрамэ, фиин псалъэхэм я мыхьэнэ зэхуэмыдэхэр къыщаIуатэ псалъэуха зэхэлъхьэн. (Цыр нанэ Iэрамэу зэтрелъхьэ. Зэрыджэ Iэрамэхэр зэпхауэ кIапсэм фIэлъщ. ЩIалэ цIыкIур фринэкIэ мэфий. Жьы губжьар щхьэгъубжэмкIэ къыщыфиирт).

2. Къуажэхьхэр къэщIэн:

*1. Уеплъмэ гъуджэ, уеджэмэ дэгу. (Мыл).*

*2. Iэди уади имыIэу псым лъэмыж тезылъхьэ. (ЩIыIэ).*

*3. ЩабэрыкIуэ мэз кIуэрей. (Iэжьэ).*

**VI. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэм гъэхуауэ къеджэн. Цым зэрелэжьым нэмыщI, адыгэхэм я IэщIагъэхэм теухуа сообщенэ цIыкIу гъэхьэзырын.

**VII. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## 15-нэ урок

Урокыр зытеухуар: Бемырзэ Мухьэдин «ИлъэсыщIэ хъуэхъу», Уэхъутэ Анзор. «ИлъэсыщIэ»

Мурадыр: цIыкIухэм илъэсыщIэм хуаIэ гукъыдэжым хэгъэхъуэн; гъэхуауэ къеджэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъун; усэм къыхэщ гупсысэ нэхъыщхьэхэр къагъуэтыфу егъэсэн.

### Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

1. ЕджакIуэ цIыкIухэр къытопсэлъыхь илъэсыщIэм зэрызыхуагъэхьэзырым, ягъэщIэрэщIа ёлкэм и теплъэм, я гукъыдэжхэм, илъэсыщIэ къихьэм сыт хуэдэ ехъулIэныгъэхэр яIэу хуэкIуэнуми.

2. Егъэджакlуэм илъэсыщIэм теухуауэ упщIэ зыбжанэ яхуегъэувын еджакIуэ цIыкIухэм:

– Сытым и деж къыщихьэр илъэсыщIэр? (ЩIымахуэкум.)

– Сыт а мазэм зэреджэр? (Январь – щIымахуэку, щIышылэ.)

– Адрей щIымахуэ мазэхэми я цIэр къыжыфIэт. (Декабрь – дыгъэгъазэ, февраль – мазае.)

– Адыгэхэм ди илъэсыщIэр сытым и деж къыщихьэр? (Гъатхэм, мартым и 21-м.)

ЕгъэджакIуэр цIыкIухэм я жэуапхэм щIодэIу, икIи абыхэм я псалъэхэр щIегъэбыдыхьыж:

– Къэрал псоми илъэсыщIэр догъэлъапIэ январым и 1-м ехъулIэу. ИлъэсыщIэр цIыхухэм къарагъыхьэ я гухэлъыщIэхэр къайхъулIэным хуэпабгъэу, гъэ блэкIым IуэхуфIу ящIам нэхърэ нэхъыбэ илъэсыщIэ къихьэм зэфIагъэкIыным щыгугъхэу, хъуэхъуфIхэр хужаIэу, гугъэфIхэр я гум щагъафIэу.

Адыгэхэм илъэсыщIэр щагъэлъапIэу щытар гъатхэм, вакIуэ дэкIыгъуэм, дунейр къыщызэщыум, дунейм и къэплъыгъуэм дежт. Иджы а хабзэ дахэр адыгэхэм къащтэжауэ мартым и 21-м илъэсыщIэр илъэс къэс ягъэлъапIэ.

**III. ЕгъэджакIуэм яжреIэ илъэсыщIэм теухуауэ адыгэ усакIуэ куэдым усэ зэратхар. Нобэрей урокым ди усакIуэ щэджащэхэу Бемырзэ Мухьэдинрэ Уэхъутэ Анзоррэ я усэхэр зэраджынур.**

Бемырзэ Мухьэдин къыщыхъуащ Хьэбэз районым щыщ Али-Бэрдыкъуэ къуажэм 1948 гъэм. Къуажэ еджапIэр къиуха иужькIэ Къэрэшей-Черкес пединститутыр къиухащ. Советскэ Армэм къулыкъу щищIэу къэкIуэжа нэужь, Али-Бэрдыкъуэ курыт еджапIэм егъэджакIуэу щылэжьащ илъэс куэдкIэ. Абы адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ щригъэджащ щIэблэр.

Бемырзэ Мухьэдин еджапIэм щIэсу тхэн щIидзащ. Абы и усэ купщIафIэхэр теухуащ хэкум, лъэпкъым, анэ – адэм, адыгэбзэм, цIыхугъэм.

**IV. Бемырзэ Мухьэдин и «ИлъэсыщIэ хъуэхъу» усэм гъэхуауэ егъэджакIуэр къахуоджэри, словарнэ лэжьыгъэ ирегъэкIуэкI:**

*чын – цIыкIухэр мылым тету зэрыджэгу Iэмэпсымэ (юла, волчок); ухуэщIамэ – утегъэпсыхьамэ.*

**V. ЦIыкIухэр зэрызэ езыр – езыру усэм къеджа нэужь, упщIэхэмкIэ зэпкърах:**

1. ЩIымахуэм и нэщэнэу мы усэм къыщыгъэлъэгъуахэр къыжыIэн. (Уэс къос, псыхэр щта, жьы къопщэ.)

2. Ахэр дауэ къыджиIэрэ усакIуэм? Тхыгъэм къыщывгъуэти фыкъеджэт. (Усэр зэрытха бзэм гу лъагъэтэн). (Къохуэхыр уэсыр; мыл щIагъым псыежэххэр щыжеящ; уэнжакъым щэхуу щодаущ жьы къепщэр.)

3. Дауэ нэгъуэщIу жыпIэ хъуну мы псалъэхэр: псори исеящ, щодаущ, щытепщэр. *(Псори исеящ – псори щIихъумащ; щодаущ – макъ ещI; щытепщэр – щытетыр.)*

4. УсакIуэм сыт хуэдэ хъуэхъукIэ захуигъазэрэ цIыхухэм? (Усэм къыщагъуэтри къоджэ).

**VI. Уэхъутэ Анзор и «ИлъэсыщIэ» усэм гъэхуауэ къахуеджэным и пэк1э, егъэджакIуэм цIыкIухэр щегъэгъуазэ усакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.**

Уэхъутэ Анзор Жамбот и къуэр Беслъэней къуажэм 1910 гъэм январым и 10-м къыщалъхуащ. ЩIалэщIэ цIыкIуу лэжьэн щIидзащ. Адыгэ газетым лэжьакIуэ щащта гъэхэм иублэри усэ, уэрэд, рассказ куэд итхащ. Анзор яхэтащ адыгэ тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ я тхыгъэхэр зэхуэзыхьэсу къыдэзыгъэкIахэм, пэщIэдзэ классхэм я «Анэдэлъхубзэ» тхылъхэр зэхэзылъхьахэм. Къэрэшей-Черкес тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIащ Уэхъутэ Анзор и усэ тхылъ «Насып» -ыр, щIэныгъэлI Сэкий Мусэ и гъусэу зэхалъхьа «Черкес таурыхъхэр, шыпсэхэр, усэхэр, псалъэжьхэр» тхылъыр.

**VII. ЦIыкIухэр гупсэхуу усэм щIэдэIуа нэужь, словарнэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкI:**

*ди Iуэхур мэкIуатэ – Iуэху куэд зэфIыдох; илъэсхэм заужь – йофIакIуэ, зы илъэсым нэхърэ адрейр нэхъыфI мэхъу.*



**VIII. ЕджакIуэ цIыкIухэр макъкIэ усэм къегъэджэн. Усэр упщIэхэмкIэ зэпкърыхын:**

1. Сыт насыпыр къэзыхьу усакIуэм къилъытэр? (Илъэсхэр блэкIыху цIыхухэм я Iуэху ефIакIуэхэм насыпыр къыздахь.)

2. «ДокIуатэр дыгушхуэу

ДыдокIыр лъагапIэм» – мы псалъэхэм я мыхьэнэр дауэ къывгурыIуэрэ? (Сабийхэм жэуап къат).

***ЕгъэджакIуэм.*** Мы псалъэхэмкIэ усакIуэм зи гугъу ищIыр ухуэныгъэм и гъуэгуанэ ткIурщ, абы дытету ипэкIэ дызэрыкIуатэрщ.

3. Сыт хуэдэ псалъэхэмкIэ зыхуигъазэрэ усакIуэм илъэсыщIэм? (УсакIуэм илъэсыщIэм зыхуегъазэ Iуэху длэжьхэм къару ин къахилъхьэну, гъэ кIуахэм нэхърэ нэхъ Iуэхушхуэ зыщалэжьын гъэ хъуну.)

**IX. Бзэм зегъэужьын.**

ИлъэсыщIэ хъуэхъу нэхъ дахэу зэхэзылъхьэкIэ зэпегъэуэн цIыкIухэр.

**X. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэхэм нэхъ ягу ирихьыр гукIэ зэрагъэщIэн.

**XI. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## АДЫГЭ ХАБЗЭ

*Мы разделыр щаджкIэ егъэджакIуэм цIыкIухэм яжреIэ адыгэ хабзэхэр цIыхугъэм, нэхъыжьым пщIэ хуэщIыным, нэхъыщIэр ущииным, цIыху къэс и щхьэм пщIэ хуищIыжу псэуным зэрыхуэгъэзар. Адыгэ хабзэхэм Iущыгъэ куэд зэрыхэлъым, ахэр лъэпкъым и дамыгъэу зэрыщытым цIыкIухэр нэIуасэ хуещI.*

## 16-нэ урок

Урокыр зытеухуар: Адыгэ Хабзэр, Мыжей Михаил «Нэхъыжьыр гъэлъэпIэныр»

Мурадыр: адыгэ хабзэхэм, абыхэм я гъэзэщIэкIэм, пасэм щыIауэ къыддекIуэкI хабзэхэм тепсэлъыхьын, абы и щапхъэм щIэту щIэблэр гъэсэныгъэм къыхуеджэн; ди щIыналъэм ис цIыхухэм я цIыхугъэм, гъэсэныгъэм гу лъагъэтэн.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Хуэзыгъэхьэзыр дакъикъэ.**

**II. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**III. Адыгэ хабзэм теухуауэ хэзышэ псалъэ.**

1. Си адыгэ лъэпкъ, си лъахэ дыщэ,
Нэмыс, насып, цIыхугъэм хуэгъэса.
Хабзэ дахэр, адыгагъэр зыпыщIа,
Зи нэхъыжьыр зыгъэлъапIэу къэтэджа!

Мы усэмкIэ (дискым тетхауэ егъэдэIун) урокыр къыщIэдзэн, икIи а сатырхэм мыхьэнэуэ яIэр цIыкIухэм я гупсысэм нэгъэсын.

***2. ЕгъэджакIуэм.*** Бгырысхэм я беягъ нэхъыщхьэу ябжыр я хабзэхэращ. Дахэщ ди адыгэ хабзэхэр. Ахэр цIыхум я зэгурыIуэкIэщ, я нэмысщ, я кIухьэнщ, я Iэдэбщ, я щэн-хьэл дахэщ. Лъэпкъыр зы зыщI, зэщIэзыубыдэ, зэщIэзыIыгъэ, унагъуэм,



жылэм, нэхъыжьхэмрэ нэхъыщIэхэмрэ, цIыхухъумрэ бзылъхугъэмрэ я зэхуаку щызекIуэ зэхущытыкIэщ. Адыгэ хабзэр здынэмысрэ здэмыIэбэ плIанэпэрэ иIэкъым адыгэ гъащIэм. Ар пщIэщ, щIыхьщ, нэмысщ, цIыхур цIыху зыщI гулъытэ дахэщ.

Адыгэ хабзэр зэхэпщIэн хуейщ, уи гумрэ уи псэмрэ дыхьэу. Хабзэр ягъэзащIэ, зэрахьэ, яхэлъщ иригушхуэу, хуэсакъыу, армыхъумэ, псалъэ дыгъэлкIэ ягъэбатэркъым. Аращ щIыжаIэр: «Хабзэр бзэгупэкIэ зэрахьэркъым».

Адыгэ хабзэр лIэщIыгъуэ IэджэкIэ зэфIэуващ. Сытым щыгъуи адыгэ хабзэм фIыр, пэжыр ебэкIыу щытащ. Аращ ди адыгэ хабзэм гъащIэ къезытри, ар иджы къыщIынэсари.

Ди хабзэм и фащэ нэхъыфI, нэхъапэ дыдэхэм ящыщщ адыгагъэмрэ адыгэ нэмысымрэ Iыгъыныр, гъэзэщIэныр. Абы къызэщIеубыдэ цIыхум и щIыхьыр зэримыгъэпудыныр, и щхьэ хуищIыж уасэр, пщIэр, пэжыгъэр, укIытэр, щытыкIэр, гулъытэр, сабийм хуэсакъыныр, нэгъуэщIыр уи щхьэм пэщIыныр, апхуэдэ щIыпIэ уихьэмэ, абы зыдугъэкIуныр, зыдэщIыныр.

– Иджы, цIыкIухэ, иджыпсту зы IуэрыIуатэ кIэщI цIыкIу сыкъыфхуеджэнущи фыкъэдаIуэ, упщIэ фэстынущ иужькIэ.

*ЛIыжь Iущ гуэр псэурти, абы и гъунэгъухэр къеупщIащ жи:*

*– Сыт хуэдэ ныбжьым деж нэхъ къыщыщIэдзапхъэ сабийм и гъэсэныр? – жаIэри.*

*– Фи сабийм сыт и ныбжь? – жи лIыжь Iущым.*

*– Мазэ хъуащ.*

*– ХэвгъэтIэсащ, – къыжриIащ жи абы, – къыщалъхуа махуэм къыщIэвдзэн хуеящ.*

– Сыт а лIы Iущым апхуэдэу щIыжиIар? (Сабийм и гъэсэныгъэр къызэралъхуу щIэбдзэн хуейщ. И чэзум имыгъуэта гъэсэныгъэр иужькIэ гъуэтыгъуей мэхъу.)

Сабийм и зэхэщIыкIым загъэужьын хуейщ Iеймрэ дахэмрэ, емрэ фIымрэ зэхигъэкIыу, дунейм къабзэу тетын щхьэкIэ, дуней зытетыр егъэцIыхун, щIэныгъэ егъэгъуэтын хуейщ и акъылым зиузэщIын щхьэкIэ.

**IV. Нэхъыжьым пщIэ хуэщIыныр адыгагъэм и хабзэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зыщ.**

«Нэхъыжь зымыгъэлъапIэр щхьэ лъапIэгъуэ ихуэркъым»; «Нэхъыжьыр бгъэлъапIэмэ, уи щхьэр лъапIэ хъунщ» – жаIэу

щытащ адыгэхэм. Мы псалъэжьхэм я купщIэр хэт къыджиIэн? (Нэхъыжьым пщIэ хуэзмыщIым зэи фэ ираплъу щытакъым, цIыхуми зыхабжакъым.)

***ЕгъэджакIуэм.*** Нэхъыжьым пщIэ хуэпщIмэ, пщIэ хубощI адыгагъэм. Хабзэм узэрыхущытырщ гъащIэр къызэрыпхущытынур. Нэхъыжьым, анэ-адэм узэрыхущытым къегъэлъагъуэр уадыгэрэ ауэ сытми адыгэцIэр зепхьэрэ. Ар зэи зыщывмыгъэгъупщэ. Абы сыт щыгъуи фигъэлъэпIэнущ, пщIэрэ щхьэрэ фиIэу дунейм фытетынущ.

**V. Нэхъыжьым хуэгъэза хабзэхэм нэмыщI иджыри сыт хуэдэ хабзэхэр зэрахьэу щыта?**

- *Бзылъхугъэм кIэлъызэрахьэ хабзэхэр.*
- *Сабийм кIэлъызэрахьэ хабзэхэр.*
- *Адыгэ Iэнэм, адыгэ шхыныгъуэм кIэлъызэрахьэ хабзэхэр.*
- *Нысашэ хьэгъуэлIыгъуэм епха хабзэхэр: унаплъэ, нэчыхьытх, уасэIих, тешэ, щауэишыж.*
- *Къуажэм дэлъа хабзэхэр: вакIуэдэкI,вакIуэкъихьэж.*

**VI. Мыжей Михаил и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ кIэщIу щигъэгъуэза нэужь, «Нэхъыжьыр гъэлъэпIэныр» рассказым гъэхуауэ егъэджакIуэр къахуоджэ, цIыкIухэм къазэращыхъуар жарегъэIэ.**

***ЕгъэджакIуэм.*** Нобэ нэIуасэ зыхуэтщIынщ адыгэ хабзэм теухуауэ Мыжей Михаил итха хъыбарым. Михаил къыщыхъуащ Инжыджышхуэ къуажэм. Ар щIэныгъэ – къэхутакIуэ институтым и щIэныгъэлI лэжьакIуэ нэхъыжьу щылэжьащ. Абы итхащ рассказ, хъыбар зэмылIэужьыгъуэхэр. Нобэ дызэджэну Михаил и тхыгъэри зытеухуар адыгэ хабзэращ.

**VII. Словарнэ лэжьыгъэ:**

*хабзэ – цIыхур зэрыпсэун хуей дуней тетыкIэ;*

*адыгагъэ – цIыхум и гъэсэныгъэ (цIыхугъэ, хьэл – щэн дахэ, хьэлэлыгъэ, гущIэгъуныгъэ;)*

*кIухьэн (нэмыс) – цIыхум и щхьэм пщIэуэ хуищIыжымрэ адрейхэм яхуищIымрэ.*

**VIII. УпщIэхэмкIэ тхыгъэр зэпкърыхын:**

1. Дауэ ягъасэрэт адыгэхэм я бынхэр? (Сабийр гъэсэныр дэтхэнэ зы цIыхуми и къалэну щытт.)



2. Нэхъыжьым пщIэ зэрыхуэпщIын хуейм фыкъытепсэлъыхь.

3. Фи унагъуэм сыт хуэдэ адыгэ хабзэхэр щызефхьэрэ?

**IX. Бзэм зегъэужьын.**

ЦIыкIухэр карточкэкIэ гъэлэжьэн. Карточкэм ит псалъэхэм псалъэжьхэр къыхэщIыкIын, абыхэм я мыхьэнэр убзыхун.

**Карточкэм итынухэр:**

*1) Нэхъыжьыр, уи, щхьэр, бгъэлъапIэмэ, хъунщ, лъапIэ (Нэхъыжьыр бгъэлъапIэмэ, уи щхьэр лъапIэ хъунщ)*

*2) Нэмыс, насып, зиIэм, иIэщ (Нэмыс зиIэм насып иIэщ)*

*3) Хабзэ, махуищ, хьэху (Хабзэ хьэху махуищщ)*

**X. КъызэщIэзыкъуэж псалъэ:**

***ЕгъэджакIуэм.*** Лъэпкъ къэскIэ езым и хабзэ иIэжщ, унагъуэ къэскIи хабзэ, зэхущытыкIэ илъщ. Хабзэр цIыху, унагъуэ, лъэпкъ къэс я напэщ, я набдзэщ, я бзыпхъэщ, я нэмысщ, я гъащIэ гъуазэщ. Лъэпкъым хабзэфI иIэмэ, ар лъэпкъ узыншэщ, унагъуэ узыншэщ, щIэблафIэщ, къэкIуэн иIэщ. Абы хэпсэукI, хапIыхь сабийхэм я къэкIуэнур дахэщ, купщIафIэщ, я гъащIэ гъуэгур нэхущ, зэлъыIухащ.

Уегупсысмэ, псори долажьэ, дожей, дошхэ, допсэу, ди бын допI. А лъэныкъуэмкIэ псори дызэщхьщ. Ауэ цIыхухэр зэмыщхь зыщIыр я гупсысэкIэрщ, я дуней еплъыкIэрщ, я гъэсэкIэрщ, я напэрщ, я нэмысырщ, цIыхугъэрщ. А псори адыгэ хабзэм къызэщIеубыдэр.

Адыгэ хабзэр гъащIэр зыгъэдахэщ, цIыхур зыгъэлъапIэщ, цIыхур зыгъэлъагъуэщ. Адыгэ хабзэр илъэс минхэм къыпхырыкIащ, гужьеигъуэми, кIуэдыпIэми къизыша лъэпкъ напэщ.

Адыгэ хабзэр цIыхур емыкIумрэ нэмысыншагъэмрэ щызыхъумэ Iэзэгъуэ лъэщщ, цIыхум и пщIэр зыгъэлъапIэ фIыгъуэшхуэщ.

Нобэ дэ дызытепсэлъыхьахэр гъащIэм къыщывгъэсэбэпыну сывщогугъ. Iеймрэ фIымрэ зэхэвгъэкIыу, нэхъыжьым пщIэ хуэфщIу, адэ – анэр флъытэу, нэмысыр зефхьэмэ – насыпыр сыт щыгъуи вгъуэтынущ.

Нэхъыжьыр зэрагъэлъапIэ адыгэ хабзэхэр къыжыIэжын.

**XI. Унэ лэжьыгъэ.**

«Ди унагъуэмрэ адыгэ хабзэмрэ» темэмкIэ сочиненэ цIыкIу тхын.

**XII. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## 17-нэ урок

Урокыр зытеухуар: Хьэнфэн Алим «Адыгэ нэмыс»

Мурадыр: адыгагъэмрэ адыгэ нэмысымрэ еджакIуэхэр нэхъри щыгъэгъуэзэн; адыгэ нэмысым, хабзэфIым хуаIэ гурыIуэгъуэм зегъэубгъун; езы еджакIуэхэри абыхэм хуэгъэсэн; усэр зэхащIэу, и дахагъыр къагурыIуэу егъэсэн.

### Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

ЕджакIуэ цIыкIухэр щIэгъэдэIун дискым тетхауэ адыгэ хабзэхэм:

*«ЩымыIэ насып здэщымыIэм нэмыс,*
*НэхъыщIэ къэтэджи, нэхъыжьыр гъэтIыс!»*
*«Къэхъуакъым адыгэм, щимыIэ нэмыс,*
*Нэхъыжьыр щхьэщыту нэхъыщIэр щыщыс» (Дзасэжь Хьэсанш).*

– Сыт хуэдэ гупсысэхэр къыфхуагъэушрэ мы псалъэхэм? (Мы псалъэхэм къыджаIэ адыгэ лъэпкъым ижь – ижьыж лъандэрэ нэхъыжьым пщIэ хуэщIыныр хабзэ дахэу зэрыхэлъыр, икIи дэри дыхураджэ адыгэ хабзэхэр дгъэзэщIэным.)

– Сыт хуэдэ хабзэ дахэхэр къыдэгъуэгурыкIуэрэ ди лъэпкъым? (Нэхъыжьым пщIэ хуэщIын, анэ – адэхэм я жыIэ едэIуэн, щабэу япсэлъэн. ЦIыкIухэм кърабжэкI хабзэфIу ящIэхэр).

ЦIыкIухэм я жэуапхэр егъэджакIуэм и псалъэхэмкIэ щIегъэбыдыхьыж хабзэ дахэ куэд лъэпкъ гъэдахэу, дригушхуэу зэрыдиIэр, ди нэмысыр лъагэу зэрыщытыр къыхигъэщурэ.

**III. Усэм егъэджакIуэр къахуоджэ зэхэщIэгъуэу, еджакIуэхэм къалэн яхуещI къеджэкIэ тэмэмым кIэлъыплъыну.**

**IV. Словарнэ лэжьыгъэ:**

*лъахэ – зыщалъхуа щIыпIэ;*

*шыхулъагъуэ – Млечный путь.*

**V. ЕджакIуэхэр чэзууэ макъ IэтакIэ къоджэ усэм. УпщIэхэмкIэ зэпкърах:**

1. Сыт мы усэм и купщIэ нэхъыщхьэр? (Адыгагъэр адыгэ нэмысым и нагъыщэу зэрыщытыр.)

2. Сыт мы псалъэхэмкIэ усакIуэм жиIэну зыхуейр?

«Дэнэ лъахи нырырес уи лъагъуэ,
Хабзэ дахэ, адыгэ нэмыс!».

(УсакIуэр хуейщ дэнэ щIыпIи ди адыгэ хабзэфIхэр нэсыну.)

ЕгъэджакIуэм и псалъэхэмкIэ еджакIуэ цIыкIухэм я жэуапхэр щIегъэбыдыхьыж. Ахэр хуеущий жыIэдаIуэхэу, я псалъэ емыпцIыжу, пэжыгъэр ягу илъу, щэныфIхэр зыхалъхьэным хущIэкъуу зэрыщытыным.

«Адыгэ нэмыс» уэрэдым щIегъэдэIу.

**VI. Уэрэдым зи гуащIэ хэзылъхьа цIыхухэм я гъащIэмрэ я творческэ лэжьыгъэмрэ нэIуасэ хуэщIын.**

«Адыгэ нэмыс» уэрэд дахэр цIыхубэм янэсыныр зи фIыщIэ Хьэнфэн Алим – усэр зытхам, Даур Аслъэн – макъамэ щIэзылъхьам, Гъуэт Хъусин – уэрэджыIэм я лэжьыгъэхэм цIыкIухэр щегъэгъуазэ. ЕгъэджакIуэм Хьэнфэн Алим, Даур Аслъэн, Гъуэт Хъусин сымэ я сурэтхэр доскам къыпелъэ.

Хьэнфэн Алим Хьэбэз районым щыщ Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы и сабиигъуэри и щIалэгъуэри Малый Зеленчук щекIуэкIащ. Алим зэман гуэркIэ егъэджакIуэу лэжьащ. Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейуэ абы кIуэри иухыху хэтащ. Алим тхыгъэ куэд итхащ сабийхэм, хэкум, гуащIэдэкIым, лэжьыгъэм теухуауэ. Хьэнфэным и усэхэм, псом хуэмыдэу сабийхэм теухуам, узыIэпашэ, удахьэх. УсакIуэм сабийхэр хуегъасэ фIым, нэмысым, адыгагъэм, Iейм пэIэщIэ ещI. Алим и усэ зыбжанэм макъамэ щIалъхьащ.

Даур Аслъэн, черкес лъэпкъым и япэрей профессиональнэ уэрэдусыр, 1940 гъэм Хьэбэз къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэ еджапIэр къиуха нэужь, Аслъэн щеджащ Ставрополь музучилищэм, иужькIэ Чайковскэ П.И. и цIэр зезыхьэ Москва къэрал консерваторием. 1970 гъэм композитор цIэрыIуэ Свиридов С. и чэнджэщкIэ СССР – м и композиторхэм я Союзым ящтащ. Даур Аслъэн лэжьащ Черкесск музучилищэм и унафэщIу, Ставрополь крайм и композиторхэм я Союзым и унафэщIу, Къэрэшей – Черкесым и композиторхэм я Союзым и унафэщIу. Даур Аслъэн 1998 гъэм Къэрэшей – Черкес Республикэм и Гимныр итхащ. Аслъэн къыфIащащ «Абхъаз АССР –м и гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «РСФСР – м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ». Черкесск дэт музучилищэм Даур Аслъэн и цIэр зэрехьэ.

Гъуэт Хъусин Хьэбэз районым щыщ Жьакуэ къуажэм къыщалъхуащ. Хъусин Урысейм и цIыхубэ артистщ, Къэрэшей – Черкес Республикэм щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэкIэ и къэрал училищэм и унафэщIщ.

**VII. Бзэм зегъэужьын.**

ЕджакIуэхэм къыжаIэ сыт хуэдэ щэн дахэхэр щыIэми, езыхэми хьэл – щэн зыхалъхьэну зыхуейми топсэлъыхь.

**VIII. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэр гукIэ зэгъэщIэн.

**IX. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## 18-нэ урок

Урокыр зытеухуар: КIурашын БетIал «Шхэнми хабзэ хэлъщ».

Мурадыр: адыгэ хабзэхэм хуаIэ гурыIуэгъуэм нэхъри зегъэужьын; ерыскъым пщIэ хуащIу гъэсэн цIыкIухэр; Iэнэм щхьэж къылъыс тIысыпIэм ущысыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр къагурыгъэIуэн; я бзэм, я еджэкIэм зегъэужьын.



### Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

Адыгэ хабзэм теухуауэ еджакIуэхэм ящIэхэр иджыри зэ къэпщытэжын.

ЦIыкIухэм адыгэ хабзэхэр жаIа нэужь, егъэджакIуэм яжреIэ адыгэхэм Iэнэм щыпэрыскIи хабзэшхуэ зэрахьэу зэрыщытар.

***ЕгъэджакIуэм.*** Адыгэхэр дахэу, Iэдэбышхуэ яхэлъу Iэнэм пэрысу щытащ. Iэнэм нэхъыжь – нэхъыщIэкIэ мэтIыс ныбжькIэ зэгъунэгъухэр. Нэхъыжьу унагъуэм щыщ Iэнэм тIыскъым, атIэ лъэпкъым щыщщ е я ныбжьэгъущ.

Япэрей адыгэхэм иджы хуэдэу цIыху куэд зыпэрыхуэ Iэнэ кIыхьхэр яIакъым. Сыт хуэдэ хьэщIэ лъапIэ къахуэмыкIуами, цIыху дапщэ къэмыкIуами, зэрагъашхэр Iэнэ лъакъуищырт.

– Сыт Iэнэм щысынми хабзэ щIыхуейр? – жыфIэу фыщIэупщIэнкIи мэхъу.

Гуп зэхэсым зыгуэр яхыхьамэ, фIэхъус ехын къыщыщIидзэнур нэхъыжьым дежщ. АтIэ гупым хэт нэхъыжьми, хэт нэхъыщIэми дауэ къызэрыпщIэнур? Я тIысыпIэмкIэщ. Щхьэж къылъыс тIысыпIэр щимыIыгъыжым деж, езыхэри щоуэри гупым къыхыхьари щагъауэ.

– Адыгэм жиIэгъащ: «Унэм зыгъаси, хасэм яхыхьэ». Сыт апхуэдэу щIыжаIэрт? (Гъэсэныгъэр къыздыщIидзэр унагъуэращ.)

– Iэнэм епхауэ фэ фщIэ хабзэхэм фыкъытепсэлъыхь. (ЦIыкIухэм жэуап къат).

***III. ЕгъэджакIуэм.*** Гъэсэныгъэм и лъабжьэщ, и купщIэщ нэхъыжьым и ущиехэм, чэнджэщхэм уедэIуэныр, ахэр бгъэзэщIэныр. Сэ сыхуейт фыщIэдэIуну КIурашын БетIал и ущиехэм. (Ущиехэр дискым тету щIэбгъэдэIумэ фIыщ).

ЕгъэджакIуэр гурыIуэгъуэу ущиехэм къахуоджэ.

**IV. Словарнэ лэжьыгъэ:**

*ущие – гъэсэныгъэ мыхьэнэ зиIэ псалъэ; егъэлеяуэ – куэду.*

**V. УпщIэхэм жэуап етын:**

1. Сыт хуэдэ хабзэфIхэр къыщыгъэлъэгъуа мы тхыгъэм? (ЦIыкIухэм ущиехэм щыщу ягу ираубыдахэр жаIэ).

2. Мы тхыгъэм хэмыту сыт хуэдэ Iэнэм ехьэлIа хабзэхэр фщIэрэ? (УщышхэкIэ уи жьэм ерыскъы жьэдэлъу упсэлъэныр, макъ ищIу ерыскъыр бгъэныщкIуныр емыкIущ.)

3. ЦIыкIухэ, сэ зы хъыбар вжесIэнущи, гупсэхуу фыщIэдэIу. Адыгэхэм шхыным хабзэ хукIэлъызэрахьэу зэрыщытар мы хъыбар цIыкIуми къыхощыр.

*Къэзэнокъуэ Жэбагъы пIащIэу гъуэгуанэ тету и шэджагъуэ нэмэзыр блэкIырти, хьэщIэщ гуэрым еблагъэри, нэмэз щищIащ. Нэмэзлыкъым къызэрытекIыжу Iэнэ къыхуагъэувати шхэщ, лэпсри трифыхьыжри:*

*– Iэлъхьэмдурилэхь, Тхьэм фигъатхъэ, дывгъэтхъащ, – жиIащ, ауэ абы зыри къыпадзыжакъым.*

*МахуиплI енкIэ хьэщIэщым исащ Жэбагъы. Зэм къахьар етIуанэу къамыхьу ипэ махуэхэм ягъэхьэщIащ. Шхэгъуэр зэфIэкIыхукIэ Жэбагъы жиIэ хабзэр жиIэрт, ауэ жэуап игъуэтыртэкъым. Махуэ етхуанэм унэгуащэр гъунэгъу хъыджэбз цIыкIум елъэIуащ:*

*– Ди хьэщIэ угъурсызыр къытфIинащи мы шей къарэр куэдщ абы и дежкIэ. Хуэхьи ирегъэф!*

*Хъыджэбз цIыкIум Iэнэр хьэщIэм и пащхьэм егъэуври езыр йокIуэтыж, нэмысыфIэу. Жэбагъы шей къарэр ирефри:*

*– Iэлъхьэмдурилэхь, Тхьэм фигъатхъэ, дывгъэтхъащ, – жеIэ.*

*– Уи хьэлэлщ, дадэ.*

*Жабагъы къотэджыжри хъыджэбз цIыкIум и щхьэм Iэ делъэ:*

*– НасыпыфIэшхуэ тхьэм уищI, си хъыджэбз цIыкIу. А псалъэ закъуэращ сэ тхьэмахуэ хъуауэ сыщIыщысыр.*

– Сыт хуэдэ хабзэ мы хъыбарым къыхэщыр? (Iэнэм ущытIыскIэ «бисымлыхь» жыпIэу шхэн щIэбдзэн хуейщ, щыбухкIэ «Iэлъхьамдурилыхь» жыпIэн хуейщ. «Тхьэм фигъатхъэ, дывгъэтхъащ», е «фи ирыскъыр убагъуэ» жызыIэм «уи хьэлэлщ» жепIэн хуейщ.)

**VI. Бзэм зегъэужьын.**

Адыгэ Iэнэм адыгэ шхыныгъуэхэр трагъэувэу щытащ.



– Сыт хуэдэ шхыныгъуэхэр фщIэрэ фэ? (Адыгэ шхыныгъуэхэмрэ ахэр къызыхащIыкIымрэ жаIэ).

**VII. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ егъэкIуэкIын:**

1. Сыт нобэ гъэщIэгъуэну къэфщIа?

2. Сыт адыгэ хабзэхэр щIэпщIэн щIыхуейр?

ЕджакIуэ цIыкIухэм жэуап къата нэужь, егъэджакIуэм яжреIэ адыгэм хабзэрэ нэмысрэ хэмылъыжмэ ар зэрымыадыгэжыр. Нобэ къэттIэщIыжын зэрыхуейр Адыгэ хабзэр, Адыгэ нэмысыр. Дауэ ди гъащIэм зимыхъуэжами, къэралым сыт хуэдэ щытыкIэ къимыщтами, хабзэр зезыхьэ, нэмыс зыхэлъ цIыхур абы декIунущ, пщIэ лей къыхуащIыну мыхъумэ, Iей лъэпкъ къыхуихьынукъым.

**VIII. Унэ лэжьыгъэ.**

Адыгэ шхыныгъуэ нэхъ ягу ирихьым теухуа сообщенэ цIыкIу гъэхьэзырын.

***ЕгъэджакIуэм хуэгъэзауэ:*** еджакIуэ цIыкIуитIым къыкIэлъыкIуэ урокым техуэу АбытIэ Хъызыррэ Хьэнфэн Алимрэ я гъащIэмрэ я лэжьыгъэмрэ теухуа сообщенэ цIыкIу ягъэхьэзырыну унэ лэжьыгъэу ятын.

**IX. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

# АДЫГЭБЗЭ – ЛЪЭПКЪЫМ И ГУПСЭ

## 19-нэ урок

Урокыр зытеухуар: АбытIэ Хъызыр «Ди лъэпкъыббзэр», Хьэнфэн Алим «Анэдэлъхубзэр»

Мурадыр: анэдэлъхубзэм и фIагъыр и дахагъыр зэхащIэфу, анэбзэм пщIэ хуащIу егъэсэн; я бзэм зегъэужьын; я еджэкIэр егъэфIэкIуэн.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

1. ТемэщIэр къыщIэдзэн тхылъым ит Бемырзэ Мухьэдин и усэ сытырхэмкIэ:

*Си лъэпкъым щIэблэ къыщIэхъуам*
*Насып вагъуэбэу ужьэхэпсэу,*
*Я нэхъ тхьэмыщкIэ ар щыхъуам*
*УреIэ уэ си адыгэбзэ!*

Усэм и купщIэр, мыхьэнэ нэхъыщхьэр къэгурыгъэIуэн еджакIуэхэм.

2. Сабийхэр нэIуасэ хуэщIын урокым щаджыну темэмрэ тхыгъэхэр зытха тхакIуэхэмрэ.

3. ЕджакIуэ цIыкIуитI (егъэджакIуэм нэхъ пасэу зарегъэгъэхьэзыр) АбытIэ Хъызыррэ Хьэнфэн Алимрэ я гъащIэмрэ я лэжьыгъэмрэ къытопсэлъыхь.

**III. АбытIэ Хъызыр и тхыгъэ «Ди лъэпкъыбзэр» жыхуиIэм егъэджакIуэр къахуоджэ, словарнэ лэжьыгъэ ирегъэкIуэкI:**

*убзыхуа – нэгъэсауэ джа;*
*щIэнығъэлI – еджагъэшхуэ;*
*налкъутналмэс – мывэ лъапIэ (драгоценные камни).*



**IV. УпщIэхэмкIэ тхыгъэр зэпкърыхын:**

1. Дэтхэнэ зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж цIыхуми сыт и къалэну къилъытэр тхакIуэм? (Дэтхэнэ цIыхуми и анэдэлъхубзэр ищIэжыныр и къалэн нэхъыщхьэу къелъытэ.)

2. Сыт зригъапщэр тхакIуэм анэдэлъхубзэр? (Налкъутналмэсым.)

ЕгъэджакIуэм сабийхэм къагурегъаIуэ ди анэдэлъхубзэр псоми фIыуэ зэдгъэщIэн, ар тхъумэн зэрыхуейр.

**V. Хьэнфэн Алим и «Анэдэлъхубзэ» усэм егъэджакIуэр гъэхуауэ къахуеджэн ипэкIэ, зы еджакIуэ усэм и цIэм кърегъаджэ, икIи псалъэм и мыхьэнэр къахутэ:**

*анэдэлъхубзэ – анэм къыдилъхуа бзэ.*

ЕгъэджакIуэм цIыкIухэм я гупсысэм негъэс анэм къыбдилъхуахэр зэрыIэфIым, зэрылъапIэм хуэдэу уи бзэри бгъэлъэпIэн зэрыхуейр.

**VI. ЦIыкIухэр гупсэхуу усэм щIэдэIуа нэужь, словарнэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкI.**

ЕгъэджакIуэм сабийхэм къалэн ящещI усэм езыр – езырурэ еджэу зи мыхьэнэр къагурымыIуэ псалъэхэр къыхатхыкIыну. А псалъэхэм я мыхьэнэхэри къагурегъаIуэ егъэджакIуэм е еджакIуэ – экспертхэм (нэхъ пасэу егъэджакIуэр ядэIэпыкъуурэ зызгъэхьэзырахэм) псалъэхэм я мыхьэнэхэр къыжаIэ.

**VII. Усэр упщIэхэмкIэ зэпкърыхын:**

1. Сыт анэдэлъхубзэр зыдэбзэрабзэр? (Адэжь щIыналъэм, адыгэ жьэгум щызекIуэ хабзэм.)

2. Анэдэлъхубзэм сыт хуэдэ увыпIэ щиIыгъ ди гъащIэм? (Ди гуфIэгъуи ди нэщхъеягъуи тхуэIуэхутхьэбзащIэу ди гъусэ пэжщ.)

3. Зи бзэр фIыуэ зымылъагъум щхьэкIэ сыт жиIэр усакIуэм? (Зи бзэр фIыуэ зымылъагъур хэт щыщми, ар акъылкIэ тхьэмыщкIэщ.)

4. УсакIуэм и бзэм пщIэуэ хуищIыр, ар фIыуэ зэрилъагъур дауэ къигъэлъагъуэрэ? (Гум и хущхъуэу, псэм и IэфIу ебж, ар здэщымыIэ щыIэну хуейкъым.)

ЕгъэджакIуэм цIыкIухэм я жэуапхэр щIигъэбыдыхьыжа нэужь, Хьэнфэн Алим и усэ «Анэдэлъхубзэм» ди лъэпкъым и

макъамэтх уахътыншэ Даур Аслъэн макъамэ зэрыщIилъхьар яжреIэ икIи уэрэдым щIегъэдэIу.

**VIII. Бзэм зегъэужьын.**

1. Бзэм теухуа псалъэжьхэр жыIэн, ахэм я мыхьэнэр убзыхун:

*1) Анэдэлъхубзэр лъэпкъым и гупсэщ.*

*2) Зи бзэ зыфIэцIыкIур цIыху Iейщ.*

*3) Лъэпкъым и лъапсэр хабзэмрэ бзэмрэщ.*

2. «Бзэ» псалъэм плъыфэцIэ къыхуэхьын: дахэ, шэрыуэ, къулей, гъэщIэгъуэн, н.къ.

**IX. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

***ЕгъэджакIуэм.*** Дэтхэнэ цIыхуми анэр, бзэр, Хэкур зэщ гъащIэм къызэрыритыр. Хэкумрэ бзэмрэ цIыхум и анэдэлъхущ. Уи анэдэлъхубзэр фIыуэ плъагъун хуейщ, сыту жыпIэмэ бзэр кIуэдыжмэ, лъэпкъри щыIэжынукъым. Бзэ куэд пщIэныр фIыщ, ауэ псом нэхърэ нэхъыфIу пщIэн хуейр уи бзэращ. Ар умыщIэу уи тхыдэри пщIэнукъым, цIыху гъэсауи укъалъытэнукъым.

**X. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэм и зы пычыгъуэ гукIэ зэгъэщIэн.

**XI. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## 20-нэ урок

У р о к ы р   з ы т е у х у а р :  АбытIэ Хъызыр «Ирипсалъэ, адыгэщI, адыгэбзэм!»

М у р а д ы р :  анэдэлъхубзэм и дахагъыр, и беягъыр зэхащIэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъун; анэбзэм пщIэ хуащIу егъэсэн; я бзэм зегъэужьын; я еджэкIэр егъэфIэкIуэн.

У р о к ы м   и   е к I у э к I ы к I э р :

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**



Сабийхэр (дискым е магнитофоным тетхауэ) щIэгъэдэIун бзу цIыкIухэм, жэмхэм, мэлхэм, нэгъуэщI псэущхьэхэм я щIэжьейхэмрэ езыхэмрэ я макъхэм.

1. Дауэ къыфщыхъуа, цIыкIухэ, мы зэхэфхар? Сыт а фызыщIэдэIуар зищIысыр? (Псэущхьэхэм, бзу цIыкIухэм я макъ.)

2. Дауэ ахэр зэрызэгурыIуэр? Дауэ зэпсалъэхэрэ? (Щхьэж езым и бзэкIэ зопсэлъэжри зэгуроIуэ.)

3. Сыт хуэдэ къалэн щхьэпэ игъэзащIэрэ бзэм гъащIэм и деж? (Бзэм цIыхухэр ирызэгуроIуэ, я гупсысэхэр кърыраIуатэ.)

ЕгъэджакIуэм бзэм гъащIэм и деж мыхьэнэшхуэ зэриIэр цIыкIухэм ягурегъэIуэ.

**III. АбытIэ Хъызыр и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ кIэщIу щыгъэгъуэзэн еджакIуэхэр.**

Адыгэ усакIуэ АбытIэ Хъызыр Али – Бэрдыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэ еджапIэр къиуха нэужь, ар щеджащ псыщIэгъэлъадэ техникумым. Хъызыр пасэу тхэн щIидзащ. Абы и усэхэр купщIафIэщ. Ахэр теухуащ хэкум, цIыхухэм, анэбзэм. Хъызыр и тхыгъэхэр Москва къыщыдэкIащ, урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ.

**IV. Усэм егъэджакIуэр гъэхуауэ къахуоджэ, цIыкIухэм ар къазэращыхъуар жаIэ.**

**V. Словарнэ лэжьыгъэ:**

*жыгей – дуб; пщIащэ – тхьэмпэ; Iущэщэн – щэхуу псэлъэн.*

**VI. ЦIыкIухэр иджыри зэ макъкIэ къеджа нэужь, усэр зэпкърыхын упщIэхэмкIэ:**

1. Сыт мы усэм и гусысэ нэхъыщхьэр? (Уи анэдэлъхубзэм урипсэлъэн зэрыхуеиращ.)

2. Дауэ къыхэщрэ мы усэм уи бзэр пщIэн зэрыхуейр? (Псэущхьэхэрэ пэт я шырхэм я бзэкIэ йобзэрабзэ.)

3. УсакIуэм сыт хуэдэ псалъэхэмкIэ захуигъазэрэ и лъэпкъэгъухэм? Усэм а щIыпIэр къыщывгъуэти фыкъеджэ.

**VII. Бзэм зегъэужьын.**

1. Псалъэухахэр нэвгъэсыж.

*Бзэ куэд дунейм ... (тетщ).*

*Бзэ псори щхьэж езыр зеимкIэ ... (дахэщ, лъапIэщ).*

*А псоми уащIэдэIуныр ... (гъэщIэгъуэнщ).*

*Сэ а псоми къахызогъуатэ си ... (адыгэбзэр, анэдэлъхубзэр).*

2. ГъащIэ щыхъукIэ мыгъуащэрэ щымыуэрэ щыIэкъым. Псэущхьэхэм и чэзум я бзэр зэрагъэщIакъым, зэгуэр гъуэщахэщи, иджы дэIэпыкъуэгъу мэлъыхъуэхэр. ФадэIэпыкъуи къахуэвгъуэтыж псэущхьэхэм я бзэхэр.

| | |
|---|---|
| *Шыр* | *мэбу* |
| *Хьэр* | *мэпщIэу* |
| *Жэмыр* | *мэщыщ* |
| *Джэдур* | *мэбанэ* |

**VIII. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

ЕджакIуэ цIыкIухэм псалъэухахэр нагъэсыж:

1. Сэ нобэрей ди дерсым сигу ирихьащ ... .

2. Сэ нобэ щIэуэ къэсщIащ ... .

**IX. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэм гъэхуауэ къеджэн.

**X. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## 21-нэ урок

Урокыр зытеухуар: Гъуэщокъуэ Хъусин «Зи бзэр зыгъэпудым»

Мурадыр: еджакIуэ цIыкIухэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэн; я анэдэлъхубзэм пщIэ хуащIу гъэсэн; я жьэрыIуатэбзэм, я еджэкIэм зегъэужьын.

### Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

Гъуэщокъуэ Хъусин и гъащIэм нэIуасэ хуэщIын:

– «Зи бзэр зыгъэпудым» усэр зытха Гъуэщокъуэ Хъусин Хьэбэз къуажэм къыщалъхуащ. И ныбжьыр илъэс 13 – м иту лэжьэн щIидзащ икIи гъащIэм и гугъуехьыр пасэу зэхищIащ. Хэку зауэшхуэм хэтащ, лIыгъэшхуэ хэлъуи зыкъигъэлъэгъуащ. Зауэм къыщыкIуэжам орден, медаль куэд и бгъэгум щылыдт. Хъусин усэ куэд итхащ. Абы и усэхэр теухуащ хэкум, цIыхугъэм, анэдэлъхубзэм, гуащIэдэкIым.

**III. Усэм егъэджакIуэр гъэхуауэ къахуоджэ, цIыкIухэм къалэн яхуещI усэм тэмэму къызэреджэн хуейм щIэдэIуну.**

**IV. Словарнэ лэжьыгъэ:**

*бзэр зыгъэпудым – бзэм пщIэ хуэзмыщIым; и зэфIэкIыр зыгъэлъахъшэм;*

*дзыхь хуэмыщIын – не доверять*

**V. ЕджакIуэхэр макъкIэ чэзууэ усэм иджыри зэ къегъэджэн, упщIэхэмкIэ зэпкърыхын:**

1. Анэдэлъхубзэм сыт хуэдэ щIыпIэ щигъуэтын хуей цIыху гъащIэм? (Анэдэлъхубзэм пщIэ хуищIын, фIыуэ илъагъун хуейщ дэтхэнэ зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж цIыхуми.)

2. Бзэм пщIэ хуэзмыщIым щхьэкIэ усакIуэм сыт жиIэр? (Зи бзэр фIыуэ зымылъагъум и щхьэри илъагъукъым, и гугъэхэри инкъым.)

3. Зи бзэр зыщIэ цIыхум сыт хуэдэ зэфIэкI иIэнур? (Зи бзэр фIыуэ зылъагъум и зэфIэкIхэри инынущ, нэгъуэщIыбзэхэри ищIэнущ.)

4. Фэ сыт хужыфIэфыну зи бзэр зыгъэпудым? (ЦIыкIухэм жэуап къат).

**VI. Бзэм зегъэужьын.**

*СурэтымкIэ лэжьэн. ЕгъэджакIуэм къыхиха сурэтымкIэ зэпсэлъэныгъэ ядрегъэкIуэкI. Бзэр зыгъэдахэ плъыфэцIэ къагъэсэбэпыпхъэхэм гу лъарегъатэ, упщIэхэр къагъэсэбэпурэ сурэтым толэжьыхь. ЕджакIуэхэм сочиненэ кIэщI цIыкIу жьэрыIуатэу зэхалъхьэ.*

**VII. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэм гъэхуауэ къеджэн.

***ЕгъэджакIуэм хуэгъэзауэ:*** тхакIуэ Къардэн Бубэ теухуауэ еджакIуитI – щым сообщенэ цIыкIухэр ягъэгъэхьэзырын.

**VIII. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## КЪЫТХУЕБЛАГЪЭ, ГЪАТХЭ!

## 22-нэ урок

Урокыр зытеухуар: Къардэн Бубэ «Гъатхэ»

Мурадыр: илъэсым и лъэхъэнэхэм, гъатхэ дунейм и щытыкIэхэм, а лъэхъэнэм цIыхухэм я лэжьыгъэм, псэущхьэхэм я гъащIэм къыщцыхъухэм теухуауэ еджакIуэхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэн; тхыгъэр зэпкърахынымкIэ зэфIэкIыу яIэм хэгъэхъуэн; я бзэм, я еджэкIэм зегъэужьын.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Урокым цIыкIухэр хуэгъэхьэзырын. ЕгъэджакIуэм сабийхэм захуегъазэ упщIэхэмкIэ.**

– Анэдэлъхубзэ дерсхэм сыт къащIэн, сытым зыхуагъэсэн хуей цIыкIухэм? (Анэдэлъхубзэ дерсхэм и деж ди бзэм зедгъэужьын, ди щIэныгъэм хэдгъэхъуэн, ди еджэкIэр, гъэсэныгъэр едгъэфIэкIуэн хуейщ.)

– Дерсыр екIуэкIыху дауэ фызэрыщытын хуейр? (Iэдэбу дыщысын, егъэджакIуэм жиIэм дедэIуэн, жану урокым дыхэлэжьыхьын хуейщ.)

– Фи Iуэхухэр ефIэкIуэну, щIэныгъэфI зэвгъэгъуэтыну сынывохъуэхъу псоми. ЩIэддзэнщ ди дерсым.

***II. ЕгъэджакIуэм.***

Псори экранымкIэ фыкъаплъэ! (Япэ слайд). Иджыпсту викторинэ цIыкIу едгъэкIуэкIынщ. Сэ къуажэхьхэр вжызоIэ, фэ – дахэу фогупсысри ахэр къывощIэ. Тэмэму жыфIэ жэуап къэс зы балл къэвлэжьынущ.

***Къуажэхьхэр:***

*1. Хуабэм емыжьэу, гъатхэм пежажьэ. (Ажэгъуэмэ).*

*2. А бзу фIыцIабзэ цIыкIур музыкант хьэлэмэтыщэщ, цIыхум хуэдэу мэфий. Сыт абы зэреджэр? (Бжэндэхъу).*



*3. Зи кIэр дыкъуакъуэу, бгыкъур зи унапIэ. (ПцIащхъуэ).*

*4. Уэсыр мэткIуж, псыхэр къовыж. Сыт щыгъуэ ар къыщыхъур? (Гъатхэм).*

*5. Уэсым къыпхырыплъу, щIылъэр къэзыплъыхь. (Ажэгъуэмэ).*

**III. ЕгъэджакIуэм викторинэм хэлэжьыхьахэм я жэуапхэм уасэ ирита нэужь, цIыкIухэм йоупщI:**

– ЦIыкIухэ, хэт къыджиIэн нобэрей ди урокыр зытеухуар? (Гъатхэ).

ЕгъэджакIуэм етIуанэ слайдыр къызэIуехри цIыкIухэр къоджэ: «Къытхуеблагъэ, гъатхэ!»

ЕгъэджакIуэм партэ къэс зы письмоулъэ (конверт) трелъхьэ, икIи яжреIэ зэпартэгъухэр зэдэлэжьэну. Письмоулъэм дэлъ карточкэхэм ярыт псалъэухахэр зэкIэлъыкIуэу ягъэтIылъу урокым и план зэхалъхьэну къалэн ящещI.

***(Карточкэхэм ятетхэр:** ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ нэIуасэ зыхуэщIын. Тхыгъэм къеджэн. УпщIэхэмкIэ зэпкърыхын. ТемэщIэр щIэгъэбыдыхьыжын).*

ЦIыкIуитI – щы план зэхагъэувам кърегъаджэ, егъэджакIуэми планыр зытет ещанэ слайдыр къызэIуех.

**IV. ЕгъэджакIуэм цIыкIухэм яжреIэ еджакIуэхэм тхакIуэ Къардэн Бубэ теухуауэ ягъэхьэзыра сообщенэхэм щIэдэIуну. (Нэхъ пасэу еджакIуитI – щым зарегъэгъэхьэзыр). Сабийхэм я сообщенэхэм къеджа нэужь, доскам магниткIэ кIэрагъапщIэ.**

***ЕджакIуэ 1-м:*** Къардэн Бубэ Мацыкъ и къуэр Къэбэрдей – Балъкъэрым щыщ Дыгулыбгъуей къуажэм 1917 гъэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къуажэм къыщиуха нэужь, Къэбэрдей – Балъкъэр къэрал пединститутым урысыбзэмрэ литературэмкIэ иIэ отделенэм щIотIысхьэ. Абы кууэ зрегъащIэ урысыбзэр, лъэпкъ куэдым я литературэхэм фIыуэ нэIуасэ зыхуещI, ЩоджэнцIыкIу Алий цIыхугъэ хуохъу икIи абы и чэнджэщкIэ урыс тхыгъэхэр адыгэбзэкIэ зэридзэкIыу щIедзэ. *(ЕджакIуэ цIыкIур доскам докIри и сообщенэ зытет тхылъымпIэр магниткIэ кIэрегъапщIэ).*

***ЕджакIуэ 2-м:*** Къардэн Бубэ пединститутыр къызэриухыу Хэку зауэшхуэр къохъей икIи езым и лъэIукIэ фронтым макIуэ. Зауэр екIуэкIыху лIыхъужьыгъэ хэлъу зыкъэзыгъэлъэгъуа Бубэ

майор цӀэр къыфӀащащ, «Краснэ знамени» орденитӀ, «Хэку зауэшхуэ» орденым и 2-нэ степеныр, «Вагъуэ плъыжьыр», медалу хы къыхуагъэфэщащ. *(ЕджакӀуэ цӀыкӀур доскам докӀри и сообщенэ зытет тхылъымпӀэр магниткӀэ кӀэрегъапщӀэ).*

***ЕджакӀуэ 3-м:*** Къардэн Бубэ зауэ нэужьым Къэбэрдей – Балъкъэр пединститутым урысыбзэмкӀэ кафедрэм и унафэщӀу, директорым и заместителу, илъэситӀкӀэ директору, иужькӀэ егъэджакӀуэу мэлажьэ. Бубэ усакӀуэ куэдым я тхыгъэхэр адыгэбзэкӀэ зэридзэкӀащ. *(ЕджакӀуэ цӀыкӀур доскам докӀри и сообщенэ зытет тхылъымпӀэр магниткӀэ кӀэрегъапщӀэ).*

**V. ЕгъэджакӀэм.** Ди планым щыщу сыт дгъэзэщӀа? (Авторым нэӀуасэ зыхуэтщӀа). АдэкӀэ сыт тщӀэн хуейр? (Тхыгъэм къеджэн).

**ЕгъэджакӀуэр тхыгъэм гъэхуауэ къахуоджэ, словарнэ лэжьыгъэ ирегъэкӀуэкӀ:**

*щӀыр къобатэ – щӀыр къощабэ;*

*мэлхъэпӀатӀэ – Ӏэщхэм я щӀыфэм зыхэзыукӀэ хьэпӀацӀэ;*

*гъупщ – мэш хьэуазэ (просяная солома).*

**VI. ПланымкӀэ ягъэзащӀа карточкэхэр Ӏуахыжри къыкӀэлъыкӀуэу ящӀэн хуейм къоджэ. Тхыгъэр зэпкърыхын.**

**1. ЕджакӀуэ цӀыкӀухэр чэзууэ тхыгъэм къоджэ, абзац къэс гъатхэм и нэщэнэу хэтхэр доскам къратхэ:**

а) Уэсыр ткӀужащ, псыр къиуащ.

б) Махуэхэр нэхъ кӀыхь мэхъу, уэшх хуабэ къошх, удзхэр, гъавэ къэкӀыгъэхэр щӀым къыхож, Ӏэщхэм дыгъэм зрагъэу.

в) Тракторхэр губгъуэм щовэ.

г) Бзу цӀыкӀухэр къэлъэтэжащ, цӀыкӀухэм бзу абгъуэхэр жыгхэм фӀалъхьэ.

д) ЦӀыкӀухэм хадэхэр, пщӀантӀэхэр ягъэкъабзэ, жыг лъабжьэхэр къатӀыхь, жыгыщӀэ цӀыкӀухэр хасэ.

Гъатхэм и нэщэнэхэм иджыри зэ къоджэж.

**2. Тхыгъэр зэпкърыхыным адэкӀэ пащэ, икӀи упщӀэхэм жэуап ират:**

– Сыт хуэдэ гъэм и лъэхъэнэхэм щыщ мы тхыгъэм къыщыгъэлъэгъуар? (Гъатхэ.)

– Дунейм дауэ зихъуэжа? (Махуэхэр нэхъ кӀыхь, нэхъ хуабэ хъуащ; удзхэр къыхэжащ, бзу цӀыкӀухэр къэлъэтэжащ.)



– ЦӀыхухэм сыт хуэдэ лэжьыгъэхэр ягъэзащӀэрэ? (Хадэхэр, пщӀантӀэхэр ягъэкъабзэ; жыг лъабжьэхэр къатӀыхь; бзу абгъуэхэр жыгхэм фӀалъхьэ.)

**3. УпщӀэхэм жэуап ирата нэужь, зы еджакӀуэм рассказыр къыжеӀэж.**

**VII. КъызэщӀэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

***ЕгъэджакӀуэм.*** Тхыгъэр зэпкърытхащ, планым ипкъ иткӀэ темэщӀэр щӀэдгъэбыдыхыжыныращ къэнар.

– Адыгэ тхакӀуэхэм ящыщу нобэ хэт нэӀуасэ зызыхуэфщӀар? (Адыгэ тхакӀуэ Къардэн Бубэ.)

– Сыт тхакӀуэм теухуауэ фэ нобэ къэфщӀар? (ЦӀыкӀухэм сообщенэм щыщу ягу ираубыдар жаӀэж).

– Сыт хуэдэ рассказ нобэ фызэджар? (Къардэн Бубэ и рассказ «Гъатхэм».)

– Фэ дауэ фыпежьэрэ гъатхэм? (ЦӀыкӀухэм жэуап къат).

– «Гъатхэр уафэ гъуанэщ» псалъэжьым и мыхьэнэр убзыхун.

**VIII. Урокыр къэпщытэжын.**

Псалъэухахэр нэвгъэсыж:

– Сэ нобэ сылэжьащ ...

– Сэ псом нэхърэ нэхъ сигу ирихьащ .... и лэжьэкӀэр.

**IX. Унэ лэжьыгъэ.**

Рассказыр къыжыӀэжын; ягу ирихьа щӀыпӀэм сурэт хуэщӀын.

## 23-нэ урок

Урокыр зытеухуар: Хьэкъун Исуф «Псэр хуэгуфӀэу»

Мурадыр: илъэсым и лъэхъэнэхэм, гъатхэм теухуауэ я щӀэныгъэм хэгъэхъуэн; усэм тэмэму къеджэнымкӀэ я зэфӀэкӀым зегъэубгъун; я бзэм, я еджэкӀэм зегъэужьын.

### Урокым и екӀуэкӀыкӀэр:

**I. Урокым цӀыкӀухэр хуэгъэхьэзырын.**

– Анэдэлъхубзэ дерсхэм сыт къащӀэн, сытым зыхуагъэсэн хуей цӀыкӀухэм? (Анэдэлъхубзэ дерсхэм и деж ди бзэм зедгъэ-

ужьын, ди щIэныгъэм хэдгъэхъуэн, ди еджэкIэр, гъэсэныгъэр едгъэфIэкIуэн хуейщ.)

– Дерсыр екIуэкIыху дауэ фызэрыщытын хуейр? (Iэдэбу дыщысын, егъэджакIуэм жиIэм дедэIуэн, жану урокым дыхэлэжьыхьын хуейщ.)

– Фи Iуэхухэр ефIэкIуэну, щIэныгъэфI зэвгъэгъуэтыну сынывохъуэхъу псоми. ЩIэддзэнщ ди дерсым.

***ЕгъэджакIуэм.*** Псалъэжьхэм я мыхьэнэхэр дауэ къывгурыIуэрэ?

– *«Гъатхэм пасэу пщIэр, бжьыхьэм игъуэу мэхъу».*

– *«Гъатхэм тумысар бжьыхьэм къытепхыжыркъым».*

– *«Гъэм и зы махуэм щIымахуэм уегъашхэ». (ЦIыкIухэм жэуап къат).*

– Сыт мы псалъэжьхэр зы зыщIыр? (Псори гъатхэм зэрытеухуам.)

– ЦIыкIухэ, хэт къыджиIэн нобэрей ди урокыр зытеухуар? (Гъатхэ.)

– Гъатхэ мазэхэм дауэ зэреджэр? (Март – гъатхэпэ, апрель – мэлыжьыхь, май – накъыгъэ.)

**II. ЕгъэджакIуэм урокыр зытеухуар яжреIэ цIыкIухэм: Хьэкъун Исуф «Псэр хуэгуфIэу».**

ЕджакIуэ цIыкIухэм урокым и планыр зэхалъхьэ:

ТхакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ нэIуасэ зыхуэщIын. Усэм къеджэн. УпщIэхэмкIэ усэр зэпкърыхын. ТемэщIэр щIэгъэбыдыхьыжын.

ЦIыкIуитI – щы план зэхагъэувам кърегъаджэ, егъэджакIуэми доскам планыр къыфIелъхьэ.

**III. ЕгъэджакIуэм цIыкIухэр нэIуасэ хуещI Хьэкъун Исуф и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ.**

Хьэкъун Исуф Хьэбэз районым щыщ Инжыджышхуэ къуажэм къыщалъхуащ. Исуф и щIалэгъуэр здигъэкIуар Хьэбэз къуажэращ. Исуф куэдрэ лэжьащ егъэджакIуэу. Хьэкъун Исуф адыгэ тхакIуэ – усакIуэщ. Ар матхэ сабийхэми балигъхэми папщIэ. Исуф и усэ куэдым адыгэ композитор Даур Аслъэн макъамэ дахэхэр щIигъэуващ.



**IV. ЕгъэджакIуэр усэм гъэхуауэ къахуоджэ, словарнэ лэжьыгъэ ирегъэкIуэкI:**

*пщIыпщIын – лыдын; жьы дегъэкI – зарегъэгъэпсэху; щIэжьей – псэущхьэхэм я шырхэр; вы хэпщ – выхэр жэщкIэ зыгъэхъу цIыкIухэр; жырыш – трактор.*

**V. Усэр зэпкърыхын.**

**1. ЕджакIуэ цIыкIухэр чэзууэ усэм къоджэ, едзыгъуэ къэс гъатхэм и нэщэнэу хэтхэр къыхатхыкI:**

1) Уэсыр ткIужащ, уэшх къешхащ.

2) Жыг цIыкIухэр къэщIэрэщIахэщ, нэжэгужэ къэхъуахэщ.

3) Бзу цIыкIухэр къэлъэтэжауэ абгъуэхэр жыгхэм фIащIыхь.

4) ЦIыхухэм губгъуэ лэжьыгъэхэр щIадзащ.

5) ДэнэкIи трактор макъхэр къыщоIу.

Гъатхэм и нэщэнэхэм иджыри зэ къоджэж.

**2. Тхыгъэр зэпкърыхыным адэкIэ пащэ, икIи упщIэхэм жэуап ират:**

– Дауэ пежьа гъатхэ хьэщIэм щIыр? (ЩIым джанэ хужьыр зыщихыжри гъатхэм зыхуигъэхьэзыра.)

– Къуалэбзухэмрэ щIэжьей цIыкIухэмрэ гъатхэм дауэ дэуша? (Бзу цIыкIухэр къэлъэтэжащи гуфIэу абгъуэхэр ящI, щIэжьей цIыкIухэм къажыхь.)

– ЦIыхухэм дауэ зыхуагъэхьэзыррэ гъатхэ вэн – сэным? (ДэнэкIи трактор макъхэр къоIукI, цIыхухэм вэн – сэныр щIадзащ.)

– Мы усэм фыщеджэкIэ сыт хуэдэ фи гукъыдэжыр? (Усэм дыщеджэкIэ ди гукъыдэжым зеIэт, гъатхэм псэр догуфIэ.)

**VI. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

***ЕгъэджакIуэм.***

– Адыгэ тхакIуэхэм ящыщу нобэ хэт нэIуасэ зызыхуэфщIар? (Адыгэ тхакIуэ Хьэкъун Исуф.)

– Сыт тхакIуэм теухуауэ фэ нобэ къэфщIар? (ЦIыкIухэм жэуап къат).

– Сыт хуэдэ усэ нобэ фызэджар? (Хьэкъун Исуф и усэ «Псэр хуэгуфIэу».)

– Фэ дауэ фыпежьэрэ гъатхэм? (ЦIыкIухэм жэуап къат).

**VII. Бзэм зегъэужьын.**

Мы щыIэцIэхэм мыхьэнэкIэ къекIун плъыфэцIэхэр къахуэхьын.

*Гъатхэ – хуабэ, гуапэ, пасэ, уэлбанэрилэ, уэгъу, н.къ.*
*Жыг – цIыкIу, баринэ, ин, щхъуантIэ, гъэгъа, н.къ.*

**VIII. Урокыр къэпщытэжын.**

Псалъэухахэр нэвгъэсыж:

– Сэ нобэрей ди дерсым щыщу сигу ирихьащ ...

– Сэ щIэуэ къэсщIащ ... .

**IX. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэм гъэхуауэ къеджэн.

***ЕгъэджакIуэм хуэгъэзауэ:*** къыкIэлъыкIуэ урокым техуэу мартым и 8 – р гъэлъэпIэныр къызытекIам теухуауэ сообщенэ цIыкIу зы еджакIуэм егъэхьэзыр.

ЕджакIуищым «ТекIуэныгъэм и Махуэ» темэр щаджыну урокым ирихьэлIэу ягъэхьэзырыну проектнэ лэжьыгъэ ятын Къардэн Мурат, Хьэбэч Умар, Къардэн Уэхьид сымэ зэрахьа лIыхъужьыгъэм теухуауэ.



## БЗЫЛЪХУГЪЭХЭМ Я МАХУЭ

### 24-нэ урок

Урокыр зытеухуар: Мартым и 8-р бзылъхугъэхэм я махуэшхуэщ. Шорэ Хьэсин «Мамэ»

Мурадыр: еджакIуэхэм а махуэ лъапIэм хащIыкIым, абы гуапагъэу хуаIэм хэгъэхъуэн; анэхэм хуаIэ фIылъагъуныгъэр нэхъ куу щIын; адыгэ хабзэм хуэфэщэн пщIэ нэсауэ хуащIыным хуэгъэсэн; къызэджар зэпкърахынымкIэ я зэфIэкIхэм хэгъэхъуэн; я бзэм зегъэужьын.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

– Сыт хуэдэ махуэшхуэ мартым и 8 – м дгъэлъапIэр? (Мартым и 8 – р бзылъхугъэхэм я махуэшхуэщ.)

– ФщIэуэ пIэрэ а махуэшхуэр щIэдгъэлъапIэр? (ЦIыкIухэм жэуап къат).

Сабийхэм я жэуапхэм щIэдэIуа нэужь, егъэджакIуэм абыхэм яжреIэ мартым и 8 – м теухуауэ я классэгъу (сообщенэ зыгъэхьэзырам и цIэр къреIуэ) сообщенэ цIыкIу зэригъэхьэзырар, икIи къалэн яхуещI дахэу щIэдэIуу махуэщIыр къыздежьар ягу ираубыдэну.

**III. «Мартым и 8-р бзылъхугъэхэм я махуэшхуэщ» тхыгъэм къахуеджа нэужь, словарнэ лэжьыгъэ ерегъэкIуэкI егъэджакIуэм:**

*шыр Iэдэжу иIыгъыу – шыр IумпIэкIэ иIыгъыу; хъулъхугъэ – цIыхухъу; нэмысыфIэ – гъэса.*

**IV. ЕджакIуэхэр чэзуурэ макъкIэ къоджэ тхыгъэм. УпщIэхэмкIэ зэпкърах:**

Сыт хуэдэ хабзэфIхэр яхэлъу щыта адыгэхэм? (ЦIыкIухэм жаIэ зэджам щыщу ягу ираубыдахэр).

Ди зэманым а хабзэ дахэхэм щыщу сыт хуэдэхэр зэрахьэрэ?

Дауэ ухущытын хуей бзылъхугъэм, нэхъыжьым?

«ЦIыхубзым пшэрыхь хущанэ» псалъэжьым и мыхьэнэр хэт къыджиIэфыну? (ЩакIуэ къикIыжу бзылъхугъэ къахуэзамэ, а къащэкIуар абы къыхуагъанэрти кIуэжырт. Абы къегъэлъагъуэ бзылъхугъэм пщIэшхуэ зэрыхуащIыр.)

ЕгъэджакIуэм цIыкIухэм я жэуапхэр щIегъэбыдыхьыж. Абы сабийхэм я гупсысэм негъэс хабзэ дахэ куэд ди лъэпкъым къызэрыдэгъуэгурыкIуэр, икIи адыгэ хабзэм бзылъхугъэм сыт щыгъуи хуэфэщэн пщIэ зэрыхуищIыр.

***V. ЕгъэджакIуэм.*** **ЕтIуанэ тхыгъэу нобэ дэ деджэнущ Шорэ Хьэсин и усэ «Мамэ».**

Шорэ Хьэсин Али – Бэрдыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Хьэсин еханэ классым хэсу тхэн щIидзащ. 1967 гъэм къыщыщIэдзауэ я къуажэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэкIэ иригъаджэу лэжьащ. Хьэсин усэ куэд итхащ анэм, цIыхугъэм, хэкум теухуауэ.

**VI. ЕгъэджакIуэр гъэхуауэ, зэхэщIэгъуэу усэм къахуоджэ** (дискым тетхауэ ебгъэдэIуми нэхъыфIыжщ). ЦIыкIухэр усэм щIэдэIуа нэужь, ар зытеухуар, и купщIэр къаIуатэ.

**VII. Словарнэ лэжьыгъэ:**

*дарий – щэкI лIэужьыгъуэ (парча, атлас); гъейшей – сымаджэ, гу къыдэмыж.*

**VIII. ЕджакIуэ цIыкIухэр зэрызэ усэм езыр-езыру къеджа нэужь, упщIэхэмкIэ зэпкърах тхыгъэр.**

1. Сыт псэ зыIуту хъуар къыхэмыщтыкIыу щIэжейр? (Ди щIы – анэм щIеупскIэри.)

2. Хэт псори мамыру жей IэфIым щыхэтым и дежи мыжейр? (Псори жей IэфIым щыхэтми тыншу мыжейр анэращ.)

3. Сыт щхьэкIэ анэр щIэмыжейр тыншу? (Быным игу хуэмыгъуэщи.)

4. Хэт быным сыт щыгъуи хуэгузавэр? (Анэращ.)

5. Сыт хуэдэ псалъэ IэфIхэр усакIуэм хужиIэрэ анэм? (Мамэ дахэкIей, лъапIэ, си псэм хуэдэ, псом я лей.)

6. Фэ сыт хуэдэ псалъэ дахэхэр яхужыфIэфыну фи анэхэм?



ЦIыкIухэм я жэуапхэм щIэдэIуа нэужь, егъэджакIуэм сабийхэм ягурегъаIуэ анэм нэхъ лъапIэ дунейм зэрытемытыр, анэм пщIэрэ фIылъагъуныгъэурэ худиIэр зэрыгъунэншэр.

**IX. Бзэм зегъэужьын.**

ЕгъэджакIуэм доскам бзылъхугъэ сурэт къыфIелъхьэ. ЦIыкIухэм я анэхэм Iуэхуу я пщэ дэлъхэм щыщ зырыз ятхыурэ сурэтым и хъуреягъым доскам магниткIэ кIэрагъапщIэ. Псалъэм папщIэ, мэлажьэ, мэжьыщIэ, мэтхьэщIэ, мэпщафIэ, сабийхэм я дерсхэр щащIкIэ ядоIэпыкъу, сабий нэхъыщIэхэр садым ешэ, н. къ.

ЕджакIуэ цIыкIухэм нэIурыт яхуещI анэм зыгъэпсэхугъуэ зэман зэримыIэр, Iуэху куэд и пщэ зэрыдэлъыр, итIанэ цIыкIухэм захуегъазэ хэт сыткIэ анэм и Iуэхухэр хуигъэпсынщIэфынуми. ЕджакIуэ цIыкIухэр доскам чэзууэ къыдэкIыурэ езыр анэм сэбэп зэрыхуэхъуфынур зэрыт тхылъымпIэр къыкIэрех. Псалъэм папщIэ, зы сабийм къещтэ сабийр садым шэныр, адрейм хьэкъущыкъу тхьэщIыныр, ещанэм – жьыщIэныр.

ЕгъэджакIуэм цIыкIухэм къагурегъаIуэ анэм Iуэхуу ищIэр зихуэдизымрэ езыхэр сэбэп зэрыхъуфынумрэ. Зы Iуэху нэхъ нэмыIэми щхьэщахмэ, анэм зыгъэпсэхугъуэ зэ-ман къызэрыхудэхуэнур.

**X. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

– Сыт щыгъуэ лъандэрэ мартым и 8-р ягъэлъапIэрэ бзылъхугъэхэм я махуэшхуэу? (1910 гъэ лъандэрэ мартым и 8-р бзылъхугъэхэм я Махуэу къокIуэкI.)

– Бзылъхугъэм пасэм щыгъуэ дауэ хущытхэт? (Хуэфэщэн пщIэ хуащIт.)

– Анэм дауэ дыхущытын хуей? (Анэм гуапэу, щабэу депсалъэу, дедаIуэу, игу хэдмыгъэщIу дыщытын хуейщ.)

**XI. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэм икIэ сатыриплIыр гукIэ зэгъэщIэн. Къэрал зэхуэмыдэхэм мартым и 8-р зэрагъэлъапIэм теухуа сообщенэ цIыкIу гъэхьэзырын.

**XII. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## 25-нэ урок

Урокыр зытеухуар: Гъуэщокъуэ Хъусин «Анэм и ущие»

Мурадыр: анэм хуаIэ фIылъагъуныгъэр нэхъ куу щIын; анэ – адэм пщIэ хуащIу, я гугъуехьыр зэхащIэу гъэсэн; я бзэм зегъэужьын, я еджэкIэр егъэфIэкIуэн.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

1. Псалъэ тIурытIу зэдзылIахэр зыхэт псалъэжьхэр ягу къагъэкIыж:

*анэ – джэдыгу; анэ – адэ; анэ – был; анэ – гъащIэ.*

***Псалъэжьхэр:***

*Анэ бгъафэрэ хъурыфэ джэдыгурэ.*

*Анэр нэщи, адэр лъэпкъыщ.*

*Анэр нэм хуэдэщи, адэр дэм хуэдэщ.*

*Анэм и быныр и зэхуэдэщ.*

*ЦIыхубзыр гъащIэм и анэщ.*

Псалъэжьхэм цIыкIухэр къегъэджэн, *ахэр зы зыщIым гу лъагъэтэн: ахэр псори анэм теухуащ.* Псалъэжьхэм я мыхьэнэхэр къазэрыгурыIуэр къэхутэн.

***2. ЕгъэджакIуэм.*** ЦIыкIухэ, хэт къыджиIэн нобэрей ди дерсыр сыт зытедухуэнур? (Анэм.) Тэмэмщ, цIыкIухэ, нобэ дэ деджэнущ Гъуэщокъуэ Хъусин и усэ «Анэм и ущие».

Ди лъэпкъым и усакIуэшхуэ Гъуэщокъуэ Хъусин и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ фэ фыщыгъуазэщ. Хэт дигу къыгъэкIыжын усакIуэм теухуауэ дызэджар? (Зы еджакIуэр кIэщIу Гъуэщокъуэ Хъусин къытопсэлъыхь).

Гъуэщокъуэ Хъусин Хьэбэз къуажэм къыщалъхуащ. И ныбжьыр илъэс 13 – м иту лэжьэн щIидзащ икIи гъащIэм и гугъуехьыр пасэу зэхищIащ. Хэку зауэшхуэм хэтащ, лIыгъэшхуэ хэлъуи зыкъигъэлъэгъуащ. Зауэм хэтыху орден, медаль куэд къыхуагъэфэщащ. Хъусин усэ куэд итхащ. Абы и усэхэр теухуащ хэкум, цIыхугъэм, анэдэлъхубзэм, гуащIэдэкIым.



**III. Усэм къеджэным и пэкIэ, усэм и цIэм иджыри зэ къоджэжри егъэджакIуэр щIоупщIэ:**

– ЦIыкIухэ, дауэ фегупсысрэ сыт мы усэр зытеухуар? «Ущие» псалъэр дауэ къывгурыIуэрэ? (ЦIыкIухэм я гупсысэхэр къаIуатэ).

– «Ущие» псалъэм къикIыр гъэсэн, гъуэгу тэмэм тегъэувэн (наставление).

ЕгъэджакIуэр гъэхуауэ къоджэ усэм, цIыкIухэм ар къазэращыхъуар жаIэ.

**IV. Словарнэ лэжьыгъэ:**

*дэхуэха – мыхъумыщIэ къехъулIа (попасть в беду, оказаться в незавидном положении);*

*мылъку – цIыхум зэхуихьэса, къиугъуея унэлъащIэ (имущество);*

*цIыху хей – цIыху захуэ (невинный, правый);*

*зыгъэщIэращIэр – зыгъэдахэр.*

**V. ЕджакIуэхэр чэзуурэ усэм кърегъаджэ, анэм и ущиеу усэм хэтхэр къыхагъуатэ:** адэжь Хэкум и щIыхьыр хъумэ; гугъу Iей ехьым дэIэпыкъу; цIыху хейм гунэс хуэхъу; лIыгъэншэу зыми зомыгъэлъагъу.

– Сыт хуэдэ хьэл – щэнхэр и быным дилъагъуну хуей анэр? (Щыпкъагъэ, пэжыгъэ, хьэлэлагъ, лIыгъэ, гущIэгъуныгъэ.)

– Сыт анэм гъащIэм и деж псом нэхърэ нэхъ лъапIэу къилъытэр? (ЦIыхуращ, цIыху гъащIэращ.)

– Анэм и ущием Хэку фIылъагъуныгъэр дауэ къыхэщрэ? (Адэжь хэкур фIыуэ лъагъун, и щIыхьыр хъумэн дэнэ дежи.)

– Анэм сыт хуэдэ псалъэхэмкIэ зыхуигъазэрэ и быным?

(«Тет уи гъуэгум гъащIэр фIыуэ пщIэуэ,

Насып, гъащIэ куэду зыгъуэтын».)

– Сыт а псалъэхэмкIэ усакIуэм жиIэну зыхуейр? (Дэтхэнэ анэри хуейщ и быныр гъуэгу захуэ, гъуэгу пэж тету псэуну, гъащIэ кIыхь, насыпыфIэ хъуну.)

**VI. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

– Дэтхэнэ анэми и быныр сыт хуэдэу щытыну хуей?

– Фэ фи анэхэр сыткIэ вгъэгуфIэрэ?

ЦIыкIухэм жэуап къата нэужь, егъэджакIуэм щIегъэбыдыхьыж сабийхэм я псалъэхэр. ЕджакIуэхэм яжреIэ дэтхэнэ

анэми и быныр гъэсауэ, узыншэу, насыпыфIэу илъагъуным зэрыщIэхъуэпсыр, икIи быным абыкIэ куэд зэрелъытар.

**VII. Бзэм зегъэужьын.**

Планым тету сабийхэм жьэрыIуатэу сочиненэ цIыкIу зэхалъхьэ:

1. Си анэм и цIэр, и IэщIагъэр.
2. Си анэм и хьэл – щэнхэр.
3. Си анэм унагъуэм щиIэ къалэнхэр.
4. Си анэр къызэрысхущытыр.
5. Сэ си анэм сызэрыдэIэпыкъур.

**VIII. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэм гъэхуауэ къеджэфу зегъэсэн.

**IX. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.



## ЦIЫХУР ЗЫГЪЭБЖЬЫФIЭР – ЛЭЖЬЫГЪЭРЩ.

*Мы разделыр щаджкIэ егъэджакIуэм гурыIуэгъуэ яхуищIыпхъэщ ущIалэ щIыкIэ уи щхьэ ухуэлажьэу уесэн зэрыхуейр. Адыгэхэм лэжьэным, гугъуехьым зэи зыпыIуадзакъым, абы папщIэ цIыкIухэр гуащIэдэкIым, захуагъэм я телъхьэу гъэсэн хуейщ.*

### 26-нэ урок

Урокыр зытеухуар: Гъуэщокъуэ Хъусин «Хъалил псоми щапхъэ тефх»

Мурадыр: еджакIуэ цIыкIухэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэн; сабийхэр хуэгъэсэн я унагъуэм, еджапIэм, цIыхум щахыхьэкIэ яхэлъын хуей Iэдэбым; я бзэм зегъэужьын, я еджэкIэр егъэфIэкIуэн.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

«Унэм зыгъаси хасэм яхыхьэ» псалъэжьым и мыхьэнэр къазэрыгурыIуэр цIыкIухэм жагъэIэн. ЕджакIуэхэм я жэуапхэм едэIуа нэужь, егъэджакIуэм яжреIэ цIыхум и гъэсэныгъэр унагъуэм къызэрыщежьэр.

– Сыт хуэдэ хьэл – щэн хэлъын хуей цIыху гъэсам? (ЕджакIуэхэм кърабжэкI).

– Сыт нобэрей ди дерсыр зытеухуар? (Хьэл – щэн дахэхэм, гъэсэныгъэм.)

**III. ЕгъэджакIуэр гъэхуауэ къоджэ усэм, цIыкIухэм ар къазэращыхъуар жаIэ.**

Усэм къеджэным и пэкIэ, цIыкIухэм тхылъыр къызэIуахри усэм и цIэм къоджэ, икIи къыжаIэ Хъалил псоми щапхъэ щахуэхъукIэ сыт хуэдэ цIыхуми:

– Хъалил цIыху гъэсащ, сыту жыпIэмэ псоми щапхъэ яхуохъу.

**IV. Словарнэ лэжьыгъэ:**

*дерс – унэ лэжьыгъэу къратар;*

*Iэдэж ищIри – Iэ лъэныкъуэмкIэ иубыдри;*

*щэныфIэ – щытыкIэ дахэ, Iэдэб.*

**V. ЕджакIуэхэр чэзуурэ усэм кърегъаджэ. Усэр упщIэхэмкIэ зэпкърах:**

1. Мы усэр Iыхьэ дапщэу бгуэш хъуну? (Усэр IыхьитIу бгуэш хъунущ: Хъалил еджапIэм зызэригъэхьэзырымрэ еджапIэм зэрыщыIэмрэ.)

2. ЕджапIэм кIуэным дауэ зыхуигъэхьэзыррэ Хъалил? (Жьыуэ къотэдж, псы щIыIэкIэ зетхьэщI, и дерсхэр щIеплъыкIыж.)

3. ЕджапIэм и деж сыт хуэдэ щытыкIэ иIэ Хъалил? (Гуапэу сэлам ех, егъэджакIуэм жиIэ псоми фIэгъэщIэгъуэну йодэIу, и тетрадхэр къабзэ дыдэщ, «тху» защIэкIэ йоджэ.)

4. Сыт хуэдэ щэн щапхъэ хъуну Хъалил иIэр? (ЩэныфIэщ, жыIэдаIуэщ, гуапэщ, фIы дыдэу йоджэ.)

**VI. Бзэм зегъэужьын.**

1. Мы цIыхум и хьэл – щэн дахэхэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэхэм мыхьэнэкIэ япэщIэуэхэр къэвгъуэти тхылъымпIэм тефтхэ:

*ЩэныфIэ – (щэныншэ)*

*Iэсэ – (бзаджэ)*

*Iэдэб – (щIыкIей)*

*Пэж – (пцIыупс)*

– Псалъэ фтхахэм фыкъеджэж.

Езыр – езыру сабийхэр ятхам къеджэжа нэужь, зыр макъкIэ кърегъаджэ: щэныншэ, бзаджэ, щIыкIей, пцIыупс.

– Ахэр сыт хуэдэ хьэл – щэн? (Iей.)

– Иджы фи тхылъымпIэ цIыкIу ахэр зэрытхэр зэIыфтхъи хыфIэвдзэж. Хьэл – щэн Iейхэр хыфIэддзащ фIыхэр къэдгъанэри. Иджы хуабжьу сыфщогугъ щэныфIэу сыт щыгъуи фыщытыну.

2. Псалъэухар нэвгъэсыж.

Сэ си ныбжьэгъур щытыну сыхуейщ ... .



**VII. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

– Сыт хуэдэ цIыху щапхъэ зытрахыр? (ЦIыху гъэсам, Iэдэбым.)

– Сыт мы усэм усакIуэм «Хъалил псоми щапхъэ тефх» щIыфIищар? (Дэтхэнэ цIыху щэныфIэри адрейхэм щапхъэ яхуэхъуу щытын хуейщ.)

**VIII. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэм гъэхуауэ къеджэфу зегъэсэн.

***ЕгъэджакIуэм хуэгъэзауэ:*** «Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныр» темэмкIэ урок – конференцым хэт ролхэр цIыкIухэм яхуэгуэшын, икIи материалхэр нэхъ пасэу ягъэгъэхьэзырын.

**IX. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## МАМЫРЫГЪЭМРЭ ГУАЩӀЭДЭКӀЫМРЭ

### 27-нэ урок

Урокыр зытеухуар: Гъуэщокъуэ Хъусин «Май», Нэхущ Мухьэмэд «Май»

Мурадыр: дунейм и къэхъукъащӀэхэм теухуауэ яӀэ зэхэщӀыкӀым хэгъэхъуэн; мамырыгъэмрэ гуащӀэдэкӀымрэ я махуэшхуэм мыхьэнэуэ иӀэр къагурыгъэӀуэн; еджэнымкӀи зэджар зэпкърыхынымкӀи я зэфӀэкӀхэм зегъэубгъун.

Урокым и екӀуэкӀыкӀэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщӀэм хэзышэ псалъэ.**

***1. ЕгъэджакӀуэм.*** ЦӀыкӀухэ, фи нэгу къыщӀэвгъыхьэ тыншу шэнт щабэм е диваным фису кино феплъыну зывгъэхьэзырауэ. Ауэ кино щӀидзэркъым, абы и пӀэкӀэ гъатхэм теухуа сурэтым экраныр еуфэбгъу, макъамэ дахэ дыдэ къоӀу, икӀи усэр къызэхывох. (Компьюторым и экраным гъатхэм и сурэт итщ, макъамэр къоӀу). ЕгъэджакӀуэр Гъуэщокъуэ Хъусин и «Май» усэм гъэхуауэ къоджэ. ИтӀанэ цӀыкӀухэм захуегъазэ:

– Сыт хуэдэ гухэлъхэр, мурадхэр къыфхуигъэуша фызэдэӀуам? (ЦӀыкӀухэм жэуап къат).

– Фи тхылъхэр къызэӀуфхи усэр зытхам фыкъеджэ. (Гъуэщокъуэ Хъусин)

2. Мис иджыри зэ дыхуэзащ ди адыгэ усакӀуэ щэджащэ, зи ӀэдакъэщӀэкӀхэр уахътыншэ Гъуэщокъуэ Хъусин. Сэ къысщохъу, мы усакӀуэ хьэлэмэтым и усэ удэзыхьэххэмкӀэ фи гумрэ фи псэмрэ къызэщӀиӀэтауэ.

Гъуэщокъуэ Хъусин Хьэбэз къуажэм къыщалъхуащ. И ныбжьыр илъэс 13-м иту лэжьэн щӀидзащ икӀи гъащӀэм и гугъуехьыр пасэу зыхищӀащ. Хэку зауэшхуэм хэтащ, лӀыгъэшхуэ хэлъуи зыкъигъэлъэгъуащ. Зауэм хэтыху орден, медаль



куэд къыхуагъэфэщащ. Хъусин усэ куэд итхащ. Абы и усэхэр теухуащ хэкум, цӀыхугъэм, анэдэлъхубзэм, гуащӀэдэкӀым.

**III. Усэр зэпкърыхын. ЕгъэджакӀуэр иджыри зэ усэм къахуоджэ, упщӀэ яхуегъэув:**

1. Сыт фи нэгу къыщӀыхьэр мы усэм фыщедэӀукӀэ? ЖьэрыӀуатэу сурэт хуэфщӀ.

2. Дауэ пежьа май мазэм дунейм псэ зыӀуту тетыр? (Псори гуфӀэгъуэм зэщӀеӀэтэ.)

3. Дауэ ягъэлъапӀэрэ цӀыхубэм Махуэшхуэр? (ГуфӀэгъуэ уэрэдхэр жаӀэ, къалэ, къуажэ уэрамхэм гуфӀэгъуэ ныпхэр хуаӀэт.)

4. Сыт хуэдэ хъуэхъукӀэ усакӀуэм захуигъазэрэ цӀыхухэм? Тхылъым а щӀыпӀэр къыщывгъуэти фыкъеджэ.

5. Дауэ укъызэреджэн хуейр мы усэм? Сыт щхьэкӀэ? (Усэм макъ ӀэтакӀэ, гуфӀэгъуэ макъкӀэ уеджэн хуейщ, сыту жыпӀэмэ Махуэшхуэм псоми гуфӀэгъуэ къытхуехьри.)

**IV. Усэм сабийхэр макъкӀэ къоджэ, словарнэ лэжьыгъэ ирагъэкӀуэкӀ:**

*уэрэдыр къыпхураш – уэрэдыр къыпхужаӀэ; нып – бэракъ.*

***V. ЕгъэджакӀуэм.*** Май Махуэшхуэм тетхыхьа адыгэ усакӀуэ ди мащӀэкъым. Нобэ нэӀуасэ зыхуэтщӀынущ ди усакӀуэшхуэ Нэхущ Мухьмэд и лэжьыгъэм.

Нэхущ Мухьэмэд къыщалъхуащ Али – Бэрдыкъуэ къуажэм. Къуажэ курыт еджапӀэр къиуха нэужь, Мухьэмэд къулыкъум ираджэ. Къулыкъу нэужьым и лъахэм къигъэзэжри, илъэс зыбжанэкӀэ щылэжьащ Хьэбэз район радиовещанэм. Усэхэри, рассказхэри итхт, журналист лэжьыгъэми фӀыуэ хэзагъэт. Москва дэт М. Горькэм и цӀэр зезыхьэ литературнэ институтыр къиуха нэужь, Мухьэмэд «Черкес хэку» газетым лэжьакӀуэ ящтэ, икӀи мис а гъэхэм и усэ нэхъыфӀхэр етх.

**VI. Нэхущ Мухьэмэд и усэ «Май» егъэджакӀуэр къахуоджэ, словарнэ лэжьыгъэ ирегъэкӀуэкӀ:**

*удзыщӀэр и нэзу – удзыщӀэр и бгъухэм екӀуэкӀыу Ӏуту;*
*жьантӀэ – щӀыхь зыпылъ щӀыпӀэ (почётное место);*
*мыкӀуэщӀым – мыухыжым;*
*телъыджэ – гъэщӀэгъуэныщэ.*

**VII. Усэм сабийхэр зэрызэ йоджэ, ар упщӀэхэмкӀэ зэпкърах:**

1. УсакӀуэм майм и дахагъыр дауэ къигъэлъагъуэрэ? (Псэр ехъуапсэу дэнэкӀи щхъуантӀабзэщ, щӀэращӀэщ.)

2. Сыт усакIуэм майм IэщIагъэ иIэу щIыжиIэр? (Дунейр щхъуантIэ щIэращIэ зэрыхъур IэщIагъэ зиIэ дакIуэм и лэжьыгъэм ирегъапщэ.)

**VIII. Бзэм зегъэужьын.**

ЕгъэджакIуэм зы еджакIуэр кърегъаджэ Нэхущ Мухьэмэд и усэм и ещанэ едзыгъуэм, икIи упщIэ яхуегъэув:

– Сыт мы сатырхэмкIэ усакIуэм къыджиIэр? (Гъатхэм IэщIагъэшхуэ зэриIэр.)

***ЕгъэджакIуэм.*** Мы сатырхэм мыхьэнэшхуэ якIуэцIылъщ, цIыкIухэ. Махуэ къэс зэхэтх, дызэсэжа псалъэ зыбжанэмкIэ куэд къыджеIэр усакIуэм. Мы сатырхэм къагъэлъагъуэ IэщIагъэ уиIэныр, уи IэщIагъэр фIыуэ пщIэным щIыхьышхуэ зэрыпылъыр. А сатыр дыдэхэм къыдагъэлъагъу май мазэм дунейм и дахагъри. Мис аращ тхакIуэ, усакIуэхэм щхьэкIэ художественнэ псалъэм хуэIэзэ (мастер художественного слова) щIыжаIэр.

– ЦIыкIухэ, фэ сыт хуэдэ IэщIагъэхэр фщIэрэ? IэщIагъэ зыхуеджэнур къыхэзыха къыфхэту пIэрэ? (ЦIыкIухэм жэуап къат)

***ЕгъэджакIуэм.*** ЦIыхум Iэщагъэ иIэу, и лэжьыгъэр фIыуэ игъэзэщIэфу щытыныр насыпыфIагъэщ, сыту жыпIэмэ цIыхум нэхъыщхьэу пщIэ зэрыхуащIыр и лэжьыгъэмрэ и Iуэху щIэкIэмрэщ.

**IX. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

– Сыт нобэ дызэджа усэхэр зытеухуар? (Май мазэм дунейм и дахагъымрэ май Махуэшхуэр цIыхухэм зэрагъэлъапIэмрэ.)

– Майм и 1 – м дгъэлъапIэр сыт? (Майм и 1-м догъэлъапIэр Мамырыгъэмрэ гуащIэдэкIымрэ я Махуэр.)

***ЕгъэджакIуэм.*** Ди хэкум щагъэлъапIэр цIыху лэжьакIуэ псори. Къэралым зэрымыщIэкIэ игъэлъапIэкъым, цIыкIухэ, мамырыгъэмрэ гуащIэдэкIымрэ дунейм и дахэгъуэм. ЦIыхум и гуащIэм къыпэкIуэ лэжьыгъэмрэ дуней мамыр дахэмрэ хуэдэу уи гукъыдэжыр къэзыIэт щыIэкъым.

**X. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэхэм гъэхуауэ къеджэфу зегъэсэн.

**XI. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.



# ТЕКIУЭНЫГЪЭМ И МАХУЭ

## 28-нэ урок

Урокыр зытеухуар: КIыщокъуэ Алим «Майм и 9-м 1945 гъ.»

Мурадыр: зауэм къихь мыгъуагъэмрэ мамырыгъэм къихь насыпымрэ зэхащIыкIыу; ветеранхэм пщIэ хуащIу гъэсэн цIыкIухэр; я бзэм, я еджэкIэм зегъэужьын.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ зэпсэлъэныгъэ.**

1. Сыт хуэдэ гъэм и лъэхъэнэ иджыпсту екIуэкIыр? (Гъатхэ.)

2. Гъатхэм сыт хуэдэ махуэшхуэхэр дгъэлъапIэрэ? (Мартым и 8-р , майм и 1-р, майм и 9-р.)

3. Махуэшхуэхэр зэщхьэщокI къэралыгъуэм, диным, унагъуэм игъэлъапIэ махуэхэу. Псалъэм папщIэ, Мартым и 8-р зэрыкъэралу я махуэшхуэщ, къурмэныр диным пыщIахэм я махуэшхуэщ, ауэ щыIэщ зы махуэшхуэ къэралми, унагъуэ псоми ягъэлъапIэу – ар майм и 9-рщ – ТекIуэныгъэм и махуэращ.

– Фэ сыт фщIэрэ а махуэшхуэм теухуауэ? (ЦIыкIухэм жэуап къат).

4. Ди къэралым зауэшхуэ и нэгум щIэкIащ –Хэку зауэшхуэр.

– Сыт зауэр зищIысыр? (Зауэр мыгъуагъэщ, насыпыншагъэщ, хьэдагъэщ, ар цIыху гъащIэ бжыгъэщ.)

***ЕгъэджакIуэм.*** Дэ зэманыфIым допсэу. Дунейр мамырщ, сабийхэр насыпыфIэхэщ – абы нэхъыфI щыIэкъым. Апхуэдэ псэукIэ зэрыдиIэр зи фIыщIэр зи гъащIэм, зи къарум щымысхьу бийм пэщIэта ди адэшхуэхэмрэ абы я адэжхэмрэ, ди анэшхуэхэмрэ абыхэм я анэжхэмрэщ. ЦIыху куэдым я гъащIэр

щIатащ дэ гъащIэ дахэ, гъащIэ насыпыфIэ диIэн папщIэ. Дэ зэи зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым ди къэралым ис цIыхухэм лIыгъэрэ хэхуагъэрэ зэрахьар.

5. ЦIыкIухэ, иджы сыхуейт ди тхыдэм и напэкIуэцIхэм фыхэзгъэплъэну. Хьэлъэщ зауэ лъэхъэнэм и тхыдэр, ауэ абы феплъыну сыхуейт, фэ флъагъун, зэхэфщIэн папщIэ ТекIуэныгъэм и лъапIагъыр. (Презентацэ Хэку зауэшхуэм теухуауэ ягъэлъагъун).

**III. ЕгъэджакIуэм сабийхэм яжреIэ урокым и темэр. КIыщокъуэ Алим и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ нэIуасэ хуещI.**

КIыщокъуэ Алим 1914 гъэм Къэбэрдей – Балъкъэрым щыщ Щхьэлыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Алим къуажэ школым щеджащ, а школ дыдэми егъэджакIуэу лэжьэн щыщIидзащ. Алим пасэу тхэн щIидзащ. Абы и тхылъ зыбжанэ нэгъуэщI лъэпкъ куэдым я бзэкIэ зэдзэкIауэ къыдэкIащ. Алим и тхыгъэхэр урысыбзэкIэ Москва къыщыдэкIащ. КIыщокъуэм и тхыгъэ куэдым ящыщщ нобэ дджыну «Майм и 9 –м 1945 гъэм» усэр.

**IV. ЕгъэджакIуэр усэм къахуоджэ зэхэщIэгъуэу, словарнэ лэжьыгъэ ирегъэкIуэкI:**

*шэчхэр ящI – мэчэнджэщ, дзыхь ящIыркъым, яфIэщ хъуркъым;*

*каскэ – жыр пыIэ, шэм щихъумэу;*

*ислъэмей – къэфэкIэ лIэужьыгъуэ.*

**V. ЕджакIуэхэр усэм зэрызэ щэхуу къеджа нэужь, макъкIэ чэзуурэ къоджэ, итIанэ упщIэхэмкIэ зэпкърах тхыгъэр:**

1. Сыт хуэдэ гуфIэгъуэ ин усакIуэм зи гугъу ищIыр? (ТекIуэныгъэкIэ Хэку зауэшхуэр иухащи гуфIэгъуэшхуэщ.)
2. ЗауэлIхэм я гуфIэгъуэр дауэ къыхэщрэ усэм? (Окопэм къикIауэ зы долъей, IэплIэ, ба зэхуащI, зым ислъэмей къещI.)
3. Сыт текIуэныгъэр къэзыхьар? (ЦIыху лIыгъэм.)

ЦIыкIухэм я жэуапхэм щIэдэIуа нэужь, егъэджакIуэм гурыIуэгъуэ яхуещI нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм я мурадыр къазэремыхъулIар. Ди къэралышхуэм цIыхуу исыр зэкъуэувэу бийм зэрытекIуар. Фронтым Iутахэм ядэIэпыкъуу адрей ди цIыхухэри езэш ямыщIэу зэрылэжьар. Ди адыгэ лъэпкъым къыхэкIа Хэбэч Умар, Къардэн Мурат, Къардэн Уэхьид сымэ



ЛIыхъужьыцIэр яIэу зауэм къызэрыхэкIыжам дэ хуабжьу дызэрыригушхуэр.

**VI.** ЕджакIуищым (тхьэмахуитIкIэ япэ иту проектнэ лэжьыгъэ ятын) ягъэхьэзыра Къардэн Мурат, Хьэбэч Умар, Къардэн Уэхьид сымэ зэрахьа лIыхъужьыгъэм теухуа проектнэ лэжьыгъэхэм къегъэдджэн.

**VII. Бзэм зегъэужьын.**

1. Хэт къуажэм, республикэм щыщу зауэм хэтауэ фщIэрэ?
2. Ветеранхэм сыт хуэдэ псалъэхэмкIэ захуэвгъэзэнт? (ЦIыкIухэм жьэрыIуатэу зэхалъхьэ текIуэныгъэр къэзылъэщахэм яхуэгъэза письмо).
3. Хэкум теухуа псалъэжьхэр ягу къагъэкIыж сабийхэм:

- *Хамэ хэку сыщытхъэ нэхърэ, си хэкужь сыщылIэ.*
- *Ухеймэ, улъэщщ.*
- *Мащэ къэзытI мащэ йохуэж.*

**VIII. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

– Сыт щIэуэ къэфщIа нобэрей урокым?

– Сыт майм и 9-р ТекIуэныгъэм и махуэу щIабжыр?

**IX. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэм гъэхуауэ къеджэн; майм и 9-м теухуауэ открыткэ цIыкIу щIын.

**X. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

# ДЫКЪЭЗЫУХЪУРЕИХЬ ДУНЕЙР ХЪУМЭНЫР

*Мы разделыр щаджкIэ егъэджакIуэм цIыкIухэм ягуригъэIуэн хуейщ природэр хъумэныр, абы зэраныгъэ къыхуэмыхьыныр псом япэу зэрыщытыр. Зыщалъхуа щIыпIэм иригушхуэу, ирипагэу, ар егъэфIэкIуэным хуэлэжьэныр псом нэхърэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр я гупсысэм нэгъэсын.*

## 29-нэ урок

Урокыр зытеухуар: «Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныр», Дыгъужь Къурмэн «Пхъэхуей»

### Урок – конференц

***Конференцыр*** *– темэ хэха гуэрым теухуа зэIущIэ, зэхуэсщ. Урок – конференцыр урокым и технологиещIэхэм и зы лIэужьыгъуэщ. Мыпхуэдэ урокхэм пщIэ щиIэнур, уи мурадыр нэсу щыпхуэгъэзэщIэнур уегугъуу, псоми нэгъэсауэ уегупсысу зыхуэбгъэхьэзырмэщ.*

*Урок – конференцым мыхьэнэшхуэ иIэщ еджакIуэхэр езыр – езыру текстым елэжьыфу, я лэжьыгъэр къапщытэжыфу, цIыхухэм я пащхьэ къыщыпсэлъэфу есэнымкIэ.*

Мурадыр: еджакIуэхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэн; тхыгъэ зэджахэр зэпкърахынымкIэ я зэфIэкIхэм зегъэужьын; я бзэм, я гупсысэм, я творческэ лъэкIыныгъэхэм зегъэужьын.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I.** Фи махуэ фIыуэ, еджакIуэ цIыкIухэ, пщIэ зыхуэтщI корреспондентхэ! Нобэрей ди зэхуэсыр тедухуэнущ «Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныр» темэм. ЗэIущIэм и президиумым къыдогъэблагъэ «Мэз газетым» и къудамэхэу «Мэзым къикI хъыбархэр», «Псыр псэм хуэдэщ», «Почтэ», «Красная книга» («Тхылъ Плъыжь») – хэм я корреспондентхэр. (ЕджакIуэхэм я тIысыпIэхэр яубыд).

**II. Конференцым хэтхэм я къэпсэлъэныгъэ.**

1) Конференцыр къызэIуихыну псалъэ идот «Мэзым къикI хъыбархэм» я корреспондентым. (Корреспондентыр къытопсэлъыхь мэз псэущхьэхэм, ахэр хъумэн зэрыхуейм, абыхэм сэбэпу къахьым. ЦIыкIухэми абы и рассказым езыхэм ягъэхьэзырахэри щIагъуж).

2) «Псыр псэм хуэдэщ» къудамэм и корреспондентым и жыIэм додаIуэ адэкIэ. (Корреспондентыр псым сэбэпагъыу иIэм, ар хъумэн зэрыхуейм теухуауэ къопсалъэ, «Псыр псэм хуэдэщ» псалъэжьым и мыхьэнэр къаIуатэ, сабийхэм абы жиIам дыщIагъуж).

3) АдэкIэ пещэ «Почтэм» и корреспондентым. Ар къоджэ къэкIыгъэхэм, псэущхьэхэм, хьэпщхупщхэм я тхьэусыхэ письмохэм.

***Корреспондентым:*** «Сэ сыхуейщ сыкъыфхуеджэну дэ къытхуатх тхьэусыхэ письмохэм. Фэ къафщIэ зи гугъу сщIымрэ абыхэм сэбэпу къахьымрэ фызэджа рассказхэр къэвгъэсэбэпурэ». (Корреспондентыр къоджэ тхьэусыхэ письмо зэхуэмыдэхэм, цIыкIухэм письмохэр «зытхахэр» къащIэри, ахэр хъумэн щIыхуейри жаIэ.)

4) Иджы псалъэ идот «Тхылъ Плъыжьым» и корреспондентым. (Мыбдеж корреспондентым щыжеIэ «Тхылъ Плъыжьыр» зищIысыр, абы иратха псэущхьэ, къэкIыгъэ зыбжанэм къатопсэлъыхь. ЦIыкIухэми абы и рассказым щIагъуж).

**III. Конференцым хэтахэм я гупсысэхэр къызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ егъэкIуэкIын.**

Сабийхэм я гупсысэр ешэлIэн дыкъэзыухъуреихь дунейр тхъумэмэ, ди Хэкур зэрытхъумэм, цIыхуIэм дунейр зэригъэдахэм икIи зэрызэхикъутэм.

**IV. Корреспондентхэр я партэхэм мэтIысыж, егъэджакIуэм урокым пещэ.**

**ЕджакIуэ цIыкIухэр нэIуасэ хуещI Дыгъужь Къурмэн и «Пхъэхуей» усэм. Гупсэхуу сабийхэр усэм щIэдэIуа нэужь, словарнэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкI:**

*пхъэхуей – береза; Iущэщэн – щэхуу псэлъэн.*

**V. УпщІэхэмкІэ тхыгъэр зэпкърыхын:**

1) Пхъэхуейр сыт зыщыгуфІыкІыр? (КъызэрыкІым, дунейм зэрытетым щыгуфІыкІырт.)

2) Сыт къехъулІар пхъэхуей цІыкІум? (Жыг цІыкІур жьапщэшхуэм ирищІыкІащ.)

3) ЖыгыщІэ цІыкІум и псэр дауэ зэрыхэкІар? (Пхъэхуей цІыкІур гуІэт, щІы фІыцІэр кърички.)

4) ЦІыхуІэм къинэмыщІа, сыт дыкъэзыухъуреихь дунейм зэран хуэхъур? (Дунейм и къэхъукъащІэ зэхуэмыдэхэр.)

ЕджакІуэ цІыкІухэм я жэуапхэр къызэщІэкъуэжкІэрэ, я гупсысэр ешэлІэн цІыхуІэм къинэмыщІа, природэм и къэхъукъащІэхэми я зэран къызэрекІыр дыкъэзыухъуреихь дунейм. Природэм и къэхъукъащІэхэм дапэмылъэщми, дыкъэзыухъуреихь дунейр, Хэкур хъумэнымкІэ куэд цІыхум зэрелъытар къагурыгъэІуэн.

**VI. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэм гъэхуауэ къеджэн. Пхъэхуейм теухуауэ хъыбар (сообщение) цІыкІу гъэхьэзырын.

**VII. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакІуэ цІыкІухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщІын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщІалэжьамрэ ягурыгъэІуауэ.



## ГЪЭМАХУЭР КЪОБЛАГЪЭ

### 30-нэ урок

Урокыр зытеухуар: Аслъэн Михаил «Гъэмахуэ пщэдджыжь»

Мурадыр: гъэмахуэм и лъэхъэнэм къыдэкІуэ щытыкІэм, къэхъукъащІэхэм еджакІуэхэр зэрыщыгъуазэм зегъэубгъун; зыщалъхуа щІыналъэм и дахагъыр зыхагъэщІэн; хэкур фІыуэ лъагъуным, ар хъумэным я гъэсэныгъэр хуэунэтІын; я бзэм, я еджэкІэм зегъэужьын.

Урокым и екІуэкІыкІэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщІэм хэзышэ зэпсэлъэныгъэ.**

ЕгъэджакІуэм упщІэ егъэув:

– Гъэм сыт хуэдэ лъэхъэнэхэр иІэ? (Бжьыхьэ, щІымахуэ, гъатхэ, гъэмахуэ.)

– ЕгъэджакІуэр къоджэ ЩоджэнцІыкІу Алий и усэ сатыриплІым:

*Мэз лъапэу пэу щхъуантІэм*
*Акъужьыр щоубзэр,*
*И бзухэр бзэрабзэу*
*УэрэдкІэ къыппожьэр.*

– Сыт хуэдэ гъэм и зэман усэм къыщыгъэлъэгъуар? (Гъэмахуэ.)

– Хэт къыджиІэн гъэмахуэ мазэхэр? (Июнь– гъэмахуэпэ, июль – бадзэуэгъуэ, гъэмахуэку, август – шыщхьэІу, гъэмахуэкІэ.)

***ЕгъэджакІуэм.*** Гъэмахуэ пщэдджыжьым и теплъэр фи нэгу къыщІэвгъэхьэ: пщэдджыжьыр щІыІэтыІэщ, удзхэм уэсэпс щыгъэ цІыкІухэр къатолыдыкІ, къуалэбзухэм я уэрэд цІыкІухэр къраш, дыгъэм и бзий дыщафэхэр бгыхэм къыкъуоплъ.

**III. ЕгъэджакIуэм цIыкIухэм яжреIэ нобэ яджыну усэр ди тхакIуэ Аслъэн Михаил зэритхар. КIэщIу къытоувыIэ усакIуэм и гъащIэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.**

Аслъэн Михаил Хьэбэз къуажэм къыщалъхуащ. Зэман куэдкIэ егъэджакIуэу лэжьащ, цIыкIухэр адыгэбзэкIэ иригъаджэу. Михаил и усэхэр, рассказхэр и нэгу щIэкIам теухуащ. УсакIуэм сабийхэм папщIэ усэ куэд итхащ.

**IV. Словарнэ лэжьыгъэ.**

ЕгъэджакIуэм цIыкIухэм къайгугъуэкIын псалъэхэр усэм къемыджэ щIыкIэ ягурегъаIуэ:

*пшыналъэ – макъамэ, уэрэд; джэдэхъу – бжэн е мэл хъушэм и пашэ бжэныхъу; загъэпсхэ – зыхуагъэхьэзыр; плъырыр – хъумакIуэр; хьэуа – жьы зэрыбауэ (воздух); къарапцIэ – фIыцIэу зэхэлыдыкI, шым щхьэкIэ жаIэ.*

**V. ЕгъэджакIуэр усэм къахуоджэ, икIи щIоупщIэ цIыкIухэм ягу ирихьамэ.**

ЕджакIуэхэм къыжаIэ гъэмахуэ пщэдджыжьыр усакIуэм къызэригъэлъагъуэр, ар я нэгу къызэрыщIыхьэр.

**VI. ЦIыкIухэр усэм иджыри зэ къоджэ, упщIэхэмкIэ тхыгъэр зэпкърах:**

1. Дауэ пежьэрэ гъэмахуэ пщэдджыжьым бзу цIыкIухэр? (Бзу цIыкIухэр бзэрабзэу пожьэ гъэмахуэ пщэдджыжьым.)

2. Пщэдджыжьым бжьэхэр дэнэ здэпIащIэр? (Гъэгъа удз IэфIхэм хуопIащIэ.)

3. Унэ псэущхьэхэр дауэ пежьэрэ гъэмахуэ пщэдджыжьым? (Жэмхэр тэджауэ жэмышхэм япоплъэ, мэл хъушэми ежьэну зегъэпс.)

4. Шыхэмрэ шыхъуэмрэ ятеухуа сатырхэр усэм къыщывгъуэти фыкъеджэ.

5. Дауэ къыдигъэлъагъурэ усакIуэм гъэмахуэ пщэдджыжьым и дахагъыр? ЖьэрыIуатэу сурэт хуэфщI.

**VII. Бзэм зегъэужьын.**

1. Усэм хэт псалъэ шэрыуэхэр къэгъуэтын:

*нэхущ пшыналъэ; акъужькIэ загъэпскI; щхьэхуит уэрэд; жэмыш жанхэр; джэдэхъухэм загъэпсхэ; къарапцIэр жьы къабзэм йогуакIуэ.*

2. Тхылъым ит Хьэгъундокъуэ Мухьэмэд и «Гъэмахуэ» сурэтым теләжьыхын. Япэ щIыкIэ жьэрыIуатэу зэпкърах сурэтым щалъагъур, итIанэ сочиненэ цIыкIу зэхалъхьэ.

**VIII. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

– Нобэрей ди дерсым сыт нэхъ фигу ирихьа?

– Сыт щIэуэ къэфщIа?

**IX. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэр гукIэ зэгъэщIэн.

**X. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

# ГУЭЛЪХЬЭНЫГЪЭ 1-НЭ

## КлассщIыб еджэныгъэ урокхэм папщIэ

### 1-нэ урок

Урокыр зытеухуар: «Пхъуантэ фIыцIэжь» (зытхыжар Нало Заур)

Мурадыр: еджакIуэхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэн; я бзэм, я еджэкIэм зегъэужьын; лэжьыгъэр фIыуэ лъагъуным, я гуащIэдэкI хьэлэлкIэ псэуным я гъэсэныгъэр хуэунэтIын.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм IуэрыIуатэкIэ зэджэр, абы хыхьэ жанр цIыкIухэр ягу къагъэкIыж. Ди гъащIэм таурыхъым мыхьэнэуэ щиIэр къыжаIэ.

ЕгъэджакIуэм сабийхэр щегъэгъуазэ Нало Заур цIыхубэ IуэрыIуатэр зэхуэхьэсыжынымкIэ лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIам.

**III. ЕгъэджакIуэр таурыхъым къахуоджэ.** Ар къазэращыхъуар цIыкIухэм жаIэ. «Пхъуантэ фIыцIэжькIэ» щIым щIеджэр къагурыIуамэ къэхутэн.

**IV. Словарнэ лэжьыгъэ:**

*уэсят – цIыхур дунейм щехыжым къахуигъанэ ущие псалъэ (завещание);*

*мылъку – цIыхум зэхуихьэса, къилэжьа псори;*

*гъэбагъуэ – хэгъахъуэ;*

*уэри щIыри ягъэзри – псом и дежи, зыщIыпIи къамыгъанэу.*

**V. УпщIэхэмкIэ тхыгъэм елэжьын:**



1. Сыт хуэдэ уэсят къахуигъэна зэкъуэшищым я адэм? (ЛIыжьым и мылъкур къахуигъанэри, ар ягъэбагъуэну, хагъэхъуэну, мыщхьэхыну уэсят къахуищIащ.)

2. «Пхъуантэ фIыцIэжькIэ» сыт адэр зэджэрт? (ЩIы фIыцIэращ.)

3. Адэм и мылъкум сыт иращIар щIалэхэм? Зэкъуэшищым дэтхэнэра адэм и уэсятыр згъэзэщIар? (НэхъыжьитIым я мылъкур ямыгъэлажьэурэ яIэщIэшхыхьыжащ, ещанэм и мылъкур бэгъуащ.)

4. Сыт щIалэ нэхъыщIэм и мылъкур щIэбгъуар? (ЩIалэ нэхъыщIэм и мылъкур бэгъуащ адэм и уэсятыр игъэзэщIати, ар мыщхьэхыу щIым тележьыхьати.)

5. Сыт щIалищым яхужыфIэфыну? Хэт щапхъэ зытепх хъуну ахэм яхэтыр?

(НэхъыжьитIыр щхьэхынэщ, абыхэм Iуэху фIыуэ ялъагъуркъым. НэхъыщIэр цIыху жанщ, и гуащIэкIэ псэуж цIыхущ. НэхъыщIэращ щапхъэ зытепхын хуейр.)

**VI. Бзэм зегъэужьын.**

**1. Псалъэжьхэр дауэ къывгурыIуэрэ?**

- *Уи гуащIэ къыпыкIыр IэфIщ.*
- *Улажьэмэ лыжь пшхынщ.*
- *ЩIэгъуэм хъуапси, шхэгъуэм ухъуэпсэжынкъым.*

**2. «Хэт нэхъ псынщIэу?» – къебжэкI цIыкIур гукIэ зэгъэщIэн:**

*Къру анэжьым хьэгулывэ (овес) егъавэ.*
*И шыр цIыкIухэр егъашхэ:*
*Мобы ирет! Мыбы ирет!*
*Ещанэр къегъанэ:*
*– Уэ пхъэ пкъутакъым,*
*Уэ псы къэпхьакъым,*
*Хьэгулывэ бгъэвакъым,*
*Зыри къэблэжьакъым*

**VIII. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

– Мы псысэм сыт и купщIэ нэхъыщхьэр?

ЦIыкIухэм я жэуапым щIэдэIуа нэужь, егъэджакIуэм сабийхэм ягурегъаIуэ уи пщIэнтIэпскIэ къэблэжьам нэхъ IэфI зэрыщымыIэр. Лажьэу шхэжым пщIэшхуэ зэриIэр, лэжьыгъэр

фIыуэ плъагъун зэрыхуейр, щхьэхынэм фэ зэрырамыплъыр, ар зэрыщэн Iейр.

**IX. Унэ лэжьыгъэ.**

Таурыхъыр къыжыIэжын. Лэжьыгъэм теухуа псалъэжьхэр зэгъэщIэн.

**X. Урокыр къэпщытэжын.**

## 2-нэ урок

Урокыр зытеухуар: КIэрашэ Тембот, Акъсырэ Зэлымхъан «Бзаджэжьымрэ тхьэмыщкIэмрэ»

Мурадыр: цIыкIухэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэн; тхакIуэхэм бзаджагъэр, нэпсеягъэр ауан зэращIыр ягурыгъэIуэн; зэджар къыжаIэжыфу егъэсэн; я бзэм зегъэужьын.

### Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

1. Таурыхъыр зищIысымрэ абы ди гъащIэм мыхьэнэуэ щиIэмрэ цIыкIухэм ягу къагъэкIыж.

2. ЕгъэджакIуэм цIыкIухэр щегъэгъуазэ урокым яджынумрэ ар зытха тхакIуэхэм я гъащIэмрэ я литературэ лэжьыгъэмрэ.

КIэрашэ Тембот Адыгейм щыщ Куэш – Хьэблэ къуажэм щыщ адыгэ мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщалъхуащ. Ар щеджащ Уфа дэт мыдрисэм, Москва дэт политехническэ институтым. ЛэжьапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм Iуэху щищIащ: редактор нэхъыщхьэу, тхылъ тедзапIэм и унафэщIу, щIэныгъэ къэхутакIуэ институтым и директору, Краснодар дэт педагогическэ институтым и доценту. ТхакIуэм тхыгъэ куэд и Iэдакъэм къыщIэкIащ.

Къэбэрдей – Балъкъэрым и тхакIуэ Акъсырэ Зэлымхъан 1919 гъэм Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэ школыр къиуха нэужь, ар щеджащ Налшык дэта Ленинскэ еджапIэм. Залымхъан итхащ произведенэ куэд, ауэ ар нэхъыбэу цIэрыIуэ зыщIар «Дахэнагъуэ», «Къызбрун», «ИстамбылакIуэ» пьесэхэращ.

Нобэ дызэджэну псысэри КIэрашэ Темботрэ Акъсырэ Зэлымхъанрэ ятхащ.

**III. ЕгъэджакIуэр псысэм гъэхуауэ къахуоджэ, словарнэ лэжьыгъэ ирегъэкIуэкI:**

*Iэдэж ищIри – темытIысхьэу, шхуэр иубыдри шыр иришэжьащ;*

*хьэщпакъ – мэкъу здытралъхьэ пкIэ (навес для хранения сена);*

*мэл джэху – мэл хужьыфэ; кIадэ – кадушка.*

**IV. Псысэр упщIэхэмкIэ зэпкърыхын:**

1. Iыхьэ дапщэу бгуэш хъуну мы псысэр?

– ЕджакIуэхэр чэзуурэ къоджэ псысэм, икIи Iыхьэ – Iыхьэурэ ягуэшри план кIэщI цIыкIу хуагъэув:

- Бзаджэжьым тхьэмыщкIэм ирищIар.
- ТхьэмыщкIэм псэущхьэхэм я зэпсэлъэныгъэр зэхех.
- ТхьэмыщкIэм и псэукIэм зехъуэж.
- Псэущхьэхэр зэхуотхьэусыхэ.
- Бзаджэжьыр дэгъуэу якъу.

Планым тету зы еджакIуэм псысэр зытепсэлъыхьыр къыжеIэж.

2. ТхьэмыщкIэм и псэукIэм дауэ зихъуэжа? (ТхьэмыщкIэм мылъку иIэ хъуащ).

3. Дэнэ къыздикIар тхьэмыщкIэм и мылъкур? Сыт хуэдэ псалъэжьымкIэ къэпIуэтэфыну ар? (*«ФIым фIы къыпокIуэ»*. Бжьахъуэмрэ мэлыхъуэмрэ фIы яхуищIати къратащ.)

4. Сыт бзаджэжьым къыщыщIар? Сыт хуэдэ псалъэжьымкIэ къэпIуэтэфыну ар? (*«Iей пщIауэ фIы ущымыгугъ»*. Бзаджэжьым тхьэмыщкIэм и шыр ищтэри ежьэжати къыхуэгъуакъым. Псэущхьэхэм гу лъатащ зыгуэр къазэрыкIэщIэдаIуэм, икIи бзаджэжьыр къагъуэтри дэгъуэу якъуащ.)

5. Фэ хэт фрителъхьэ? (ТхьэмыщкIэм дрителъхьэщ. Бзаджагъэ зезыхьар бзаджэжьырщ.)

6. Сыт хуэдэ хьэл-щэнхэр ядэтлъагъурэ псысэм хэт лIыхъужьхэм? (ТхьэмыщкIэр бэшэчш, акъылыфIэщ, цIыху пэжщ. Бзаджэжьыр – нэпсейщ, бзаджэщ.)

**V. КъызэщІэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

– Сыт тхакІуэхэм мы тхыгъэмкІэ къыдгурагъаІуэр? (ТхакІуэхэм къыдагъэлъагъу Іей пщІауэ фІы къызэромыхъулІэнур.)

– Сытым дыхуигъасэрэ мы псысэм? (Псысэм Іущыгъэм, пэжыгъэм дыхуегъасэ, бзаджагъэм, нэпсеигъэм дыщехъумэ.)

**VI. Бзэм зегъэужьын.**

1. Псалъэхэр нэгъуэщІу жыІэн:

| | |
|---|---|
| къехъулІар (къыщыщІар); | зэтезгъэщэхэжурэ (зэхэскъутэжурэ); |
| зэхуэдывгъэІуатэ (зэжедывгъаІэ); | къэдывгъэщ (къэдывгъэлъыхъуэ); |
| фІикъуэжамэ (фІилъхьамэ); | си псэр къыІухьэжащ (зыкъэсщІэжащ). |

2. Зэгъэпщэныгъэхэм кІэлъыгъэплъын еджакІуэхэр:

*псэхэхыу къысщІэгуэуащ;*

*уафэгъуагъуэу къыскІэлъыуащ;*

*шыблэшэу си кІэнтІыІур къыхиупщІащ.*

**VII. Унэ лэжьыгъэ.**

Псысэм ролкІэ къеджэфу зегъэсэн, къыжыІэжын.

**VIII. Урокыр къэпщытэжын**

## 3-нэ урок

Урокыр зытеухуар: АбытІэ Хъызыр «Дыщэпс трикІащ».

Мурадыр: цІыкІухэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэн; усэм къеджэнымкІи зэпкърыхынымкІи я зэфІэкІхэм зегъэубгъун; я бзэм зегъэужьын; дунейм и къэхъукъащІэхэм кІэлъыплъыфу, хэкур фІыуэ ялъагъуу гъэсэн цІыкІухэр; зэдэІэпыкъуу зэдэлажьэу егъэсэн.

Урокым и екІуэкІыкІэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщІэм хэзышэ псалъэ.**

– ЦІыкІухэ, иджыпсту зы упщІэ фэстынущи, зэпартэгъухэр фызэчэнджэщи, нобэрей ди урокыр зытеухуар къызжефІэ.

*«Уафэм махуэ къэскІэ*
*Нэщхъыр зэхеуфэ,*
*Темыуж уэшхыпскІэ*
*ЩІылъэр иретъафэ» (Гъубжокъуэ Лиуан).*

– Сыт Гъубжокъуэ Лиуан зи гугъу ищІыр мы сатырхэм деж? (Бжьыхьэращ.)

– Бжьыхьэм и нэщэнэу усэм хэтхэр къыжыфІэ. (Махуэхэр нэхъ щІыІэ мэхъу, уэшх къошхырей.)

– Сыт хуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр къэхъурэ бжьыхьэр къыщыскІэ? (КърабжэкІ).

ЦІыкІухэр доскам къыдэкІыурэ бжьыхьэм и нэщэнэхэр ятх, урокым и темэр къыжаІэ.

**III. ТемэщІэм телэжьыхьын.**

– Тэмэмщ, цІыкІухэ, нобэ дэ дджынур бжьыхьэм теухуащ. Дэ нобэ дытепсэлъыхьынущ бжьыхьэр искусствэм и жанр зэхуэмыдэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуам, нэгъуэщІу жыпІэмэ усакІуэм, сурэтыщІым я ІэрыкІхэм щыгъуазэ зытщІынущ.

1. Тхылъым ит сурэтым ирилэжьэн.

– ЦІыкІухэ, тхылъым ит сурэтым (н. 57) феплъ. Дауэ къагъэлъагъуэрэ бжьыхьэр сурэтыщІхэм? (КраскэкІэ.)

– Сыт хуэдэ краскэхэр къигъэсэбэпа мы сурэтыр зыщІам? Сыт щхьэкІэ?

(Краскэ гъуэжь, плъыжь, гъуабжафэхэр къигъэсэбэпащ, бжьыхьэм и теплъэр нэхъ ІупщІу ди нэгу къыщІигъэхьэн папщІэ.)

– Сыт хуэдэ гупсысэхэр, щытыкІэхэр къыфхуигъэушрэ мы сурэтым фыщеплъкІэ? (ЦІыкІухэм я гупсысэхэр къаІуатэ).

– Мы сурэтыщІым зыхыдигъэщІэфауэ пІэрэ бжьыхьэм и щытыкІэр, и дахагъыр?

ЦІыкІухэм я жэуапхэм щІэдэІуа нэужь, егъэджакІуэм яжреІэ мы сурэтым Іэзагъ хэлъу бжьыхьэр къызэрыщыгъэлъэгъуар. СурэтыщІым къыдегъэлъагъу алэрыбгъум ещхьу дыщафэ, гъуэплъ хъуа бгы лъапэхэр, жэпым зи теплъэр ихъуэжа жыгхэр.

**IV. АбытІэ Хъызыр и гъащІэмрэ и литературэ лэжьыгъэмрэ.**

Бжьыхьэм и теплъэр ІупщІу, дахэу ди нэгу къыщІэзгъэувэфыр сурэтыщІ закъуэхэракъым, атІэ усакІуэ куэди тетхыхьащ

а гъэм и зэман дахэм. Дэ нобэ деджэнущ АбытIэ Хъызыр и усэ «Дыщэпс трикIащ» жыхуиIэм.

АбытIэ Хъызыр и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ кIэщIу щегъэгъуазэ еджакIуэхэр.

Адыгэ усакIуэ АбытIэ Хъызыр Али – Бэрдыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Къуажэ еджапIэр къиуха нэужь, ар щеджащ псыщIэгъэлъадэ техникумым. Хъызыр пасэу тхэн щIидзащ. Абы и усэхэр купщIафIэщ. Ахэр теухуащ хэкум, цIыхухэм, анэбзэм. Хъызыр и тхыгъэхэр Москва къыщыдэкIащ, урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ.

**V. ЕгъэджакIуэр гъэхуауэ усэм къахуоджэ, словарнэ лэжьыгъэ ирегъэкIуэкI:**

*мыщэхупщей – жыг лъэпкъыгъуэ (боярышник).*

**VI. ЦIыкIухэр чэзуурэ усэм макъкIэ къоджэ, упщIэхэмкIэ тхыгъэр зэпкърах:**

1. Мы усэм и лIыхъужь нэхъыщхьэхэр хэт къыджиIэн? (Гъэмахуэмрэ бжьыхьэмрэ.)

2. Авторым дауэ къигъэлъагъуэрэ гъэмахуэмрэ бжьыхьэмрэ? (Бжьыхьэмрэ гъэмахуэкIэмрэ зоныкъуэкъу, ахэр зэпэуващ).

3. УсакIуэм дауэ къигъэлъагъуэрэ гъэм и лъэхъэнитIыр зэрызэпэувар? (Бжьыхьэ хуэму къэкIуатэм гъэмахуэкIэр хуэгубжьауэ дэнэ щIыпIи бджыхь инхэр щишэщIащ.)

4. Фэ гъэм и зэманхэр зэрызэблэкIым зэ гу лъыфта? (ЦIыкIухэм жэуап къат).

5. Усэм фи нэгум къыщIигъэхьа сурэтыр жьэрыIуатэу къыжыфIэж. (ЦIыкIухэм жьэрыIуатэу сурэт хуащI усэм. ЕджакIуитI – щыр къытопсэлъыхь).

**VIII. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

– ГъэмахуэкIэмрэ бжьыхьэпэмрэ я теплъэр нобэ зыхэфщIауэ пIэрэ? (ЗыхэтщIащ.)

– Ар зыхэфщIэнымкIэ хэт дэIэпыкъуэгъу хъуар? (СурэтыщIымрэ ди адыгэ усакIуэ АбытIэ Хъызыррэщ.)

– Бжьыхьэм и дахагъыр сурэтыщIымрэ усакIуэмрэ дауэ къыдагъэлъагъурэ?

(СурэтыщIым дунейм и дахагъыр краскэкIэ къегъэлъагъуэ, усакIуэм – псалъэкIэ.)

ЕгъэджакIуэм цIыкIухэм яжреIэ сурэтыщIым краскэ зэмыфэгъухэмкIэ бжьыхьэ дунейм и дахагъыр къызэригъэлъагъуэм хуэдэу, усакIуэхэми псалъэкIэ а дахагъэр ди нэгу къызэрыщIагъэувэр.

**VII. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэм гъэхуауэ къеджэн. Щоджэн Хьэбас и «Бжьыхьэм и нэщэнэхэр» гукIэ зэгъэщIэн.

**IX. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## 4-нэ урок

Урокыр зытеухуар: АбытIэ Владимир «Ди къалэ Черкесск».

Мурадыр: еджакIуэхэм лъагъуныгъэу я хэкум хуаIэм хэгъэхъуэн; усэ къеджэнымкIэ, ар зэпкърыхынымкIэ я зэфIэкIхэм зегъэубгъун; я бзэм, я еджэкIэм зегъэужьын.

### Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

ЕгъэджакIуэм Черкесск къалэм и сурэт (слайд) зэхуэмыдэхэр ярегъэлъагъу сабийхэм, икIи къалэм трегъэпсэлъыхь. Абыхэм жаIэ Черкесск ди республикэм и къалащхьэу зэрыщытыр, ар махуэ къэс зэрефIакIуэр, лъэпкъ куэд зэрыщыпсэур.

**III. ЕгъэджакIуэр зэхэщIэгъуэу усэм къахуоджэ, цIыкIухэм ар къазэращыхъуар жаIэ.**

**IV. ЕджакIуэхэм усэр къазэращыхъуамкIэ я гупсысэхэр къаIуэта нэужь, ар зытха усакIуэ АбытIэ Владимир и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ щегъэгъуазэ.**

АбытIэ Владимир Али – Бэрдыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Черкесск къалэм Iэпхъуэжри, лажьэурэ пщыхьэщхьэ курыт еджапIэр, иужькIэ Къэрэшей – Черкес пединститутыр къиухащ. Куэдрэ щылэжьащ «Ленин нур» («Чэркес хэку») газетым, областной радиокомитетым. Владимир усэуи прозэуи

тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIащ. Абы и тхыгъэхэм щегъэлъапIэ и лъахэмрэ и лъэпкъымрэ.

**V. ЕджакIуэхэр усэм чэзуурэ зыхэщIэгъуэу къоджэ, словарнэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкI:**

*уэршэрхэм – зэпсалъэхэм; мэдаущ – макъ ирагъэщI; лъейр – псынщIэу кIуэр.*

**VI. Усэр зэпкърыхын:**

1. ТхакIуэм сыт хужиIэрэ Черкесск къалэм? (АдыгэцIэр тхуэзыхъумэ, гъэми щIыми гъатхэм ещхь.)

2. Лъэпкъ куэд къалэм зэрыщыпсэур дауэ къыдгуригъаIуэрэ? (Лъэпкъ зэкъуэшхэр уи уэрамхэм куэду щызэблокI...)

3. Сыт хуэдэ лъэпкъхэр дэс Черкесск къалэм, икIи сыт хуэдэ зэхущытыкIэ зэхуаIэ абыхэм? (Черкесск къалэм щопсэу адыгэхэр, абазэхэр, къэрэшейхэр, нэгъуейхэр, урысхэр, осетинхэр, нэгъуэщI лъэпкъхэм щыщ куэди. Ахэр зэкъуэшхэм хуэдэу зэхущытщ, зэдолажьэ, зэдопсэу.)

4.«Зыбоужьыр махуэ къэси» псалъэхэр дауэ къывгурыIуэрэ? (Къалэм зэпымычу зеузэщI, нэхъ дахэ мэхъу.)

5. ХьэщIэхэм дауэ яхущыт къалэдэсхэр? (Гуапэу яхущытщ, къуэшыгъэкIэ япожьэ.)

**VII. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

**1) УпщIэхэм жэуап етын:**

– Сыт мы усэм и гупсысэ нэхъыщхьэр?

– Дэтхэнэ цIыхум и дежкIи Хэкум нэхъ дахэрэ нэхъыфIрэ зэрыщымыIэр.

– Сыт усакIуэм дэ дызыхуигъасэр?

– Хэкур фIыуэ тлъагъуным, тхъумэным.

**2) Тест:**

**1. Къэрэшей – Черкесым и къалащхьэ:**

| | |
|---|---|
| 1. Теберды | 3. Черкесск |
| 2. Карачаевск | 4. Москва |

**2. Къэрэшей – Черкесым и къалэцIэ икIи псыцIэ:**

| | |
|---|---|
| 1. Псыжь | 3. Инжыдж цIыкIу |
| 2. Теберды | 4. Карачаевск |

**3. Къэрэшей – Черкесым и тхакIуэ, усакIуэ АбытIэ:**

| | |
|---|---|
| 1. Владимир | 3. Мухьэдин |
| 2. Ахьмэд | 4. Хьэбас |



**4. Усэ зытхым зэреджэр:**

| | |
|---|---|
| 1. ЕгъэджакIуэ | 3. ТхакIуэ |
| 2. ГъэсакIуэ | 4. УсакIуэ. |

**VIII. Бзэм зегъэужьын.**

*«Ди къалащхьэр» темэмкIэ сочиненэ цIыкIу зэхэлъхьэн.*

**IX. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэм гъэхуауэ къеджэн. Ягу ирихьа Iыхьэм сурэт хуэщIын.

**X. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## 5-нэ урок

У р о к ы р з ы т е у х у а р: Нэхущ Мухьэмэд «Иджыри япэм хуэдэу ...»

М у р а д ы р: адыгэхэм я хабзэ дахэхэр зэрызэгъыр, Iущагъ куэд зэрыхэлъыр цIыкIухэм гурэ псэрэкIэ зыхегъэщIэн; хабзэхэр гъэзэщIэн зэрыхуейр къагурыгъэIуэн; я къеджэкIэм, я бзэм зегъэужьын.

### У р о к ы м и е к I у э к I ы к I э р:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

ЕгъэджакIуэм цIыкIухэм упщIэкIэ захуегъазэ.

– Урок блэкIахэм сыт хуэдэ адыгэ хабзэ дахэхэм дытепсэлъыхьа? (ЦIыкIухэм ягу къагъэкIыж адыгэ хабзэхэр).

Жэуапхэм щIэдэIуа нэужь, егъэджакIуэм жеIэ хабзэхэр цIыхугъэм, нэхъыжьым пщIэ хуэщIыным, нэхъыщIэр гъэгушхуэным, ущииным, цIыху къэс и щхьэ пщIэ хуищIыжу псэуным зэрыхуэгъэзар. АдэкIэ яжреIэ урокым яджыну тхыгъэри хабзэм зэрытеухуар.

**III. Нэхущ Мухьэмэд и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ цIыкIухэр щегъэгъуазэ егъэджакIуэм.**

Нэхущ Мухьэмэд къыщалъхуащ Али – Бэрдыкъуэ къуажэм. Къуажэ курыт еджапIэр къиуха нэужь, Мухьэмэд къулы-

къум ираджэ. И лъахэм къигъэзэжри, илъэс зыбжанэкIэ щылэжьащ Хьэбэз район радиовещанэм. Усэхэри, рассказхэри итхт, журналист лэжьыгъэми фIыуэ хэзагъэт. И зэчийм гу лъызыта нэхъыжьхэм я чэнджэщкIэ, Москва дэт М. Горькэм и цIэр зезыхьэ литературнэ институтым щIотIысхьэ, къиуха нэужь, Мухьэмэд «Черкес хэку» газетым лэжьакIуэ ящтэ. А гъэхэм и усэ нэхъыфIхэр етх.

**IV. Тхылъхэр къызэIуахри, зы еджакIуэ къоджэ Нэхущ Мухьэмэд и усэм и цIэм – «Иджыри япэм хуэдэу...», икIи упщIэм жэуап ират:**

– Дауэ къыфщыхъурэ, цIыкIухэ, мы усэр сыт зытепсэлъыхьыр, усэм и цIэм сыт къыджиIэрэ? (ЦIыкIухэм жэуап къат).

ЕгъэджакIуэр гъэхуауэ усэм къоджэ, цIыкIухэм къалэн яхуещI усэм фIыуэ щIэдэIуу хэт и жэуапыр нэхъ тэмэмми къащIэну.

**V. Словарнэ лэжьыгъэ:**

*ныш хущанэ – мэл хуаукI; гуапагъэ мыкIуэщIыж – гуапагъэ мыухыж; пщалъэ – бзыпхъэ, зыгуэр къызэрапщ (мерка); жьэгу – очаг.*

**VI. Усэм макъкIэ чэзуурэ цIыкIухэр къоджэ, упщIэхэмкIэ зэпкърах:**

1. Сыт мы усэм и купщIэ нэхъыщхьэр? (Япэми хуэдэу иджыри псом нэхърэ нэхъыщхьэр адыгэ хабзэхэр зепхьэн зэрыхуейращ.)

2. Сыт хуэдэ адыгэ хабзэфIхэр къыхэщрэ мы усэм? (Сабий къэхъумэ ягъэлъапIэ, щогуфIыкI, нэхъыжьым пщIэ хуащI, цIыхугъэ яхэлъщ, хьэщIэм щогуфIыкI, ягъэлъапIэ.)

3. ЦIыкIухэ, ди дерсхэм ди адыгэ хабзэфIхэм датопсэлъыхь. Адрей урокхэм дытемыпсэлъыхьауэ сыт хуэдэ хабзэ мы усэм зи гугъу ищIыр? (Сабий къэхъуам щхьэкIэ жыг хасам насыпыр къыдэкIуэну кIэращIэ мывэ гъуанэ.)

4. Сыт фщIэрэ а хабзэм теухуауэ? Зэхэфхауэ пIэрэ апхуэдэ хабзэ адыгэхэм яIауэ? Сыт хуэдэ предмет иджыри адыгэм насып къыдэкIуэу илъытэр?

ЦIыкIухэм я жэуапым щIэдэIуа нэужь, егъэджакIуэм яжреIэ адыгэхэм мывэ гъуанэ цIыкIу къагъуэтмэ, абы насып къыдэкIуэу ябжырти, жыгым фIалъхьэт, апхуэдэт налри. Иджыри къэс адыгэхэм налым насып къиxьу къалъытэр.



5. Сыт адыгэу щIамыбжыр цIыху хьэщIэ фIыуэ зымылъагъур? (Ижь – ижьыж лъандэрэ адыгэхэм хьэщIэ гъэхьэщIэнкIэ къатекIуэн щыIэкъым. ЕмыкIушхуэу къалъытэт хьэщIэр арэзы ямыщIыфмэ, икIи фэ ираплъэтэкъым, пщIэ лъэпкъи иIэжтэкъым апхуэдэ цIыхум.)

6. УсакIуэм зи гугъу ищI хабзэхэр нобэ ягъэзащIэу пIэрэ? (ЦIыкIухэм жэуап къат).

**VII. Бзэм зегъэужьын.**

Тхылъым ит псалъэжьхэм я мыхьэнэхэр еджакIуэхэм къазэрыгурыIуэр къэхутэн.

Викторинэ цIыкIу егъэкIуэкIын:

*1. ЦIыхуитI зэщIыгъуу уэрамым ирикIуэмэ, дауэ зэрыувын хуейр?*

*2. ЦIыхуищ зэщIыгъуу уэрамым ирикIуэмэ, дауэ зэрыувын хуейр?*

*3. Нэхъыжьым хуэщIын хуей пщIэхэр.*

*4. Унагъуэм илъын хуей зэхущытыкIэхэр.*

*5. ХьэщIэм кIэлъызэрахьэ хабзэхэр.*

*6. Нэхъыжьым псы дауэ зэрептын хуейр?*

УпщIэхэм жэуап зэрыратахэм уасэ хуэщIын, нэхъ жану хэлэжьыхьахэм я цIэ къиIуэн.

**VIII. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

– Сыт хуэдэ адыгэ хабзэ фэ фщIэхэм щыщу хэт мы усэм?

– Сыт хуэдэ хабзэхэр фэ нобэ щIэуэ къэфщIа?

– Сыт хуэдэ хабзэ фэ нэхъ фигу ирихьар?

ЕджакIуэхэм жэуап къата нэужь, егъэджакIуэм жеIэ хабзэхэм Iущыгъэ куэд зэрахэлъыр, ахэр лъэпкъым и дамыгъэу зэрыщытыр. Хабзэхэр пцIыху къудейм къыщымынэу бгъэзэщIэн зэрыхуейр, умыгъэзащIэмэ, зэрыкIуэдыжынур.

**IX. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэм гъэхуауэ къеджэн, зы едзыгъуэ гукIэ зэгъэщIэн. «ЦIыхугъэр сэ къызэрызгурыIуэр» темэмкIэ сочиненэ цIыкIу тхын.

**X. Урокыр къэпщытэжын.**

ЕджакIуэ цIыкIухэм я лэжьыгъэм уасэ хуэщIын: оценкэ яхуэгъэувын, къалэжьар зыхуэдизымрэ къыщIалэжьамрэ ягурыгъэIуаурэ.

## 6-нэ урок

Урокыр зытеухуар: ЩоджэнцIыкIу Алий «Гъатхэ»

Мурадыр: гъэм и лъэхъэнэхэм теухуауэ цIыкIухэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэн; дунейм и дахагъыр нэхъ кууэ зыхагъэщIэн; я къеджэкIэр егъэфIэкIуэн; я бзэм зегъэужьын.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. Урокым щаджыну темэм сабийхэр щыгъэгъуэзэн, ЩоджэнцIыкIу Алий и гъащIэмрэ и литературнэ лэжьыгъэмрэ нэIуасэ хуэщIын:**

ЩоджэнцIыкIу Алий 1900 гъэм Старэ Крепость (жьымкIэ Кушмэзыкъуей) къуажэм щыпсэу мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщалъхуащ. Ар лэжьащ егъэджакIуэу, еджапIэм и унафэщIу, тхакIуэхэм я правленэм и секретару.

Алий Хэку зауэшхуэм хэтащ. Нэмыцэ фашистхэм ар гъэр ящIри Бобруйск къалэм пэгъунэгъуу щыIа концлагерым икIуэдащ.

Алий мащIэми къигъэщIар, абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ адыгэ литературэм. УсакIуэм усэ куэд триухуащ къуршхэм, мэзхэм, псыхэм, гъэм и зэманхэм. Абы лъагъуныгъэшхуэ хуиIащ и анэм, и хэкум, природэм.

**III. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ:**

– Гъатхэ мазэхэр хэт къыджиIэн? (Март – гъатхэпэ, апрель – мэлыжьыхь, май – накъыгъэ.)

– Гъатхэм и нэщэнэу сыт фщIэрэ, цIыкIухэ? (Махуэхэр нэхъ кIыхь мэхъу, дыгъэм щIыр къегъэхуабэ, уэсыр мэткIуж, ажэгъуэмэ цIыкIухэр къогъагъэ, удзыщIэ цIыкIухэр щIым къыхож, бзу цIыкIухэр къолъэтэж, жыгхэр къогъагъэ, псыхьэлыгъуэхэр мажэ, цIыхухэр гъатхэ лэжьыгъэхэм хуожьэ, н.къ.)

– Гъатхэм и сыт хуэдэ нэщэнэхэра гъатхэпэм, гъатхэкум, гъатхэкIэм дэтлъагъухэр? (*Гъатхэпэм и нэщэнэхэр:* махуэхэм кIыхь хъуурэ щIадзэ, дыгъэр нэхъыфIу къопс, уэсыр мэткIуж, ажэгъуэмэ цIыкIухэр щIым къыхож, псыхьэлыгъуэхэр мажэ. *Гъатхэкум и нэщэнэхэр:* бзу цIыкIухэр къолъэтэж, жыгхэр къотIэпI, удзыщIэ цIыкIухэр щIым къыхож, Iэщхэр хъуакIуэ дагъэкI, губгъуэ, хадэ лэжьыгъэхэм щIадзэ. *ГъатхэкIэр* дунейм и дахэгъуэщ, псори зэщIогъагъэ.)

**IV. ЩоджэнцIыкIу Алий и «Гъатхэ» усэм егъэджакIуэр гъэхуауэ къоджэ, цIыкIухэр гупсэхуу щIэдэIуа нэужь, словарнэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкI:**

*мэятэ – нэм йокI; мардэнишэу – куэду; щобыбхэр – щохуарзэ; накъыгъэ – псори щыгъагъэ зэман.*

**V. Усэм цIыкIухэр чэзуурэ къоджэ, упщIэхэмкIэ зэпкърах:**

1. УсакIуэр дауэ гъатхэм пежьа? (УсакIуэр гъатхэ къихьам щогуфIыкI, абы и гур гъатхэм етхьэкъу.)

2. Гъатхэм и теплъэр фи псалъэкIэ къэфIуэтэж. (Жьыр хуэмщ, хуабэщ, псэущхьэ псори щIыкIафIэщ, я теплъэкIи, я фэкIи дахэхэщ, псы уэрхэр йожэх, языныкъуэ бзухэм псы гъунэхэм къыщалъэтыхь, языныкъуэхэри жыг щхьэкIэхэм пысщ.)

3. Сыт хуэдэ бзэ мы усэр зэрытхар? (Мы усэр бзэ дахэ, бзэ шэрыуэкIэ тхащ. УсакIуэм етх: псэ хьэхуу си гъатхэ, жьы хуэмыр йоубзэ, дыгъэпсым и нурым халъащIэр я жьакIэр.)

4. Мы усэм дауэ дыкъеджэн хуей? (ГуфIэгъуэ макъкIэ, хэIэтыкIауэ, гур хэхъуэу дыкъеджэн хуейщ усэм.)

5. Сыт апхуэдэу дыкъеджэн щIыхуейр? (Гъатхэм псоми гуфIэгъуэ, дахагъэ къытхуехьри, псори дыщогуфIыкIри.)

**VI. Бзэм зегъэужьын.**

**Гъатхэм теухуауэ псалъэжьхэмрэ къуажэхьхэмрэ сабийхэм ящIэхэр жагъэIэн. Псалъэжьхэр:**

*1. Гъатхэм жеяр бжьыхьэм магъыж.*

*2. Гъатхэм улажьэмэ – Iыхьэншэ ухъункъым.*

*3. Гъатхэм тумысэр бжьыхьэм къытепхыжыркъым.*

*4. Гъатхэм пасэу пщIэр, бжьыхьэм игъуэ мэхъу.*

**Къуажэхьхэр:**

*1. Езыр гъущI защIэу, щIым хэтIауэ, щIыр итхъуу, итIу, гъуджэм хуэдэу лыду. (ПхъэIэщэ).*

*2. Уэсыр мэткIу, псыхьэлыгъуэр мажэ, махуэхэр хохъуэ. Сыт щыгъуэ ар къыщыхъур? (Гъатхэм).*

**VII. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

– Сыт нобэрей урокым щIэуэ къэфщIар?

– Сыт хуэдэ гъатхэм и нэщэнэ дыдэ мы урокым зи гугъу тщIар? (Ажэгъуэмэ цIыкIухэм. Ахэр гъатхэм и дамыгъэщ.)

**VIII. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэм и япэ едзыгъуитIыр гукIэ зэгъэщIэн.

**IX. Урокыр къэпщытэжын.**

## 7-нэ урок

Апрелым и 12-р космонавтикэм и махуэщ

Урокыр зытеухуар: Хьэкъун Исуф «Сэлам!», Хьэнфэн Алим «ЛIыхъужьыгъэм и сэлам»

Мурадыр: космосым, Гагариным теухуауэ еджакIуэхэм ящIэм зегъэубгъун; уи хэкум фIы хуэпщIэныр, и цIэр фIыкIэ бгъэIуныр лIыгъэшхуэу зэрыщытыр зыхегъэщIэн, усэ къеджэнкIи зэпкърыхынкIи яхузэфIэкIым хэгъэхъуэн.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

– Сыт хуэдэ махуэ апрелым и 12-р? (Космонавтикэм и махуэ.)

– Сыт апрелым и 12-р Космонавтикэм и махуэу къыщIалъытэр? (Апрелым и 12-м 1961 гъэм япэ дыдэ цIыху космосым лъэтащ.)

– Сыт хуэдэ хэл – щэн уиIэн хуейр зэи зыри здэщымыIа космосым псом япэ улъэтэн папщIэ? (ЛIыгъэ пхэлъын хуейщ.)

– Хэт апхуэдэ лIыгъэ зиIэу къыщIэкIар? (Юрий Алексеевич Гагарин.)

– ДакъикъэдапщэГагарин космосым зэрыщыIар? (Дакъикъэ 108.)

ЕгъэджакIуэм цIыкIухэм я жэуапхэр щIегъэбыдыхьыж мы псалъэхэмкIэ:

– ЦIыхум и гъащIэм зэи къэмыхъуауэ Iуэхугъуэ хьэлэмэтыщэ 1961 гъэм апрелым и 12 – м къэхъуащ – япэ дыдэ космосым цIыху лъэтащ. Ар зыхузэфIэкIар летчик – космонавт Юрий Гагаринщ. Иджы апрелым и 12 –р Космонавтикэм и махуэшхуэу гъэ къэс ди къэралым щагъэлъапIэ. Юрий Гагарин хуэдэу, япэ дыдэ уэгум лъэтащ бзылъхугъэ Валентинэ Терешковэ.



Куэд хъуащ иджы космонавтхэр. Космонавт лIыхъужьхэм я лIыгъэкIэ ди Хэкур техьащ вагъуэ гъуэгуанэ.

**III. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

ЕгъэджакIуэм цIыкIухэм яжреIэ космонавт лIыхъужь Юрий Гагариным теухуауэ ди адыгэ тхакIуэхэу Хьэкъун Исуфрэ Хьэнфэн Алимрэ я усэхэр зэраджынур, икIи усакIуэхэм я гъащIэмрэ я литературэ лэжьыгъэмрэ щегъэгъуазэ.

Хьэкъун Исуф Хьэбэз районым щыщ Инжыджышхуэ къуажэм къыщалъхуащ. Исуф и щIалэгъуэр здигъэкIуар Хьэбэз къуажэращ. Ар куэдрэ лэжьащ егъэджакIуэу. Хьэкъун Исуф адыгэ тхакIуэ – усакIуэщ. Ар матхэ сабийхэми балигъхэми папщIэ. Исуф и усэ куэдым адыгэ композитор Даур Аслъэн макъамэ дахэхэр щIигъэуващ.

Хьэнфэн Алим Хьэбэз районым щыщ Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы и сабиигъуэри и щIалэгъуэри Малый Зеленчук щекIуэкIащ. Алим зэман гуэркIэ егъэджакIуэу лэжьащ. Хэку зауэшхуэр къызэрыхъейуэ абы кIуэри иухыху хэтащ. Алим тхыгъэ куэд итхащ сабийхэм, хэкум, гуащIэдэкIым, лэжьыгъэм теухуауэ. Хьэнфэным и усэхэм, псом хуэмыдэу сабийхэм теухуам, узыIэпашэ, удахьэх. УсакIуэм сабийхэр хуегъасэ фIым, нэмысым, адыгагъэм, Iейм пэIэщIэ ещI.

**IV. ЕгъэджакIуэр гъэхуауэ Хьэкъун Исуф и «Сэлам!» усэм къахуоджэ, словарнэ лэжьыгъэ ирегъэкIуэкI:**

*жыр – сталь; емылыдж – мыгъасэ (норовистный); Шыхулъагъуэ – Млечный путь.*

**V. Усэм цIыкIухэр езыр – езыру къеджа нэужь, упщIэхэмкIэ зэпкърах:**

1. УсакIуэм сыт хужиIэрэ япэ космонавтым? Усэм къыщывгъуэти фыкъеджэ а щIыпIэхэм.

2. Сыт хуэдэ тхыдэм и напэщIэ къызэIуихар Гагариным? (Гагариным ди тхыдэм и напэкIуэцIыщIэ къызэIуихащ: хьэршым япэ дыдэ лъэтащ.)

**VI. Хьэнфэн Алим и усэ «ЛIыхъужьыгъэм и сэлам» жыхуиIэм цIыкIухэр гупсэхуу щIэгъэдэIун; словарнэ лэжьыгъэ егъэкIуэкIын:**

*вагъуэиж – метеор; вымпел – нып бгъузэ цIыкIу.*

**VII. ЕджакIуэ цIыкIухэр усэм макъкIэ къегъэджэн, упщIэм жэуап етын:**

– Сыт усакIуэр зыщIэхъуэпсыр? (Космосым лъатэу вагъуэижым нэхърэ нэхъ псынщIэу къыщижыхьыным, игу пэщыху зыщиплъыхьыным, планетэу хъуам лIыхъужьыгъэм и сэлам ярихыным щIохъуэпс.)

**VIII. Бзэм зегъэужьын.**

1. Къуажэхьыр къэщIэн: «Губгъуэр гъунэншэщ, хъушэр бжыгъэншэщ». (Уафэ, вагъуэ)

2. Тхылъым ит псалъэжьхэм цIыкIухэр къегъэджэн, абыхэм я мыхьэнэхэр убзыхун.

**IX. Унэ лэжьыгъэ.**

Усэхэм гъэхуауэ къеджэн, псалъэжьхэр гукIэ зэгъэщIэн.

**X. Урокыр къэпщытэжын.**

## 8-нэ урок

Урокыр зытеухуар: КIасэбэжь Къэплъэн «Щыхьым и жыг».

Мурадыр: еджакIуэхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэн; природэр фIыуэ лъагъуным, абы и дахагъыр хъумэным я гъэсэныгъэр хуэунэтIын; адэ – анэм пщIэуэ хуащIым хэгъэхъуэн; я бзэм, я еджэкIэм зегъэужьын.

### Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. Унэ лэжьыгъэр къэпщытэжын.**

**II. ТемэщIэм хэзышэ псалъэ.**

Макъамэ щэхуу къоIу, егъэджакIуэм урокым пещэ:

– Нобэрей ди дерсыр, цIыкIухэ, адрейхэм ящхькъым. Нобэ дэ дытепсэлъыхьынущ дунейр зэтезыIыгъэ природэм и дахагъымрэ, а дахагъыр хъумэн зэрыхуеимрэ.

ГъащIэ къыдэзыта ди ЩIы – анэм (слайдхэр бгыхэр, псыхэр, мэзхэр, къумхэр егъэджакIуэм чэзуурэ къызэIуех) и псы уардэхэр, мэз щхъуантIэхэр, къум гъуэжьхэр, цIыхухэм я лыузыншагъэм дэщэIухэр, дэ тхъумэн хуейщ.



**III. Егъэджакlуэр КIасэбэжь Къэплъэн и рассказ «Щыхьым и жыгым» къахуоджэ, еджакIуэхэм ар къазэращыхъуар жаIэ.**

**IV. Словарнэ лэжьыгъэ:**

*пIащIэу – гузавэу; пIащэу – ину; фэеплъ къигъэнэну – и лъэужь къигъэнэну; фэбжь – уIэгъэ, дыркъуэ; нейзэман – куэд щIащ.*

**V. Рассказыр упщIэхэмкIэ зэпкърах:**

1. Дауэ къыщIидзэрэ мы рассказыр? (Хьэмид и адэр бжьахъуэу лажьэти зы махуэ гуэрым гузавэу къыдыхьэжат.)

2. Адэм и лъэIур дауэ къыщыхъуа Хьэмид? (Адэм и лъэIур занщIэу игъэзэщIакъым, атIэ тIэу – щэ жригъэIащ.)

3. Сыт хуэдэ хьэл – щэнхэр дэтлъагъурэ Хьэмид? (Хьэмид жыIэмыдаIуэщ, и адэм пщIэ хуищIкъым, щхьэхынэщ.)

4. Хьэмид сыт кхъужьейм иришIар? (Кхъужьейм и цIэр пIащэу тритхащ фэеплъу, абыкIэ жыгым уIэгъэ хьэлъэ зэрытрилъхьэм емыгупсысу.)

5. Щыхьым фэеплъу сыт къигъэна губгъуэм? (ЖыгыщIэ цIыкIу хисащ.)

6. Хьэмидрэ Щыхьымрэ я дуней еплъыкIэр зэвгъапщэт. (Хьэмид дунейм и дахагъыр зыхимыщIэу мэхущхьэ, мэщатэри щысщ, Щыхьым хьэуа къабзэм, бзу цIыкIухэм я уэрэдым зыщимыгъэнщIу дунеим и дахагъэм кIэлъоплъ.)

7. ЗэныбжьэгъуитIым дэтхэнэра фэеплъ къэзыгъэнар? (Щыхьыращ. Абы жыг хисар ин хъуащи бзухэми цIыхухэми сэбэп яхуэхъуу итщ, Щыхьым и жыгкIэ еджэу. Хьэмид жыг уIэгъэ зытрилъхьар гъужащ.)

8. Природэмрэ цIыхухэмрэ сыт хуэдэ зэхущытыкIэ яIэу къыхэщрэ мы рассказым? (Природэм цIыхухэм гуфIэгъуэрэ дахагъэрэ къахуехь, ауэ цIыхухэм гущIэгъуншэу лъэрыщIыкIыр къыхуахь жыгхэм, дахагъэм зыкIи щымысхьу.)

***ЕгъэджакIуэм сабийхэм я жэуапхэр и псалъэкIэ щIегъэбыдыхьыж:***

– ЦIыхухэм зэхэщIыкIрэ гупсысэкIэрэ зэраIэм къащхьэщегъэкI природэм и къэхъугъуэу хъуам. Природэм езым и хабзэхэр иIэжщи, абы упэщIэувэну мыхьэнэншэщ. ЦIыхур цIыху зыщI щытыкIэхэр зыщыгъупщэм и мыгъуагъэщ. Мы рассказым къыдгурегъаIуэ цIыхум природэм зэран зэрырищIэн хуэмейр.

Природэм лъэрыщIыкIыр къыхуэзыхьри, зыгъэдахэри цIыхуращ, икIи природэр егъэгумэщI цIыху мыхъумыщIэм, абы и хъугъуэфIыгъуэхэр тэмэму къэзмыгъэсэбэпыфым. ЦIыхум природэм и дахагъэр ихъумэу, иригъэфIакIуэу щытын хуейщ.

**VI. Бзэм зегъужьын.**

ЦIыкIухэ, кхъужьейм и пIэ фитамэ, сыткIэ захуэвгъэзэнт Хьэмид хуэдэ цIыхухэм? Кхъужьейм къыбгъэдэкIыу письмо – зэрызыхуагъазэ (письмо – обращение) зэхэфлъхьи фтхы. ЦIыкIухэр письмо ятхахэм къоджэж.

**VII. Унэ лэжьыгъэ.**

Рассказыр къыжыIэжын. ЖыгитIым я теплъэм сурэт хуэщIын.

**VIII. Урокыр къэпщытэжын.**



# ГУЭЛЪХЬЭНЫГЪЭ 2-НЭ

## 1-нэ урок

## Нестандартнэ урокхэр

**Урок – путешествие**
**(анэдэлъхубзэ, музыкэ, технологие)**

Урокыр зытеухуар: «Гъэм и зэманхэр»

Мурадыр: еджакIуэ цIыкIухэм гъэм и зэманхэм теухуауэ я щIэныгъэм хэгъэхъуэн; я бзэм зегъэужьын; гъэм и лъэхъэнэм елъытауэ дунейм зэхъуэкIыныгъэу иIэхэм кIэлъыгъэплъын; гъэм и сыт хуэдэ зэманми езым и дахагъ зэриIэжыр, а дахагъыр хъумэн зэрыхуейр цIыкIухэм къагурыгъэIуэн.

**Къэгъэсэбэпыпхъэхэр:**

- презентацэ гъэм и лъэхъэнэхэм теухуауэ;
- П. И. Чайковскэм и «Времена года» пьесэм щыщу гъатхэр;
- Хьэгъундокъуэ Мухьэмэд и картинэхэр; компьютер;
- аппликацэ зэращIын тхылъымпIэ зэщымыщ, клей, лэныстэ.

Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. ЦIыкIухэр урокым хуэгъэхьэзырын.**

**II. ЕджакIуэхэр урокым и темэм щыгъэгъуэзэн.**

– ЦIыкIухэ, экскурс фыкIуэну ффIэфI? (ТфIэфIщ).

– Нобэ фэрэ дэрэ экскурс дыкIуэнущ. Дэ дахуэкIуэнущ хьэщIапIэ бжьыхьэм, щIымахуэм, гъатхэм, гъэмахуэм. Дытепсэлъыхьынущ гъэм и лъэхъэнэхэм я нэщэнэхэм.

– ЦIыкIухэ, хэт къыджиIэн нобэрей ди урокыр зытеухуар? (Гъэм и зэманхэр).

– Дэ нэгузыжь дызэрыкIуэну щIыкIэр къывгурыIуэнущ мы къуажэхьыр къафщIэмэ:

*«Зэкъуэшхэр хьэщIапIэ кIуэну заужьащ.*

*Зыр зым кIэрыщIауэ гъуэгу кIыхь теуващ». (МафIэгу).*

– Тэмэмщ. *(МафIэгум и макъ къоIу).* Псори фыхьэзыр? Дахэу фытIысхэ, дожьэ!

**III. Япэ къэувыIэпIэ**

***ЕгъэджакIуэм.*** Япэ къэувыIэпIэм дыкъэсащ. Мы станцым и бысымыр къытпежьауэ дрегъэблагъэр, абы и цIэр усэ сатырхэм къыджаIэнщ:

*Уафэм махуэ къэскIэ*

*Нэщхъыр зэхеуфэ*

*Темыуж уэшхыпсым*

*ЩIылъэр ирегъафэ. (Гъубжокъуэ Лиуан)*

– Гъэм и сыт хуэдэ зэман усэр зытеухуар? (Бжьыхьэ.)

– Тэмэм дыдэщ, цIыкIухэ. Усэм зи гугъу ищIхэр зи нэщэнэр бжьыхьэращ. ЦIыкIухэ, фэ фщIэрэ бжьыхьэр зэкъуэшищ зэрыхъур? Хэт къыджиIэн абыхэм я цIэхэр? (Сентябрь – фокIадэ, октябрь – жэпуэгъуэ, ноябрь – щакIуэгъуэ.)

– Фи нэгу къыщIэвгъыхьэт, цIыкIухэ, бжьыхьэ мэзым фыщIэту алэрыбгъу дахэм фытету фызекIуэу. Сыт хуэдэ бжьыхьэм и нэщэнэ зи гугъу сщIыр адрей гъэм и зэманхэм ямыIэу? (ПщIащэ лъэлъэжыгъуэ – листопад.)

– Иджыри сыт хуэдэ бжьыхьэм и нэщэнэхэр фщIэрэ? (Махуэхэр нэхъ кIэщI, жэщхэр нэхъ кIыхь мэхъу; къуалэбзухэр хуабапIэм мэлъэтэж, ...)

– ЦIыкIухэ, адыгэхэм хабзэфI сыт щыгъуи къадогъуэгурыкIуэ – IэнэщIу хьэщIапIэ кIуэркъым. А хабзэ гъэщIэгъуэныр дэри дывмыгъэкъутэу мыпхуэдэу гуапэу къытпежьа бжьыхьэм усэ дахэхэр тыгъэ хуэдывгъэщI. (СабиитI усэ къоджэ бжьыхьэм теухуауэ).

– ЦIыкIухэ, бжьыхьэм езыми саугъэт къыфхуигъэхьэзырат, ауэ жьыр къэсри сурэт дахэр зэбгырихащ. ФызэдэIэпыкъуи зэхуэфхьэсыж сурэтыр.

(Сабийхэм сурэтыр зэхуахьэсыжри ар зэрытхам топсэлъыхь).



– Ди экскурсым адэкIэ пыдощэ. ФитIысхьэж мафIэгум. *(МафIэгум и макъ къоIу).*

**2 станцым къоувыIэхэ**

***ЕгъэджакIуэм:*** НэгъуэщI щIыпIэ дыкъэхутащи, къэдывгъащIэ ар зи щIыгур.

*ЩIыIэщ щIыбыр, уэси къосыр,*

*Дыгъэр фагъуэу пшэм къыхожыр.*

*ЦIыкIухэр щIыIэм щымышынэ,*

*Къыщагъафэ мылым чыныр. (Хъэгъундокъуэ Рэмэзан)*

– Сыт мы усэ сатырхэм зи гугъу ящIыр? (ЩIымахуэм)

– Тэмэм дыдэщ, цIыкIухэ! Хэт щIымахуэ зэкъуэшхэм я цIэхэр къыджиIэн?

(Декабрь – дыгъэгъазэ, январь – щIышылэ, февраль – мазае.)

– Тэмэмщ, цIыкIухэ! Зэкъуэшхэм дэтхэнэм гъэр иухрэ, дэтхэнэм къыщIидзэрэ?

(ЩIышылэм гъэр къыщIедзэ, дыгъэгъазэм гъэр еух.)

– ЩIымахуэм и нэщэнэ дыдэу, адрей гъэм и зэманхэм къахигъэщхьэхукIыу сыт фщIэрэ? (Уэс къос.)

– Сыт хуэдэ щIымахуэм и нэщэнэхэр иджыри жыфIэфыну? (КърабжэкI нэщэнэхэр).

– ЦIыкIухэ, щIымахуэми усэ цIыкIу тыгъэ хуэдывгъэщI. (СабиитI усэ къоджэ).

– ЩIымахуэр хуабжьу вгъэгуфIащ, цIыкIухэ. Сыт хуэдэ Махуэшхуэ щIымахуэм дгъэлъапIэр? (ИлъэсыщIэр)

– ИлъэсыщIэм и нэщэнэ нэхъыщхьэр сыт? (Ёлкэ догъэщIэращIэ.)

– ЩIымахуэр дэIэпыкъуэгъу мэлъыхъуэ псей цIыкIур игъэщIэрэщIэнущи. ДыдэIэпыкъун? (ДыдэIэпыкъунщ.)

(ЦIыкIухэм ёлкэр ягъэдахэ – аппликацэ ящI)

– Тхьэ фигъэпсэу, цIыкIухэ, ёлкэ дахэ дыдэ фщIащ. Иджы ди гъуэгу хэдгъэщIынщ. *(МафIэгум и макъ къоIу).*

**3 станцым къыносри къоувыIэ**

– ЦIыкIухэ, дэ дыкъэсащ гъэщIэгъуэн куэд къыздытпэплъэ станцым.

(П. И. Чайковскэм и «Времена года» пьесэм щIегъэдэIу).

– Сыт фи нэгу къыщIыхьэрэ мы музыкэм фыщедэIукIэ?

(Псы макъ зэхыдох, уафэр мэгъуагъуэ, уэшх пIащэхэр къохуэх, дыгъэр мэлыд.)

– Хэт мы станцым и бысымыр? (Гъатхэращ.)

– ЦIыкIухэ, сыт гъатхэ зэкъуэшхэм я цIэр? (Март – гъатхэпэ, апрель – мэлыжьыхь, май – накъыгъэ.)

– Сыт хуэдэ бзу псом япэ гъатхэм пежьэр? (КъуанщIэ – грач).

– Сыт хуэдэ удз гъэгъа псом япэ щIым къыхэкIыр гъатхэм? (Ажэгъуэмэ – подснежник).

– Дунейм сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр къэхъурэ гъатхэр къыщихьэкIэ? (КърабжэкI гъатхэм и нэщэнэхэр).

(Гъатхэм и дахагъэм теухуа усэ цIыкIухэм сабийхэр къоджэ.)

– ЦIыкIухэ, гъатхэр къыфхуэгузавэу къакIуэти, фIыуэ илъагъу псалъэжьхэр Iэпыщэщащи хузэхуэдывгъэхьэсыж.

– ЦIыкIухэм псалъэжьхэр зэхуахьэсыжри къоджэ, и мыхьэнэр къыжаIэ.

- *Гъатхэм тумысар бжьыхьэм бгъуэтыжыркъым.*
- *Гъатхэм пасэу пщIэр, бжьыхьэм игъуэ мэхъу.*

– Тхьэ фигъэпсэу, цIыкIухэ. ДокIуэ адэкIэ. *(МафIэгум и макъ къоIу).*

**4 станцым къокIуалIэ**

– КъыкIэлъыкIуэ станцым дыкъэсащ. Хэт къищIэн ар зейр?

*Бзу цIыкIу ушахэм бзэрабзэу*
*Нэхущ пшыналъэм къыщIадзэ*
*Пщэдджыжь акъужькIэ загъэпскIыу*
*Щхьэхуит уэрэдкIэ мэтаджэ. (Аслъэн Михаил)*

– ЦIыкIухэ, хэт и щIыналъэ дыкъихьа? (Гъэмахуэм)

– Пэж дыдэщ, цIыкIухэ. Гъэмахуэщ. Хэт дигу къигъэкIыжын гъэмахуэ зэкъуэшхэм я цIэхэр? (Июнь – гъэмахуэпэ, июль – бадзэуэгъуэ, август – шыщхьэIу.)

– Дунейм и теплъэм сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтрэ гъэмахуэм? (Гъэмахуэм и нэщэнэхэр ягу къагъэкIыж).

– Гъэмахуэм сурэт дахэ фхуигъэхьэзыращ. Сыт мы сурэтым щыфлъагъухэр?



(Гъэмахуэм теухуа сурэтымкIэ сочиненэ цIыкIу жьэрыIуатэу зэхалъхьэ).

– ЦIыкIухэ, кроссвордыр къафщIи гъэмахуэм псом нэхърэ нэхъыфIу илъагъур къывгурыIуэнщ.

**Кроссворд:**

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| а | **д** | а | къ | э | | |
| жь | **ы** | б | гъ | э | | |
| е | **гъ** | э | дж | а | кIу | э |
| у | **э** | ш | х | | | |

*1. Дыщэ мажьэр зи сыдж, жьырытэджщи къыдоджэ. (Адакъэ)*

*2. Зыми хуэмубыду уэнжакъыр тезуд. (Жьыбгъэ)*

*3. ЩIэныгъэ къыдэзыту, махуэ къэс ди пащхьэ ит. (ЕгъэджакIуэ)*

*4. Фыз фIыцIэ нэгъуд, щIым дыд хэзыIу. (Уэшх)*

– Фыкъеджэт. Сыт гъэмахуэм псом нэхърэ нэхъыфIу илъагъур? (Дыгъэрщ)

– Тэмэмщ, цIыкIухэ, дыгъэращ. ФIы дыдэу фылэжьащ. Тхьэ фигъэпсэуххэ!

**IV. КъызэщIэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

– Нобэрей ди экскурсыр икIэм нэсащ, цIыкIухэ. Хэт и деж хьэщIапIэ дыщыIа?

(Гъэм и зэманхэм я деж.)

– Сыт абыхэм я цIэхэр? (Бжьыхьэ, щIымахуэ, гъатхэ, гъэмахуэ.)

– Сыт хуэдэ плъыфэцIэхэр къахуэфхьыфыну гъэм и зэманхэм?

(Бжьыхьэ *уэлбанэрилэ*, дахэ, пасэ, кIасэ, н. къ. ЩIымахуэ щIыIэ, дахэ, уае, н. къ. Гъатхэ *щIэращIэ*, дахэ, хуабэ, н. къ. Гъэмахуэ жьэражьэ, хуабэ, дахэ, н. къ.)

– Сыт хуэдэ плъыфэцIэхэра гъэм и зэманхэм къахуэтхыр адрейхэм къащхьэщигъэкIыу? *(Бжьыхьэ уэлбанэрилэ, щIымахуэ щIыIэ, гъатхэ щIэращIэ, гъэмахуэ жьэражьэ).*

– Сыт хуэдэ плъыфэцIэ гъэм и зэману хъуам езэгъыр? (Дахэ).

– Тэмэмщ, цIыкIухэ, «дахэ» псалъэращ, сыту жыпIэмэ гъэм и сыт хуэдэ зэманми езым и дахагъ иIэжщ. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэщ а дахагъэр тхъумэныр. Иджы, цIыкIухэ, еджапIэм докIуэж. (*МафIэгум и макъ къоIу*).

**V. Унэ лэжьыгъэ.**

«Гъэм и зэманхэм щыщу нэхъ сигу ирихьыр» темэмкIэ сочиненэ цIыкIу зэхэлъхьэн.

**VI. Урокыр къэпщытэжын.**

Урокым нэхъыфIу хэлэжьыхьа сабийхэм я цIэ къиIуэн.

## 3-нэ урок

У р о к ы р   з ы т е у х у а р: «Адыгэ IуэрыIуатэ» къэралым (дерс – зекIуэ)

М у р а д ы р: еджакIуэхэм адыгэ IуэрыIуатэм теухуауэ яIэ щIэныгъэм хэгъэхъуэн; лъэпкъым и блэкIам пщIэ хуащIу, къэкIуэнум егупсысу къэгъэтэджын; бзэм зегъэужьынымкIэ лэжьыгъэ ядегъэкIуэкIын.

***Къэдгъэсэбэпхэр:*** тхылъ, доска, мел, компьютер.

### У р о к ы м   и   е к I у э к I ы к I э р:

**I. Урокым хуэгъэхьэзырын.**

***ЕгъэджакIуэм.*** Фи махуэ фIыуэ, цIыкIухэ, хьэщIэхэ, еджакIуэхэ! Нобэ ди дерсыр адрей дерсхэм емыщхьу едгъэкIуэкIынущ. Адыгэ IуэрыIуатэм теухуауэ зэдгъэщIахэр дигу къэдгъэкIыжынущ, ди лъэпкъым и блэкIам, къэкIуэнум пщIэ хуэтщIу зыдгъэсэнущ. ЗекIуэ дыкIуэнущ «Адыгэ IуэрыIуатэкIэ» зэджэ къэралым. Доскам къыщыгъэлъэгъуа картэм девгъэплъыт. Мыбдеж щыдолъагъу къалэ зыбжанэ, ауэ дэ къалитхущ дыздыдэхьэнур. Къалэдэсхэм яIащ проектнэ лэжьыгъэ я къалэм нэхъ кууэ нэIуасэ дыхуащIыну, дахагъэу яIэр къыджаIэну, ди бзэм зрагъэужьыну, ди щIэныгъэм хагъэхъуэну.

***II. ЕгъэджакIуэм.*** Къалэхэм ди нэгу зедгъэужьыну дыдэмыхьэ щIыкIэ, «Адыгэ IуэрыIуатэкIэ» зэджэ къэралыр дигу къэдывгъэгъэкIыжыт.



– Хэт къызжиIэн, сыт адыгэ IуэрыIуатэкIэ зэджэр?

***ЕджакIуэм.*** IуэрыIуатэр нэхъыбэу къэзыгъэщIыр, зэхэзылъхьэр цIыхубэрщ, ар цIыхубэм къыбгъэдэкI художественнэ лэжьыгъэщ, гуащIэщ. IуэрыIуатэр Iыхьэ зэхэдзэщ. Зым зэхилъхьэр адрейм епхъуатэ, дыщIегъуIа, кIэрегъэху, зэрехъуэкI, ирегъэфIакIуэ, мыхъуну ибжыр, фIэмызахуэр хедз. Мытхауэ, апхуэдэ щIыкIэкIэ зэIэпахыу произведенэхэр къызэрыгъуэгурыкIуэм папщIэ цIыхухэр абы IуэрыIуатэкIэ йоджэ.

IуэрыIуатэ псалъэр езыр Iыхьит1у зэхэтщ. Япэ Iыхьэ **Iуэ**-м къикIыр жыIэ жиIэу арщ. ЕтIуанэ Iыхьэми къикIыр ар дыдэрщ – **Iуатэ**-жыIэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, IуэрыIуатэм къикIыр жыIэрыIуатэщ. ЖыIэн псалъэм и пIэкIэ Iуэн къагъэсэбэпырт. Адыгейм **жыIэн**ым и пIэкIэ иджыри къагъэсэбэпыр **Iуэн**ырщ.

***ЕгъэджакIуэм.*** ФIы дыдэу фощIэ IуэрыIуатэкIэ зэджэр, атIэ сыт хуэдэ жанрхэр IуэрыIуатэм хыхьэрэ?

***ЕджакIуэм.*** IуэрыIуатэм хохьэ таурыхъхэр, псалъэжьхэр, псынщIэрыпсалъэхэр, хъыбархэр, къуажэхьхэр, уэрэдхэр, гъыбзэхэр, псалъэ шэрыуэхэр, хъуэхъухэр.

***ЕгъэджакIуэм.*** Хэт IуэрыIуатэр зэхэзылъхьар?

***ЕджакIуэм.*** IуэрыIуатэр цIыхубэрщ зэхэзылъхьар, къэзыгъэщIар.

***ЕгъэджакIуэм.*** Тэмэмщ, цIыкIухэ, IуэрыIуатэм и къежьапIэр цIыхубэрщ. Ар усакIуэ щэджащэщ, уахътыншэщ. ГуащIэрыпсэу цIыхубэм и IуэрыIуатэр зэи мыкIуэдыжынщ, ар литературэм и къежьапIэщ.

IуэрыIуатэр ижь – ижьыж лъандэрэ къогъуэгурыкIуэ. А зэманым тхэкIи, еджэкIи ящIэтэкъым ди лъэпкъым, арщхьэкIэ абы зэхалъхьа уэрэдхэр, усэхэр, таурыхъхэр кIуэдакъым, сыту жыпIэмэ адэ – анэхэм, адэшхуэ – анэшхуэхэм я бынхэм, абы я быныжхэм хуаIуатэурэ ди деж къынахьэсащ. Ахэр зэхуэхьэсыжыным елэжьахэщ адыгэм ди щIэныгъэлIхэу Нэгумэ Шорэ, ПащIэ Бэчмырзэ, Берсей Умар, Шортэн Аскэрбий, Мыжей Михаил, Пщыбий Инал, н.къ.

***III. ЕгъэджакIуэм.*** КъэтцIыхужащ «Адыгэ IуэрыIуатэ» къэралыр зыхуэдэр. Фэ псори а къэралым фыщыщщ, къалэ зырызи фыдэсщ. Фэ къалэдэсхэм нэхърэ нэхъыфIу хэт ицIыхун абдеж

щызекIуэ, щыIэ хабзэхэр? АтIэ иджы щхьэж фыздыдэс къалэм фыкъытхутепсэлъыхь.

***Япэ дызыхуэзэ къалэр «Нарт» къалэщ.***

***ЕджакIуэм.*** «Нартхэр» жыхуиIэ адыгэ эпосыр ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэ IуэрыIуатэм хэту къогъуэгурыкIуэ. Ар пшыналъэу, уэрэдрэ хъыбару зэхэту куэд мэхъу. «Нарт» эпосыр адыгэхэм яхэлъа цIыхугъэм, хьэлэлыгъэм, лIыхъужьыгъэм и фэеплъщ, ди адэжьхэм лIэщIыгъуэ куэдым къащIэна Iущыгъэщ.

Нарт эпосыр, цIыкIухэ, щIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ 7-9-нэ лIэщIыгъуэхэрщ къыщежьар. ЖаIэж, илъэс куэдкIэ узэIэбэкIыжмэ, дэ иджы адыгэхэр дыздэпсэум, хы фIыцIэ Iуфэм нарткIэ еджэу лъэпкъышхуэ гуэр щысауэ. Нартхэр инт, къарууфIэхэт, лIыгъэшхуэ яхэлът, лэжьэнми зауэнми лIыгъэшхуэ щагъэлъагъуэт. Абыхэм дэ дакъытекIауэ жаIэ. Нартхэр фIыуэ псэут, лажьэт, хасэ ящIт, зэхуэс ящIт, унафэ къахьт. Мис нартхэм я нэхъыбэр лIэуэ хуежьащ. Нэхъри куэд лIэуэ щыхуежьэм, тхьэм елъэIуащ:

– Дэ дунейм дытетыжыну ущыхуэмейкIэ, яшх хъу къэкIыгъэ гуэр къыдэт ди цIэкIэ уеджэ хъууэ, ягу дыкъигъэкIыжын папщIэ. Абы папщIэ къаритащ къэкIыгъэ, езы нартхэм хуэдэу лъагэу, и теплъэкIи нартхэр уигу къигъэкIыжыну щхьэхэр дэтхэу, щхьэхэм дзэхэр тетыжу. Абы нартхэм фIащащ «нартыху».

Нартхэр мэкъумэшыщIэхэт, Iэщыхъуэхэт, зекIуэлIхэт. Нартхэр хасэ щIызэхыхьэри, лIыгъэ щIызэрахьэри лъэпкъ Iуэхущ, цIыхухэм я Iуэхущ. Абыхэм я лIыгъэ псор щагъэунэхур Хэкум бий къыщытеуэм и дежщ, лIыгъэм пащI щыIэкъым. Нарт эпосыр топсэлъыхь нартхэм ялэжьу щыта Iуэхугъуэхэм: щэкIуэным, Iэщ зехуэным, физ къэшэным, Iэмэпсымэ гъэхьэзырыным.

Нарт эпосым образ хьэлэмэтхэр хэтщ. Апхуэдэхэщ Сосрыкъуэ, Бэдынокъуэ, Батэрэз, Ашэмэз, Сэтэней, Iэдииху, н.къ. Абыхэм лIыгъэшхуэ яхэлът, ахэр хьэзырт я Хэкум папщIэ я псэр ятыну. Нартхэр шууейхэу, лэжьакIуэшхуэхэу, уэрэджыIакIуэхэу, къэфэкIэкIэ Iэзэу щытащ. Нарт бзылъхугъэхэм пщIэшхуэ, щIыхьышхуэ хуащIт. Апхуэдэ бзылъхугъэхэм ящыщщ Сэтэней. Ар Iущщ, цIыхугъэшхуэ зыбгъэдэлъщ, акъылыфIэщ.



***ЕгъэджакIуэм.*** Нартхэм лIыгъэшхуэ яхэлъу зэрыщытар къыхощыж адыгэ хъыбархэм, уэрэдхэм. Нарт Сосрыкъуэ и лIыгъэр, хахуагъэр къыхощ иджыпсту дызэдэIуну «Сосрыкъуэ» уэрэдым.

***(ЦIыкIухэр «Сосрыкъуэ» уэрэдым щIэгъэдэIун)***

***IV. ЕгъэджакIуэм.*** Мис дэ дыщыIащ Нарт къалэм. Фэ къыджефIахэмкIэ къыдгурыIуащ фи къалэр фIыуэ зэрыфлъагъур.

***(Компьютерым псалъэжьхэр къытредзэ)***

***АдэкIэ къокIуэ «Псалъэжь къалэр».*** Псалъэжь къалэм дэсхэм дадэIунщ жаIэм.

***ЕджакIуэм.*** Псалъэжьхэр цIыхубэм езым ищIэ Iущыгъэхэр кIэщI дыдэу къызэриIуатэ псалъэхэщ, ущие щытыкIэ яIэу. Псалъэжьхэм къаIуатэ псори пэжщ.

ЩыIэщ псалъэжь гуащIэдэкIым, лэжьыгъэм теухуауэ, щыIэщ зэныбжьэгъуныгъэм, унагъуэм, Хэкум, лъахэм теухуауэ. Псалъэм папщIэ «Нэмысым насып къыдокIуэ», «Гупсыси псалъэ, зыплъыхьи тIыс», «Нэхъыжьыр бгъэлъапIэмэ, уи щхьэр лъапIэ хъунщ», «Уи адэ и щIапIэ гъэдахэ, уи анэ дахэу епсалъэ», «Гъатхэм тумысар бжьыхьэм къытепхыжыркъым», н.къ.

***ЕгъэджакIуэм.*** «Гъатхэм тумысар бжьыхьэм къытепхыжыркъым». Мы псалъэжьыр гуащIэдэкIым, лэжьыгъэм теухуащ. ...

ЦIыкIухэ, экранымкIэ фыкъаплъэт псори. (Слайдхэр къегъэлъагъуэ.) Мы сурэтхэр ауэ сытми сурэткъым, атIэ мыхьэнэ зиIэхэщ. Девгъэплъыт, девгъэгупсысыт абыхэм къарыкIхэм?

***(Сурэтым техуэ псалъэжьхэр къыжаIэ сабийхэм)***

- *«Зи гупкIэ уисым и уэрэд жыIэ» – Узыхэтым зегъэзэгъ.*
- *«Уэшх блэкIам щIакIуэ кIэлъумыщтэ» – ПщIам ухущIемыгъуэж.*
- *«Дзыгъуибгъур зэдеIэмэ чеищхьэр трач» – Узэкъуэтмэ улъэщщ, къару уиIэщ.*
- *«Дыгъужьыр мэлыхъуэ умыщI» – Дзыхь хуумыщI.*
- *«Блэ зэуар аркъэным щощтэ» – Зэ шынам сыт щыгъуи и гур щтэIэщтаблэу щытщ.*

***ЕгъэджакIуэм.*** Сыт псалъэжьхэм сэбэпу къахьыр?

***ЕджакIуэм.*** Псалъэжьхэм дагъасэ, даущие, ди бзэр шэрыуэ ящI.

***ЕгъэджакIуэм.*** Пэжщ, цIыкIухэ, псалъэжьхэм гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ яIэщ. Дыхурагъаджэ хьэлэлу, щэныфIэу, зэтеу-

быдауэ, нэмысыфIэу, Iэсэу дыщытыну, хьэл Iейхэр (щхьэщытхъугъэр, пцIыупсыр, бзэгу хьыныр) зыхэднынуу. Псалъэм папщIэ, «Зэ жыпIэнум тIэу егупсыс», «Дыгъуэр мыгъуэ мэхъу», «Iей пщIауэ фIым ущымыгугъ», «Нэмыс здэщымыIэм щыIэкъым насып».

***V. «Къуажэхь» къалэ.***

***ЕгъэджакIуэм.*** «Адыгэ IуэрыIуатэ» къэралым хуабжьу къалэ гъэщIэгъуэн иIэщ. Абы и цIэр «Къуажэхьщ». Сыт ар гъэщIэгъуэн зыщIыр? Сыт а къалэм а фIэщыгъэцIэр щIиIэр? Абы нэIуасэ дыхуащIынущ къалэдэсхэм.

***ЕджакIуэм.*** Адыгэ IуэрыIуатэм и куэдщ къуажэхьхэри. Зи цIэр кърамыIуэ зыгуэрыр зэщхьымкIэ, и щытыкIэхэмкIэ, къызэрагъэсэбэпымкIэ къэщIэн хуейуэ къэзыгъэув джэгукIэм **къуажэхькIэ** йоджэ.

Къуажэхьхэр епхащ хьэкIэкхъуэкIэхэм, унэ псэущхьэхэм, цIыхур зыщыгъуазэ къэхъукъащIэхэм, абы и IэщIагъэм, махуэ къэс къигъэсэбэп псалъэхэм. Сэ иджыпсту къуажэхьхэр вжесIэнщи, фэ ахэр къафщIэ. Хэт нэхъ акъыл жанми къэтщIэнщ.

***(Экраным къуэжэхь къытредзэ, къащIа нэужь сурэтыр къегъэлъагъуэ)***

1. НатIэрыдз, Iэрыдзэн,
Уеуэ пэтми мыуз. **(Топ)**
2. Унащхьэ тхыцIакIуэ,
Дзыгъуэ кIуапIэр зи гъуэгу. **(Джэду)**
3. Мэл кIапэ ещэу
Мэз псэущхьэ. **(Дыгъужь)**
4. Зи кIэр дыкъуакъуэ,
Бгыкъур зи унапIэ. **(ПцIащхъуэ)**
5. КIуэрэ – кIуэрэ бэлацэ,
Зи щIыб бацэ темыкI. **(Бажэ)**
6. И тхьэкIумэр дзасэ, и пэр сыринэ, и нэр вагъуэ, мапкIэ, малъэ, мэбгъунлъэ, мэлъей. **(ТхьэкIумэкIыхь)**

***VI. «Таурыхъ» къалэ***

***ЕгъэджакIуэм.*** Къуажэхьхэр фIы дыдэу къэфщIащ. Ди бзэр дывмыгъэгъэкIуэд, ди бзэр фIыуэ дэвгъэлъагъу, ди бзэр псэумэ адыгэ лъэпкъри псэущ. АдэкIэ ди гъуэгум пытщэнщ.



«Къуажэхь» къалэм дикIмэ «Таурыхъ» къалэм дыIуощIэ. Ситу пIэрэ къалэдэсхэм дызэрыдагъэхьэхыныр а къалэм, гъэщIэгъуэну къыджаIэнур сыт?

***ЕджакIуэм.*** Адыгэ IуэрыIуатэм и лIэужьыгъуэ нэхъыщхьэщ таурыхъхэр. ИжькIэрэ къаIуатэж Iуэхум е зи пэжыпIэ ямыщIэ IуэрыIуатэ гуэрым таурыхъкIэ йоджэ.

Таурыхъым щекIуэкI Iуэхугъуэхэр нэгум къыщIэхьэгъуейщ, фIэщ хъугъуейщ, къэгупсыса я лъабжьэм илъщ.

Таурыхъхэр гуп зыбжанэу егуэш:

– ***Псэущхьэхэм ятеухуа таурыхъхэр:*** «Бажэм и хьилагъэр», «ТхьэкIумэкIыхьыр бажэм зэрытекIуар», «Бажэмрэ дыгъужьымрэ».

– ***Удыгъэ зыхэлъ (волшебнэ) таурыхъхэр:*** «Мыщэ и къуэ Батыр», «КIулаций».

– ***ЦIыхухэм я зэхущытыкIэм теухуа таурыхъхэр:*** «Пхъуантэ фIыцIэжь», «Нэпсейм къыщыщIар».

***ЕгъэджакIуэм.*** Мы къалэм «Дыгъужьымрэ бажэмрэ» таурыхъыр дагъэлъагъунущ.

***Авторым:*** Дыгъужьыжь гуэр къэунэхуащ.

***Дыгъужьыжьым:*** ФхуэсщIыр фи унафэщ, ар фымыщIэмэ фи цыр фхуэсщынщ!

***Авторым:*** Дыгъужьыжьым хьэкIэкхъуэкIэхэм пащтыхь захуищIащ. Куэдрэ яфIэшхащ, яфIэтхъащ.

***ХьэкIэкхъуэкIэхэм:***

1. Мы дыгъужьыжьым Iэмал хуекIуэн хуейщ, арыншэмэ ди лъапсэм псы иригъэжыхыжынщ.

2. Сыт ди Iэмал, сыт етщIэфынур?

***Авторым:*** ХьэкIэкхъуэкIэхэм чэнджащэу щIадзащ. Зыкъомрэ чэнджащэри зыри къащыхуэмыгупсысым, бажэм деж лIыкIуэ ягъэкIуащ.

3. Зыгуэр къытхуэщIэ, уэращ дызыщыгугъыр.

***Бажэм:*** Хъунщ

***Авторым:*** Бажэм лIыкIуэр къиутIыпщыжащ. Езыр къуажэм дыхьэри зы джэд къиубыдащ, джэдыр псыкъуийм иридзэри, итIанэ дыгъужьыжьым и деж кIуащ. Дыгъужьыжьыр къэгубжьауэ щыст, и нэм лъы къытелъэдауэ.

***Дыгъужьыжьым:*** IэнэщIу щхьэ укъысхуэкIуа? Усшхынкъэ иджы?

***Бажэм:*** Сыпшхми схуэфащэщ, дыгъужьыжь, уи Іыхьэр зытрезгъэхащ. Джэд пшэрым ухэзгъэкІыжащ.

***Дыгъужьыжьым:*** Хэт птезыхар, хэт си Іыхьэм ещэр?

***Бажэм:*** Ещэр гъуэгу щхьэІум къытетІысхьа дыгъужьыжьырщ. Абы и хъыбар зэхэпхакъэ?

***Дыгъужьыжьым:*** Зэхэсхакъым. Дэнэ къикІа?

***Бажэм:*** ГъэпцІакІуэ къикІауэ жаІэр. Гъуэгум дригъакІуэркъым, уи Іыхьэр къыщытхькІэ къытпотІысри ттрех.

***Дыгъужьыжьым:*** Сэ абы хуэфІ сыхъункъэ! НакІуэ сышэ!

***Авторым:*** Бажэм и ужьым иувэри дыгъужьыжьыр псыкъуийм кІуащ. Псыкъуийм иплъэмэ зелъагъуж. Ар езырауэ дэнэ щищІэнт дыгъужьыжьым?

***Дыгъужьыжьым:*** Уэ-э-э, уэри уэ! Уэра си Іыхьэм къещэр?!

***Авторым:*** Дыгъужьыр псыкъуийм илъащ. Абдеж кІэ игъуэтащ дыгъужь залымым.

***ЕгъэджакІуэм.*** Артист хьэзырхэщ мыхэр, хуабжьу фІыуэ зыкъэвгъэлъэгъуащ.

– Сыт, цІыкІухэ, мы таурыхъым къигъэлъагъуэр?

***ЕджакІуэм.*** Іейуэ ущытмэ, зэи фІы къохъулІэнукъым.

Мыбдежым щызэпэщІэтщ къарууфІэмрэ къарусызымрэ.

***ЕгъэджакІуэм.*** Пэжщ, цІыкІухэ, «Іей пщІауэ фІым ущымыгугъ» псалъэжьыр къыхощ мы таурыхъым. Бажэр зэрыкъэгъэпцІакІуэр, зэрыхьилэшыр долъагъу. Дыгъужьыжьыр Іейти, фІы и гум илътэкъыми, хуэфащэр игъуэтыжащ. Дэнэ дежи, сыт щыгъуи Іейм фІыр токІуэ.

***VII. «Адыгэ уэрэдхэр» къалэ***

***(Уэрэдыжь макъамэ).***

***ЕгъэджакІуэм.*** Нобэрей ди зекІуэм ди нэр маплъэ, ди нэгум зеужь, ди гур хохъуэ. Ауэ зэманыр зэрымащІэм папщІэ, «Адыгэ уэрэдыжь» къалэм дыдыхьэжынщ, псоми дыдэмыхьэфми.

**ЕджакІуэм**

*Адыгэ уэрэдыжь –*
*Ар ди лъэпкъым игущ,*
*Ди лъэпкъым и псэщ,*
*Адыгэм ди тхыдэ хъумапІэщ,*
*Ди губампІэ дэхщ.*



– Уэрэдхэр гуащІэдэкІым, лІыгъэм, хэкум, фІылъагъуныгъэм теухуащ. Гущэ уэрэд, нысашэ уэрэд, тхыдэ уэрэд, гушыІэ уэрэд, лъагъуныгъэ уэрэд – уэрэд лІэужьыгъуэхэщ.

***(«Гущэ» уэрэд жаІэ.)***

*Лэу, лэу, си сабий дыщэ,*
*Лэу, лэу, си сабий нэху!*
*Ужеймэ, ужеймэ-сынодэІуащэркъэ,*
*УщэІумэ, ущэІумэ – сызэпкъыроху.*
*Лэу пщІыркъэ, си сабий дыщэ,*
*Лэу пщІыркъэ, си сабий нэху.*

***ЕгъэджакІуэм.*** Хэт къыджиІэн, мы уэрэдыр сыт щыгъуэ щыжаІэр?

***ЕджакІуэм.*** Мы уэрэдыр гущэ уэрэдщ. Ар жаІэ сабийм гущэхэпхэ щыхуащІкІэ, е ауэ гущэм хэлъу щагъэжейкІэ.

**VIII. КъызэщІэзыкъуэж зэпсэлъэныгъэ:**

***ЕгъэджакІуэм.*** ЦІыкІухэ, сэркІи, ди лъэпкъымкІи хуабжьу гуфІэгъуэшхуэщ фэ апхуэдэу ІуэрыІуатэр зэрыфщІэр. Иджы сэ сыхуейт нобэ ди дерсым дигу къэдгъэкІыжахэр ІуэрыІуатэм теухуауэ къызэщІэткъуэжыну. (Тестхэр фэстынущ, ахэр дахэ цІыкІуу къывощІхэри доплъыж. ЗэращІынур яжеІэн. Тестхэм я жэуап тэмэмхэр къахутэ).

***(Экраным кърыдзэ тестым ит упщІэхэм тэмэму жэуап етын).***

**IX. ЕджакІуэхэм оценкэ яхуэгъэувын.**

**X. Унэ лэжьыгъэ.**

Нарт хъыбарыжьхэм щыщу зэджахэр къэпщытэжын.

***Тест «ІуэрыІуатэ»***

**I. ІуэрыІуатэм хэмыхьэр къэвгъуэт:**

*а) къуажэхьхэр* *в) псалъэжьхэр*

***б) усэхэр*** *г) уэрэдыжьхэр*

**2. Определенэхэр нэвгъэсыж:**

*а) ЦІыхубэм езым ищІэ Іущыгъэхэр кІэщІ дыдэу, ущие щытыкІэ яІэу къызэриІуатэ псалъэм ... (псалъэжькІэ) йоджэ.*

*б) Зи цІэр кърамыІуэ, зыгуэрыр зищІысыр зэщхьымкІэ, и щытыкІэмкІэ къэщІэн хуейуэ къэзыгъэув джэгукІэм ... (къуажэхькІэ) йоджэ.*

*в) Зыгъэдыхьэшх, гукъыдэж къезыт, бзэм зыщрихьэлIэ къэIуэтэкIэ гугъухэр псынщIэу икIи тэмэму къэпсэлъыным хуэзыгъасэ псалъэхэм ... (псынщIэрыпсалъэкIэ) йоджэ.*

**4. Псалъэжьхэр нэвгъэсыж:**

*а) Iей пщIауэ... (фIы ущымыгугъ)*

*б) Узэгугъур... (къогугъуж)*

*в) Iуэху мыублэ... (блэ хэсщ)*

*г) Гупсыси псалъэ... (зыплъыхьи тIыс)*

**4. Къуажэхьхэр къафщIэ:**

***1. Мэл кIапэ ещэу мэз псэущхьэ.***

*а) мыщэ* *б) бажэ*

***в) дыгъужь*** *г) кIэпхъ*

***2. Зи губгъуэр хужь, зи жылэр фIыцIэ. Тезысэр акъыл зиIэрщ.***

***а) тхылъ*** *б) уафэ*

*в) тетрадь* *г) щIыгу*

***5. «Насыпыншэм, махъшэм тесми, хьэ къодзакъэ» псалъэжьыр зыхэт шыпсэр къыхэфх.***

*а) «Мыщэ и къуэ Батыр»* *в) «ЛIыжь цIыкIумрэ Дыгъужьыжьымрэ»*

*б) «Пхъуантэ фIыцIэжь»* *г) «Сосрыкъуэ дунейм къытохьэ»*

## 4-нэ урок

Урокыр зытеухуар: Хьэх Сэфарбий «ЦIыхуфI куэд щыIэщ»

### Урок – дебат

Мурадыр: еджакIуэ цIыкIухэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэн; анэмрэ бынымрэ я зэхущытыкIэм гу лъагъэтэн; анэм пщIэ хуэщIыным, фIыуэ лъагъуным я гъэсэныгъэр хуэунэтIын; я гупсысэр къаIуэтэфу, тхыгъэм нэхъыщхьэр къыхахыфу егъэсэн; я бзэм, я еджэкIэм зегъэужьын.



«Дебат» формэм ипкъ иткIэ классыр командитIу гуэшын хуейщ.

**Дебатыр** – *егъэджакIуэхэм щIэуэ къагъэсэбэп технологиещ. Дебатым и мурад нэхъыщхьэр командэхэм темэ къратам теухуауэ я гупсысэхэр къаIуатэу, ахэм я гупсысэр зэрытэмэмыр адрейхэм я фIэщ ящIынырщ. Дебатым, диспутым къыщхьэщыкIыу, зэдауэ хэткъым, атIэ я гупсысэхэмкIэ зэдогуашэ, щапхъэхэмкIэ щIагъэбыдыхьыурэ.*

*Дебатым хэтхэр:*

*Спикер – дебатыр езыгъэкIуэкIыр (ролыр егъэджакIуэм игъэзащIэмэ нэхъыфIщ).*

*Командэхэр – еджакIуэхэр.*

*Консультант е суд – ролыр игъэзащIэ хъунущ еджакIуэм, егъэджакIуэм, е урокым кърагъэблэгъа гуэрым.*

2. Командэ къэс спикер яIэщ.

3. Зэманым кIэлъыплъыну «Тайм-скипер» къыхах. Абы карточкэхэр иIыгъщ 2; 1; 0,5 дакъикъэ тету:

Япэ къэпсалъэм-дакъикъи 6

УпщIэхэм жэуап етын-дакъикъи 3.

Спикерхэм дакъикъэ тхурытху етын.

***Япэ командэм и спикерым и лэжьыгъэр***

а) командэм хэтхэр егъэцIыхун;

б) урокыр зытеухуар, ар гъащIэм зэрыпэгъунэгъур убзыхун;

в) «анэмрэ бынымрэ яку дэлъын хуей зэхущытыкIэр» – псори къызыпкърыкIыж гупсысэр къэIуэтэн;

г) щIалэм и образыр къэгъэлъэгъуэн;

д) упщIэ кърахэм жэуап етын, хухаха зэманым щIемыгъэгъуаурэ.

***ЕтIуанэ командэм и спикерым и лэжьыгъэр***

а) командэм хэтхэр егъэцIыхун;

б) урокыр зытеухуар, ар гъащIэм зэрыпэгъунэгъур убзыхун (япэ командэм къыщхьэщыкIыу)

в) «анэмрэ бынымрэ яку дэлъын хуей зэхущытыкIэр» – псори къызыпкърыкIыж гупсысэр къэIуэтэн (япэ командэм къыщхьэщыкIыу);

г) анэм и образыр къэгъэлъэгъуэн;

д) упщIэ кърахэм жэуап етын.

*4. Судым (консультантым) командэхэм я лэжьэкIэр къепщытэ.*

*5. ИужькIэ, «Дебатым» зэрызыхуагъэхьэзыра хъуа щIыкIэм, аргумент къахьахэм, упщIэ-жэуап ятахэм топсэлъыхьыж (анализ ящIыж).*

## Урокым и екIуэкIыкIэр:

**I. ЦIыкIухэр урокым хуэгъэхьэзырын:** командэхэр гъэнэхуэн; спикерхэр, судыр къыхэхын; зэрылэжьэну планым щыгъэгъуэзэн цIыкIухэр.

**II. ЕгъэджакIуэр гъэхуауэ, гурыIуэгъуэу къахуоджэ «ЦIыхуфI куэд щыIэщ» Хьэх Сэфарбий и рассказым, словарнэ лэжьыгъэ ирагъэкIуэкI:**

*фэжьIужь – Iуэху хьэлъэм есэжа (свыкнуться, смириться);*
*лэдэх – нэкIум, щIыфэм иIэ зэлъагъэ (морщина, складка).*

**III. УпщIэхэм жэуап етын:**

***Япэ командэм псалъэ етын:***

**1) Спикерым командэм хэтхэр нэIуасэ яхуещI.**

**2) Урокыр зытеухуар, ар гъащIэм зэрыпэгъунэгъур убзыхун.**

***ЕджакIуэм.*** «ЦIыхуфI куэд щыIэщ» рассказым къыщыIэта гупсысэ нэхъыщхьэр гъащIэм куэдрэ узрихьэлIэ къэхъугъуэщ. Мыбы къыщыгъэлъэгъуащ щIалэр и анэ сымаджэм зэрыкIэлъыплъыр, хуэсакъыу зэрызэрихьэр. Адыгэхэм сыт щыгъуи хабзэфIу диIэщ адэ – анэм пщIэ хуэщIыныр, абыхэм я жыгъэр яхуэгъэпсынщIэныр, яхуэсакъыныр. А гупсысэ дыдэрщ мы рассказми къыщыгъэлъэгъуар.

**3) «Анэмрэ бынымрэ яку дэлъын хуей зэхущытыкIэр» – псори къызыпкърыкIыж гупсысэр къэIуэтэн.**

***ЕджакIуэм.*** Анэр быным гуапэу, щабэу хущытщ. Бынып и лъэ теувэху анэм гугъуехь куэд ешэч, жэщ Iэджэ егъакIуэ жеиншэу. Унагъуэ Iуэхури, бын гъэсэнри нэхъыбэу зи пщэ илъыр анэращ. Бынып къэтэджын хуейщ анэм и гугъуехьыр зэхащIыкIыу, игу хамыгъэщIу, анэ – адэм пщIэрэ фIэлIыкIыныгъэрэ хуаIэу.

**4) ЩIалэм и образыр къэгъэлъэгъуэн.**

***ЕджакIуэм.*** Рассказым и лIыхъужь нэхъыщхьэ щIалэр цIыхуфIщ, гуапэщ, щабэщ, зи анэр фIы дыдэу зылъагъущ.



А хьэл – щэныфIхэр щIалэм зэрыхэлъыр къегъэлъагъуэ сымаджэщым къиша и анэм зэрыхущытым. ЩIалэм фэрыщIыгъэ лъэпкъ хэмылъу и анэр фIыуэ зэрилъагъур къыдгурегъаIуэ абы и хъуреягъым щыт цIыхухэм фIыщIэ къызэрыхуащIыр зэригъэщIагъуэм. ЩIалэм зи анэ фIыуэ зымылъагъу дунейм тетуи и фIэщ хъуркъым.

Мы рассказым и лIыхъужьым хуэдэ цIыхуфI куэд зэрыщыIэм шэч хэлъкъым.

**5) УпщIэ къратхэм жэуап етын, хухаха зэманым щIемыгъэгъуауэ:**

– Анэр сыт зыгъэдзыхэр?

– Анэр куэд щIауэ псчэти и къуэм сымаджэщым къишат гъуджэ иригъэплъыну.

– ЩIалэм сымаджэщым щIэт цIыхухэр дауэ къыхущытт?

– ЦIыхухэм абы фIыщIэ къыхуащIт и анэр зэрызэрихьэм папщIэ.

***ЕтIуанэ командэм псалъэ етын:***

**1) Командэм хэтхэр ягъэцIыхун.**

**2) Урокыр зытеухуар, ар гъащIэм зэрыпэгъунэгъур убзыхун (япэ командэм къыщхьэщыкIыу).**

***ЕджакIуэм.*** «ЦIыхуфI куэд щыIэщ» рассказым къыщыIэта гупсысэ нэхъыщхьэр гъащIэм куэдрэ узрихьэлIэ къэхъугъуэу сэ жысIэкъым. Мыбы къыщыгъэлъэгъуащ щIалэм и анэ сымаджэр джэдыкIэ къутэным хуэдэу зэрихьэу, щабэу епсалъэу, хуэсакъыпэу шэнтым игъэтIысу. Адыгэхэм сыт щыгъуи хабзэфIу диIэщ адэ – анэм я закъуэу къэмыгъэнэныр, жьы хъумэ якIэлъыплъыныр, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди зэманым мы рассказым и лIыхъужьым хуэдэхэр нэхъ мащIэ мэхъу. Зи ныбжь хэкIуэта анэ – адэ куэд я закъуэу мэпсэу. Я бынхэр балигъ зэрыхъуу къалэм мэIэпхъуэхэри, лIыжь – фызыжьхэр пщIантIэм дэIэпыкъуэгъуншэу къыданэ. Мы гупсысэхэм ухуашэ сымаджэщым щIэт лIыжь – фызыжьхэм зи анэм хуэсакъыпэ щIалэм щхьэихауэ фIыщIэ зэрыхуащIым, зэрехъуэхъум.

Ди зэманым цIыхухэм я зэхущытыкIэм зихъуэжами, цIыхуфI куэд зэрыщыIэм шэч хэлъкъым. ЩIалэр балигъ зэрыхъурэ зи лъэ темытыжу зэрихьэ анэм гъащIэм гукъыдэж зэрыхуи-

Iэр абы и щыхьэтщ. Анэм и хъуреягъым цIыхуфIыр нэхъыбэу щымытамэ, гъащIэри апхуэдэу фIыуэ илъагъунтэкъым.

**3) «Анэмрэ бынымрэ яку дэлъын хуей зэхущытыкIэр»** – псори къызыпкъырыкIыж гупсысэр къэIуэтэн (япэ командэм къыщхьэщыкIыу).

***ЕджакIуэм.*** Анэм и быным щхьэкIэ имыщIэнрэ имыгъэвын гугъуехьрэ щыIэкъым. Быным ар къыгурыIуэу, анэ – адэм яхуэфащэ пщIэ яхуищIу, ягу химыгъэщIу щытын хуейщ.

**4) Анэм и образыр къэгъэлъэгъуэн.**

Мы рассказым къыхощ анэр куэд щIауэ и лъэ темытыжу, Iэрызехьэу. Ар нэщхъыфIэщ, абы и нэгур зэлъыIухащ, гъащIэри дунейри фIыуэ елъагъу. Фэбжьу телъым емылъытауэ, апхуэдэ щытыкIэ щIиIэр быныфI зэригъэсар аращ. Анэр и щIалэм ирогушхуэ, иропагэ.

**5) УпщIэ къэратхэм жэуап етын:**

– Сымаджэщым щIэт цIыхухэм сыт гу зылъатар?

– ЦIыхухэм гу лъатащ псоми анэмрэ и къуэмрэ зэхущытыкIэ дахэ, фIылъагъуныгъэ яку зэрыдэлъым.

**IV. *Судым командэхэм я лэжьэкIэр къепщытэ***

Судым командэм хэтхэм я жэуапхэм уасэ ирет: «Дебатым» зэрызыхуагъэхьэзыра хъуа щIыкIэм, аргумент къахьахэм, упщIэ-жэуап ятахэм топсэлъыхьыж (анализ ящIыж).

**V. Унэ лэжьыгъэ.**

«Анэр нэм хуэдэщ» темэмкIэ сочиненэ цIыкIу зэхэлъхьэн.

## 5-нэ урок

Урокыр зытеухуар: Хъупсырокъуэ Хъызыр «ГъукIэ Ахьмэд»

### Урок – аукцион

Мурадыр: цIыкIухэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэн; лэжьыгъэр фIыуэ ялъагъуу гъэсэн; я бзэм зегъэужьын, я гупсысэр къаIуэтэфынымкIэ я зэфIэкIхэм хэгъэхъуэн.



*Аукционыр – «щэн», «къэщэхун» лъабжьэ зиIэ джэгукIэщ, зэпеуэ щытыкIэ иIэу. «Щэн» – упщIэхэр гъэувын, «къэщэхун» – упщIэхэм жэуап етын.*

*Урок – аукцион щрагъэкIуэкIкIэ эксперту цIыхуитI хах: зыр езыгъэкIуэкIырщ (егъэджакIуэр), адрейр абы и дэIэпыкъуэгъущ. ЕзыгъэкIуэкIым «щэн щIедзэ» – упщIэхэр, лэжьыгъэхэр яжреIэр, «къэзыщэхухэм» (командэхэм) – упщIэхэм жэуап ират. Жэуап тэмэм къэзытхэм жетон зэщымыщхэр ират: плъыжьыр – жэуапыр тэмэму къитамэ; щхъуантIэр – жэуапыр нэгъэсауэ къимытамэ; гъуэжьыр – жэуап къимытыфамэ (е1 баллым къыщыщIэдзауэ 5-м нэс ягъэув). Жэуап къэс уасэ хуащIа жетонхэр дэIэпыкъуэгъум командэхэм ярет, аукционым и кIэм ахэр къабжыжри текIуар ягъэнахуэ.*

*Урок – аукционхэм сабийхэм я гупсысэхэр хуиту къыщаIуатэ, зыр зым едэIуу, зэдэлажьэу йосэ, я бзэм зрегъэужь.*

*Урок – аукционхэр егъэджакIуэм зэрыхуейуэ иригъэкIуэкI хъунущ, зы жыпхъэм итыну Iэмал имыIэу щыткъым. Псалъэм папщIэ, упщIэхэр псори доскам къиптхэу е экранымкIэ къэбгъэлъэгъуэурэ, сабийхэм (командэу щымыту) я жэуапхэм уасэ хуэпщIу хъунущ. Жетон плъыжь нэхъыбэ къэзылэжьыр токIуэ.*

**I. ЦIыкIухэр урокым хуэгъэхьэзырын.**

1. Экспертхэр хэхын.

2. ЦIыкIухэр командитIу гуэшын, командэ къэс тхьэмадэ хэхын.

**II. Урокым и екIуэкIыкIэр:**

**1.** Хъупсырокъуэ Хъызыр и «ГъукIэ Ахьмэд» рассказым къахуеджэн, словарнэ лэжьыгъэ егъэкIуэкIын.

**2.** Командэхэм цIэрэ эмблемэрэ цIыхугъэм, лъэпкъым теухуауэ къагупсысри экспертым и пащхьэм къралъхьэ. **(балли 3)**

**3. «ГъащIэм и лъагъуэр».**

СтолитIым тхылъымпIэ къабзэрэ ручкэрэ телъщ. Командэм хэтхэр чэзуурэ столхэм бгъэдэхьэурэ гъукIэ Ахьмэд и гъащIэм, и лэжьыгъэм, и хьэл – щэным теухуауэ псалъэ зырыз ятх. (Псалъэм папщIэ, гъукIэт, цIыхуфIт, жьырытэджт, н.къ.)

ТхылъымпIэхэр экспертым иратри, псалъэхэм уасэ хуещI. Тэмэму тха псалъэ къэс **0,5 б.** и уасэщ.

**4. «Акъылыр ландыщэщ...» Тхьэмадэхэм я зэпеуэ** (Конкурс капитанов). Нэхъыбэ дыдэу балли 5 ягъэув: жэуапыр нэгъэсауэ къатмэ **балли 5**, жэуапыр мытэрэзмэ е жэуап къамытмэ – балл пари ираткъым **(0 б.)**

УпщIэхэр тхауэ стIолым телъщи, тхьэмадэхэр щэрыщэ хэIэбэурэ къыхахри жэуап ират. **УпщIэхэр:**

*1. Сыт зэман къыщыхъуар тхакIуэм зи гугъу ищIыжыр? (Бжьыхьэт. Зауэр зэрекIуэкIрэ илъэс етIуанэм щIидзат).*

*2. Сытыт Ахьмэд лIыжьым илэжьыр? (Ахьмэд лIыжьыр колхозым гъукIэу щылажьэт).*

*3. Ахьмэд цIыхухэм дауэ ядэIэпыкъурэт? (Ахьмэд хэт и унащхьэ, хэт и бжэ, хэти и гу цIыкIу хуищIыжырт).*

*4. Гъуэгум сыт хуэдэ гузэвэгъуэ къыщыхъуар? (Губгъуэм къехыж гур гъуэгум текIри нэпкъым телъэдащ, щIалэ цIыкIури гум щIиубыдащ).*

*5.Ахьмэд сыт абдежым ищIар? (Ахьмэд гур гъуэгум къытригъэувэжащ, ауэ езым и бгыр игъэузат гум щIипIытIэри).*

*6. Ахьмэдрэ Хьэсэнрэ хэт цIыхугъэ къызыкъуэкIар? (Ахьмэд цIыхугъэ къыкъуэкIащ. Ар гузэвэгъуэ ихуахэм ядэIэпыкъуащ, Хьэсэн къэмыувыIэу блэкIащ, Анэт и гуо макъыр зэхиха пэтми).*

**5. «Налкъут щыгъэу пщIыпщI сатырхэр».**

Нэхъыбэ дыдэу балли **5** ягъэув.

**– ЛIэным и пэкIэ Ахьмэд лIыжьым жиIа псалъэхэм сыт хуэдэ гупсысэм фыхуашэрэ?**

ЕгъэджакIуэр  Ахьмэд и псалъэхэм къахуоджэ, дакъикъитIкIэ командэм хэтхэр мэгупсысэ, зочэнджэщри жэуап къат. Жэуапхэм экспертым уасэ хуещI.

**6. «Пэжыр гъуджэщ, сыт пкIэрылъми лей щIумыгъуу укъищынщ».**

ТхылъымпIэ цIыкIухэм тхыгъэм и лIыхъужьхэм я характеристикэ иту стIолым телъщ. Командэм хэтхэм къащIэн хуейщ а характеристикэмкIэ зытепсэлъыхь лIыхъужьыр хэтми. Нэхъыбэ дыдэу балли 5 ягъэув.

**ТхылъымпIэм итынур:**

*1. «Ар зауэм яшатэкъым и ныбжьыр блэкIати. Жэщ, махуэ имыIэу лажьэрт. ЦIыхугъэшхуэ хэлът.» (ГъукIэ Ахьмэд. ЦIыхухэм ядэIэпыкъут).*



*2. «ГъукIэм нэхърэ нэхъ лъэрыхьт. И щхьэ Iуэху закъуэкIэ псэут. ЦIыхугъэншэт». (Хьэсанэ. ДэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэхэм ядэIэпыкъуакъым).*

**III. «Лъэпкъыр зыгъэлъапIэр лъэпкъ и уасэ цIыхущ» – псалъэжьым и мыхьэнэр дауэ къывгурыIуэрэ?**

Командэм хэтхэр дакъикъитIкIэ зочэнджэщри жэуап къат. Экспертым жэуапхэм уасэ хуещI. Нэхъыбэ дыдэу **балли 5** ягъэув.

**IV. Урокыр къэпщытэжын.**

Экспертым джэгур къепщытэж. ТекIуахэм фIыщIэ хуащI. НэхъыфIу урокым хэлэжьыхьахэм оценкэхэр хуагъэув.

**V. Унэ лэжьыгъэ.**

Рассказыр къыжыIэжын текстым и гъунэгъуу. Ягу ирихьа Iыхьэм сурэт хуэщIын.

# ГУЭЛЪХЬЭНЫГЪЭ 3-НЭ

## КлассщIыб лэжьыгъэхэр

### I. Интеллектуальнэ джэгу

***«ВагъуэщIэ цIыкIу»***

### Джэгур зэрекIуэкIыпхъэр:

**I. Джэгунухэр къыхэхын (отборочный тур)**

*Япэ турым сабийхэр псори мэджэгу. ЕгъэджакIуэм упщIэхэр яхуегъэув, цIыкIухэм жэуапхэр ятх.*

1) Космонавтхэм я махуэшхуэр щагъэлъапIэр сыт щыгъуэ? (Апрелым и 12-м)

2) Япэ космонавтым и цIэмрэ унэцIэмрэ къыжыфIэ. (Юрий Гагарин)

3) Япэ цIыхубз космонавтым и цIэмрэ и унэцIэмрэ къыжыфIэ. (Валентинэ Терешковэ)

4) Сыт хуэдэ гъэ Гагарин космосым щылъэтар? (1961 гъэм)

5) Космонавтхэр здэпсэу къалэ цIыкIум сыт зэреджэр? («Звездный»)

6) Доскам ит псалъэм фыкъеджэ:






– Вагъуэбэ (созвездие Тельца).

*УпщIэхэм тэмэму жэуап езыта еджакIуэ цIыкIухэр етIуанэ турым макIуэ. Очко нэхъ мащIэ къэзыхьа (сабий джэгухэм я бжыгъэм елъытауэ) сабийтI-щы джэгум хокI.*

**II. ЕтIуанэ тур**

*ЕджакIуэ цIыкIухэм карточкэхэр ятын зым щыщIэдзауэ плIым нэс цифрэхэр иту. УпщIэм и жэуапыр вариантхэм къыхэхын, икIи жэуап тэмэмыр зытет карточкэр къэгъэлъэгъуэн.*

Япэ космонавтым и цIэмрэ и адэцIэмрэ къэщIэн:

| | |
|---|---|
| 1) Юрий Николаевич | 3) Алексей Юрьевич |
| 2) Николай Юрьевич | **4) Юрий Алексеевич** |

Сыт хуэдэ къэрал япэ дыдэ космосым гъуэгу къызэIузыхар?

| | |
|---|---|
| 1) США | **3) Советскэ Союз** |
| 2) Япония | 4) Германия |

Хэт космосым псом япэ кIуар?

| | |
|---|---|
| 1) цIыху | 3) номин |
| **2) хьэ** | 4) дзыгъуэ |

Сыт и цIэр япэ дыдэ космосым щыIа хьэм?

| | |
|---|---|
| **1) Белка** | 3) Шарик |
| 2) Тузик | **4) Стрелка** |

*Очко нэхъ мащIэ къэзыхьа сабийтI-щы джэгум хокI.*

**III. Ещанэ тур**

*Космодром «Байконурым» космическэ кхъухь зыбжанэ къилъэтыкIащ. Абыхэм псоми езыхэм я цIэрэ я зэкIэлъыкIуэкIэрэ яIэжщ. Феплъ гурыхуэу, дахэу фегупсыси къыжыфIэ: тэмэму зэкIэлъыхьауэ пIэрэ я цIэхэр кхъухьхэр зэрылъэтахэм техуэу:*

1. «Спутник»
2. «Союз»
3. «Восток»
4. «Протон»
5. «Космос»

(«Востокыр» – етIуанэщ, ар «Союзым» и пэ лъэтащ).

*Очко нэхъ мащIэ къэзыхьа сабийтI-щы джэгум хокI.*

**IV. ЕплIанэ тур**

Къуажэхьхэр къэщIэн.

1) Губгъуэр гъунэншэщ, хъушэр бжыгъэншэщ. *(Уафэ, вагъуэ)*

2) Дунейр зыгъэнэху псэм и хуабэ. *(Дыгъэ)*
3) Жэщ уэздыгъэ, губгъуэ гъэдахэ. *(Мазэ)*
4) ЩIауфэмэ – фае, щIэмылъмэ – нур. *(Дыгъэ)*
*Очко нэхъ мащIэ къэзыхьа сабийтI-щы джэгум хокI.*
**V. Етхуанэ тур**
«Хэт нэхъыбэ?» – «Вагъуэзэшибл» (созвездие Большой Медведицы) псалъэм хэт нэхъ псалъэ нэхъыбэ къыхищIыкIкIэ зэпеуэн.
(Вагъуэ, гъуэ, зэш, зэшибл, гъуэз, гъуазэ, зэв, Лабэ, бэ, вэгъу, шэ, зэ).
*Очко нэхъ мащIэ къэзыхьа сабийтI-щы джэгум хокI.*
*Джэгур къапщытэж, текIуам фIыщIэ хуащI.*

## II. Зэпеуэныгъэ «Акъыл жан»

I. **НэIуасэ зэхуэхъун. (Визитка).**
**II. Акъылыр ландыщэщ, гъэсэныгъэр дыщэ жыгщ. (Ум – золото, воспитание – золотое дерево).**
Псалъэ зэпхахэр зы псалъэу жыIэн:
*1. Школым щеджэ сабий – (еджакIуэ).*
*2. Дыгъуасэ къахьа газет – (дыгъуасэрей).*
*3. Куэдрэ гъы – (гъыринэ).*
*4. Усэ зытх – (усакIуэ).*
*5. Сабийхэр зыгъасэ – (гъэсакIуэ).*
*6. Мэлхэр зыгъэхъу – (мэлыхъуэ).*
*7. Джэдхэр зыщIэс унэ – (джэдэщ).*
*8. Куэдрэ псалъэ – (псалъакIуэ).*
*9. ЦIыкIухэр здеджэ унэ – (еджапIэ).*
*10. Псы куэду здэщыIэ щIыпIэ – (псылъэ).*
**III. ГушыIэхэр къэгъэсэбэпауэ къэщIэн псалъэр. (Угадай слово по шутливой характеристике).**
*1. КхъузанэкIэ къахь, и хьэжьыкIэ абы хоуэ, цIыхум мыхъумыщIэ щищIэкIэ, цIыху хилъэшыхэр абы сыт щыгъуи гъущэу къыхокIыж, мыхьэнэншэу ахъшэр щагъэкIуэдкIэ абы хадзэ. (Псы)*
*2. Абы йодзэкъэж, абы зыгуэр къокъу цIыхум жимыIэпхъэ жригъэIэу. Сыт ар? (Бзэгу)*
*3. ЦIыху щыпкъэм, пэжым ар сыт щыгъуи иIыгъщ, псалъакIуэхэр абы щхьэкIэ я жып иIэбэхэкъым. (Псалъэ)*
*4. АбыкIэ щIыр явэ, щыджалэхэкIэ, щыщхьэукъуэкIэ, абыкIэ хоуэ, зызгъэпагэхэми уафэм етауэ къакIухь. (Пэ)*
*5. Ар сэм нэхърэ нэхъ жанщ, абы иуIар кIыжкъым, сэм иуIар кIыжми; куэд жызыIэм ейм къупщхьэ хэлъкъым; ар зыхуэмыубыдым и бийщ. (Бзэгу)*
**IV. Адыгэ хабзэр – адэжь щIэинщ. (Адыгский этикет – наследие отцов).**
Хабзэхэр къыжыIэн:
*1. ЦIыхуитI зэщIыгъуу уэрамым ирикIуэмэ, дауэ зэрыувын хуейр?*
*2. ЦIыхуищ зэщIыгъуу уэрамым ирикIуэмэ, дауэ зэрыувын хуейр?*
*3. Нэхъыжьым хуэщIын хуей пщIэхэр.*
*4. Унагъуэм илъын хуей зэхущытыкIэхэр.*
*5. ХьэщIэм кIэлъызэрахьэ хабзэхэр.*
*6. Бзылъхугъэм кIэлъызэрахьэ хабзэхэр.*
**V. Адыгэм хьэщIэ и щIасэщ. (Адыгу гость мил).**
ХьэщIэ унагъуэм къихьамэ, кIэлъызэрахьэ хабзэхэмрэ зэрагъэхьэщIэ адыгэ шхыныгъуэхэмрэ къыжыIэн.
**VI. IэщIагъэ зиIэм и Iэпэ дыщэ къыпощ. (Кто владеет ремеслом, у того руки золотые).**
Адыгэ фащэм тхыпхъэщIыпхъэ дахэ хэщIыхьын.
ЕгъэджакIуэм адыгэ фащэ сурэтхэр зэрыт тхылъымпIэхэр джэгухэм яхуегуэш. ДакъикъитI – щыкIэ сабийхэм а сурэтхэм тхыпхъэщIыпхъэ дахэхэр тратхэ. Нэхъ дахэу зыщIар токIуэ.
**VII. Уэрэдым и щIопщыр ежьущ. (Припев – душа песни).**
Уэрэд жыIэнкIэ, къэфэнкIэ зэпеуэн.
**Джэгур къэпщытэжын. ТекIуахэм щIыхь тхылъ ятын.**

## III. Литературнэ пшыхь

**«Лъагъу, хъумэж уи бзэр – «лъэпкъ» жезыгъэIэ хабзэр!»**
*Плакат хьэщIэщым фIэлъщ: «ФIэхъус апщий!».*
*Пшынэ макъ къоIу. Литературнэ пшыхьыр езыгъэкIуэкIхэр (цIыхуищ, адыгэ фащэ ящыгъыу) утыкум къохьэ:*

**ЕзыгъэкIуэкI 1-м:** ЗэIутхащ дэ ину ди еджапIэр,
ЩIыкIуи ини фыкъедгъэблэгъащ.
Ди утыкур ину зэIутхащи,
НывжыдоIэ дэ: «ФIэхъус апщий!»
**ЕзыгъэкIуэкI 2-м:** Фыкъеблагъэ зи бзэр псэм пэзыщIхэр,
Ар сыт щыгъуи япэ изыгъэщхэр,
Бзэр лъэпкъ набдзэу нобэ къэзыбж псори
Гуапэу ди зэIущIэм фыкъеблагъэ!
**ЕзыгъэкIуэкI 3-м:** Дыкъеджэнщ дэ нобэ усэ дахэхэм,
Зэхэтхынщ ауан, гушыIэ куэд.
Адыгэбзэм нэмыплъ гуэр езытхэр
Яхуэфащэу шыбгъэ дэ къитлъхьэнщ.
*Пшынэ макъ къоIу, еджакIуэхэр сатыритIу къоув.*
*ЕджакIуэхэр чэзуурэ КIыщокъуэ Алим и усэ «Гъуэгу къежьапIэ» къоджэ.*
**ЕджакIуэ:** 1. «Адыгэбзэр сыт щIэдджынур,
Зыдынэсыр КъалэкIыхьырщ» –
Ар ауану Iэджэм жаIэр,
Мышу псалъэм тIэкIу хэчыхьу.
2. ЩызэхэсхкIэ сэ а псалъэр –
А гушыIэр сигу темыхуэ,
Станцым нэси унигъэсмэ,
Ар бзэм дежкIэ уфIэмащIэ?
3. Бзэр шу лъагъуэм хузогъадэ,
Бгъузэу щытми станцым нос.
Унэсакъэ – гъущI гъуэгушхуэм
Къыщыппэплъэу тетыр поездщ.
4. Сэ шу лъагъуэр зэпызмычу,
ГъущI гъуэгушхуэм сытехьакъым,
Адыгэбзэр зэзмыгъащIэу,
Урысыбзэр сщIэн слъэкIакъым.
**ЕзыгъэкIуэкI 1-м:** Шыр зыгъэдахэр тесырщ. Хэкур зыгъэдахэр цIыхухэрщ. Лъэпкъыр зыгъэбжьыфIэр цIыхухэм я IуэхущIафэхэрщ, хабзэ дахэхэрщ, бзэ шэрыуэрщ.
**ЕзыгъэкIуэкI 2-м:** Ди лъэпкъым хуэфащэ цIыхуу дыщытын папщIэ, тлъагъун, тхъумэжын хуейщ ди бзэр, ди бзэр – «лъэпкъ» жезыгъэIэ хабзэр.



**ЕджакIуэ:** 1. Убзэмыlумэ бгъуэтыжынкъым
Уи гум илъыр пIэщIэхуам.
Бзэ зимыIэр, щIылъэм тетми
Хуэдэ къабзэщ къамылъхуам.
2. Бзэр анэ – адэм сагъэщIащи,
Сэ яхузощIыр тIуми фIыщIэ.
Сэ сагъэщIахэм щыщ зы псалъи
Бзэм хэзмыгъэщIу си гум илъщ.
**ЕзыгъэкIуэкI 3-м:** Хамэ къэрал щопсэу адыгэ куэд. Илъэсищэрэ ныкъуэрэ ипэкIэ адыгэ куэд гъэпцIагъэкIэ Кавказым ирашауэ щытащ. Иджы ахэр щопсэу къэрал 40-м щIигъум. Дэнэ щIыпIэ къимыкIами, ахэр ди Хэкум къыщыкIуэкIэ жаIэр зыщ: «Хэкур – цIыхур щалъхур аракъым, атIэ и адэжь лъапсэрщ. Кавказыращ ди хэкур. Зэман куэдкIэ ди адэхэр, адэшхуэхэр къызыхуэпэбгъа хэкур дэри ди хэкущ, дэркIи ар лъапIэщ».
**ЕзыгъэкIуэкI 1-м:** Лъэпкъ гуIэгъуэр дэмыкIуэд лIэщIыгъуэм,
Мыжэпхъыж уIэгъэу къыхуонэж.
ХамэщI фисми, гукIэ дывдощыгъуэ,
Ди лъэпкъэгъухэ, псалъэкIэ дыфхуопэж.
**ЕзыгъэкIуэкI 2-м:** Хамэ хэкур сыт хуэдизу мыщIыIэми, адыгэхэм я щхьэр ягъэпудакъым, ди жьэгум здыраха адыгагъэмрэ нэмысымрэ нобэр къыздэсым яхэлъу къогъуэгурыкIуэ. Дэнэ щымыпсэуми зыхэс лъэпкъхэм пщIэшхуэ къыхуащI я лIыгъэм, пэжыгъэм папщIэ.
*«Адыгэ нэмыс» (Псалъэхэр – Хьэнфэн Алим; макъамэр – Даур Аслъэн ейщ) уэрэдыр цIыкIухэм жаIэ.*
**ЕзыгъэкIуэкI 3-м:** Дахэщ, шэрыуэщ ди бзэр. Абы хуэдэу дахэу, зэхэщIэгъуэу уи гупсысэр къызэрыпIуэтэфын бзэ щымыIэу къысщохъу. Дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа адыгэ пщащэхэр, щIалэхэр зэрагъэса бзэр къаруущ. Абы дыхуегъасэ дахагъэм, къабзагъэм, пэжыгъэм. Абы ткIийуэ дегъэIущ, гуапэу къыдодэхащIэ, екIуу деущий.
**ЕзыгъэкIуэкI 1-м:** Ди тхыбзэм зэфIэкI иIэщ дунейм адыгэу тетыр зы лъэпкъыу дызэрыщытым и щхьэпс хъунымкIэ. Абы и щыхьэтщ Сирием щыпсэу МыгъуэлI Садыкъ адэ хэкужьым зыкъытхуигъэзауэ къиупсэлъ псалъэхэр.

**ЕзыгъэкIуэкI 2-м:** Деплъынщ абы теухуа «Садыкъым и тхьэусыхэ» теплъэгъуэм. Хэтхэр: МыгъуэлI Садыкъ – Сирием къикIащ; Садыкъ и анэр; Хэку – анэр.

***Сценкэр къагъэлъагъуэ:***

***Садыкъ.*** *Си къуэшхэ, си шыпхъухэ, си макъыр зэхэзых адыгэ псоми сэлам фызох. Къысхуэвгъэгъу тIэкIу сытхьэусыхэнущи. Илъэси 150 – м щIигъуауэ хамэщIым ис адыгэхэм ди бзэри ди хабзэри тфIокIуэд. Адыгэр адыгэ зыщIар адыгэ бзылъхугъэрщ. Сабийр зэкIуэцIыпхауэ гущэм хэлъщ. Абы и анэдэлъхубзэр езыгъэщIэн хуейм иримыгъащIэмэ, дэнэ щищIэн и бзэр. Сэ нобэ зыхузогъазэ си анэм. Си анэ дыщэ, си псэм и щIасэ, уэракъэ сызибыныр?*

***Анэм.*** *А си щIалэ, ар сыт упщIэ, сэращ – тIэ уи анэр.*

***Садыкъ.*** *АтIэ сыбгъэшхам, къысщыптIэгъам, гъуэгум дыздырикIуэм телъахэм я цIэхэр адыгэбзэкIэ къызгурыбгъэIуамэ сыт ягъэ кIынт? Ар схурикъунут сызэрыадыгэр сыкъащIэу дунейм сытетыну. Дызыхыхьа лъэпкъым ди бзэр дагъэджыжкъым, ди бзэкIэ дыпсэлъэн дыхуиткъым.*

***Анэм.*** *Си щIалэ, уигу щхьэ къызэбгъа?*

***Хэку – анэм.*** *УмыгумэщI, щIыхь зыхуэсщI си лъэпкъэгъу дыщэ! Уэ ухуитакъым уи бынхэм лъэпкъыцIэ яIэжыну, я бзэкIэ еджэжыну. Дэ адэ хэкужьым къинахэм тхузэфIэкIащ фэ фызыщIэхъуэпса насыпыр къытIэрыхьэн. Дэ диIэщ литературэ. Доджэф, дотхэф, догъэбзэрабзэ ди бзэр.*

**ЕзыгъэкIуэкI 3-м:** Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэ ди хэкужьым щыпсэу адыгэхэм куэду къытхэкI хъуащ зи бзэм елъэпэуэжхэр.

**ЕзыгъэкIуэкI 1-м:** Ди нэхъыжьыфIхэм жаIэу щытащ: «Зи нэхъыжь зымыгъэнэхъыжьым, зи анэ – адэ елъэпауэм, зи бзэ, зи хабзэ лъэныкъуэ езыгъэзым сыт хуэдэ щIэпхъэджагъэри къыуищIэфынущ. Апхуэдэм уи дзыхь егъэз хъунукъым». Аращи, фымыгъэулъий ди бзэр! Ар фхъумэ! Бзэр псэумэ, лъэпкъри псэунущ.

**ЕзыгъэкIуэкI 2-м:** Дызэлъыкъуэту, цIыхугъэ тхэлъу
Адыгэ гъащIэр ену щрет!
Ди адыгэбзэр дэ зэдэтIэту,
Зэныбжьэгъугъэр быдэу щрет!

*Даур Е.*



***ЕгъэджакIуэм.*** Ди литературнэ пшыхьыр и кIэм нэсащ. Тхьэ фигъэпсэу нобэрей ди пшыхьым хэтахэр. Зи бзэр, зи лъэпкъыр зыхъумэжыфын Тхьэм псори дищI.

## IV. Уэрэдыр – лъэпкъым и псэщ.

Мурадыр: еджакIуэ цIыкIухэм адыгэ уэрэдыжьхэм теухуауэ я щIэныгъэм хэгъэхъуэн; уэрэдымрэ макъамэмрэ я гум, я псэм нэгъэсын; лъэпкъым и блэкIам пщIэ хуащIыным, и къэкIуэнум егупсысу щытыным я гъэсэныгъэр хуэунэтIын.

### ЗэрекIуэкIыпхъэр:

**I. Хэзышэ псалъэ**

Фи махуэ фIыуэ, хьэщIэхэ, еджакIуэхэ, егъэджакIуэхэ! ЗэIутхащ дэ нобэ ину ди еджапIэбжэр лъэпкъым и бзэм, и блэкIам пщIэ хуэзыщIхэм, ди къэкIуэнум хуэгумэщIхэм паппщIэ. Нобэ, цIыкIухэ, дытепсэлъыхьынущ адыгэ IуэрыIуатэм.

**– Сыт адыгэ IуэрыIуатэкIэ зэджэр?**

– Зым зэхилъхьэр адрейм жриIэжурэ зэIэпахыу къекIуэкI цIыхубэ творчествэм IуэрыIуатэкIэ йоджэ. IуэрыIуатэ псалъэр езыр Iыхьит Iу зэхэтщ. Япэ Iыхьэ Iуэр-м къикIыр жыIэ жиIэу арщ. ЕтIуанэ Iыхьэми къикIыр ар дыдэрщ – Iуатэ-жыIэ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, IуэрыIуатэм къикIыр жыIэрыIуатэщ.

**– Сыт хуэдэ жанрхэр IуэрыIуатэм хыхьэрэ?**

– Таурыхъхэр, псалъэжьхэр, псынщIэрыпсалъэхэр, хъыбархэр, къуажэхьхэр, уэрэдхэр, гъыбзэхэр, псалъэ шэрыуэхэр, хъуэхъухэр.

**– Хэт IуэрыIуатэр зэхэзылъхьэр?**

– IуэрыIуатэр нэхъыбэу къэзыгъэщIыр, зэхэзылъхьэр цIыхубэрщ, ар цIыхубэм къыбгъэдэкI художественнэ лэжьыгъэщ, гуащIэщ.

***II. ЕгъэджакIуэм.*** Тэмэмщ, цIыкIухэ, IуэрыIуатэм и къежьапIэр цIыхубэрщ. Ар усакIуэ щэджащэщ, уахътыншэщ. ГуащIэрыпсэу цIыхубэм и IуэрыIуатэр зэи мыкIуэдыжынщ, ар литературэм и къежьапIэщ.

**– Фэ дауэ къыфщыхъурэ, цIыкIухэ, сыт щыгъуэ къыщежьар IуэрыIуатэр?**

**ЕджакIуэм.** Лъэпкъыр къызэрыхъурэ къежьащ IуэрыIуатэр, ижь – ижьыж лъандэрэ къогъуэгурыкIуэ. А зэманым тхэкIи, еджэкIи ящIэтэкъым ди лъэпкъым, арщхьэкIэ абыхэм зэхалъхьа уэрэдхэр, таурыхъхэр кIуэдакъым. Сыту жыпIэмэ, анэ – адэхэм, адэшхуэ – анэшхуэхэм я бынхэм, абыхэм я быныжхэм хуаIуатэурэ ди деж къынахьэсащ.

***III. ЕгъэджакIуэм.*** Дэ нобэ дытепсэлъыхьынущ зэи мыкIуэдыжын IуэрыIуатэм и жанр – адыгэ уэрэдыжьхэм. IуэрыIуатэм и налкъутналмэсщ адыгэ уэрэдыжьхэр. Абыхэм гъуджэм хуэдэу къощ лъэпкъ къэс я хабзэхэр, я гупсысэхэр, я псэукIар.

Адыгэ уэрэдыжьхэр ди тхыдэ псощи, ар къэпIуэтэжын хуейщ гум къиIукI макъамэр гум нэIусу. Нобэ фэ зэхэфхынущ адыгэ уэрэдыжьхэр, фи гум, фи псэм нэдгъэсынущ лъэпкъ макъамэхэр. Дэ дыфщогугъ ар фигу хэпщIэну, ди тхыдэр зэи фигу имыхуну.

**– Дауэ къыфщыхъурэ, цIыкIухэ, сыт уэрэдхэр цIыхубэм зытраухуэрт?**

– ГуащIэдэкIым, лIыгъэм, хэкум, фIылъагъуныгъэм.

*(Гущэ уэрэд къоуэ. Зы хъыджэбз цIыкIум гущэ щIиупскIэурэ уэрэд жеIэ)*

*Лэу, лэу, си сабий дыщэ,*
*Лэу, лэу, си сабий нэху!*
*Ужеймэ, ужеймэ – сынодэIуащэркъэ,*
*УщэIумэ, ущэIумэ – сызэпкъырохү.*
*Лэу пщIыркъэ, си сабий дыщэ,*
*Лэу пщIыркъэ, си сабий нэху!*

**– Хэт къыджиIэн мы уэрэдыр сыт щыгъуэ щыжаIэр?**

– Мы уэрэдыр гущэ уэрэдщ. Ар жаIэр сабийм гущэхэпхэ щыхуащIкIэ е ауэ гущэм хэлъу щагъэжейкIэ.

***IV. ЕгъэджакIуэм.*** Гущэ уэрэд дахэ дыдэ дедэIуащ, федэIут къыкIэлъыкIуэ уэрэдым.

*(«Сосрыкъуэ» уэрэдыр щIалэ цIыкIухэм жаIэ).*

**– Мыр сыт хуэдэ уэрэд, цIыкIухэ?**

– Нарт эпосым щыщщ мы уэрэдыр. Нартхэм я лIыгъэр, лIыхъужьыгъэр къигъэлъагъуэу уэрэд куэд щыIэщ. Абыхэм къыхощ адыгэхэм я тхыдэр, я IэщIагъэр.



***V. ЕгъэджакIуэм.*** Ди лъэпкъым и макъамэ жыгъырухэм адэкIэ пытщэнщ. ГушыIэ уэрэд. ГушыIэ уэрэдхэм лъэпкъым и деж мыхьэнэшхуэ щаIэщ. Абыхэм хъуэрыбзэр куэду къыщагъэсэбэп. Уигъэдыхьэшхым пэмыщIу, гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ яIэщ.

*(Зы щIалэ цIыкIурэ зы хъыджэбз цIыкIурэ гушыIэ уэрэд жаIэ)*

**VI.** Мы зи гугъу тщIа уэрэдхэм пэмыщIу, нэхъ куэду IуэрыIуатэм хэтхэм ящыщщ лъагъуныгъэ уэрэдхэр. Мыхэр куэду зэщхьэщокI: я гухэлъ-гурыщIэхэр, цIыху зэхущытыкIэхэр къэзыгъэлъагъуэ, н. къ. Лъагъуныгъэ уэрэдхэр щIалэгъуалэм губгъуэм щыдэкIкIэ е къыщехыжкIэ жаIэрт: гушыIэ хуэдэурэ я гухэлъ зэхуаIуатэрт е къадэмыхъуа лъагъуныгъэм гъыбзэ хуаусырт.

*(«Iэдиихү» уэрэдыр жаIэ).*

**– Мы уэрэдым фыщедэIукIэ сыт зэхэфщIэрэ?**

– Дегъэнэщхъей, дигу щIогъу.

**VII. ЕгъэджакIуэм.** Куэдрэ адыгэ уэрэдыжьхэр пшынэ щIэмыту жаIэу щытащ. «Алий и гъыбзэ» уэрэдыр абы и щапхъэщ.

*(«Алий и гъыбзэ» уэрэдыр еджакIуэм жеIэ)*

***VIII. ЕгъэджакIуэм.*** ИужькIэ, цIыкIухэ, макъамэ Iэмэпсымэхэр къэгупсысащ. *(Iэмэпсымэ зэрыт сурэтхэр ярегъэлъагъу, абыхэм кIэщIу къэхутопсэлъыхь егъэджакIуэр е еджакIуэхэм нэхъ пасэу загъэхьэзырри къытопсэлъыхь.)*

***IX. ЕгъэджакIуэм.*** Адыгэ пшынэ! Лъэпкъым и фащэ
Сыту удахэ! Сыту угуапэ!
ПцIащхъуэм хуэдэу уобзэрабзэ,
ЦIыхухэм я гур хыбогъахъуэ,
Я Iэпкълъэпкъыр богъэушыр.

*(Пшынэр къоуэ, цIыкIухэр адыгэ къафэ къофэ)*

ЕгъэджакIуэм кIэух псалъэ жеIэ, псоми фIыщIэ яхуещI.

## ГУЭЛЪХЬЭНЫГЪЭ 4-НЭ

## Урокым къэгъэсэбэпыпхъэ материал зэхуэмыдэхэр

## Адыгэ хабзэхэр.

1. Ушхэным ипэ уи Iэхэр птхьэщIын хуейщ.
2. Iэнэм нэхъыжь – нэхъыщIэкIэ мэтIыс.
3. Уэр нэхърэ нэхъыжь Iэнэм бгъэдэсмэ, абы япэ уищу шхэн щIумыдзэ.
4. Шхыным мащIэ – мащIэурэ едзакъэ, умыгузавэури гъэныщкIу. Апщыгъуэми макъышхуэ иумыгъэщI.
5. ХьэщIапIэ ущыIэу куэд жыпIэныр, куэд пшхыныр, куэд ипфыныр емыкIушхуэщ.
6. Шхын къыпхутрагъэувам ущытхъуныр гуапагъэщ.
7. Iэнэм кIэрысхэм ящыщ гуэрым мытэрэзыныгъэ гуэр къехъулIамэ, абы гу лъумытагъафэ зытебгъэуэн хуейщ, ар умыгъэукIытэн папщIэ.
8. ХьэщIэр унагъуэм къызэрихьэу шхын щIэщыгъуэу, нэхъыфI дыдэу яIэр хуапщэфIыну иужь йохьэ, ауэ мэжалIэу щамыгъэсын щхьэкIэ, «УзрихьэлIэ шхыныфIщ», – жраIэурэ хьэзыру яIэ гуэрхэр хутрагъэувэ.
9. «Адыгэ хьэщIэ быдапIэ исщ», – щIыжаIэр адыгэхэм я хьэщIэр езыхэм я псэр пытыху яхъумэну зэрахабзэрщ.
10. Уэрамым удэту, цIыхум уахэту умыжьэгъуашхэ. Ар сагъыз бжьэдэлъуи ирехъу.
11. Сэлам зэпхым и Iэр егъэлеяуэ умыкъуз икIи умыгъэсыс, ахэр Iэдэбыншагъэщ.



12. Зыгуэрым сэлам щепхкIэ абы и Iэр IитIымкIи бубыдыныр тэрэзкъым.
13. Шхэн зыухам и щIыб Iэнэм хуигъазэкъым, атIэ и гъусэхэми шхэн яухыхукIэ дахэ цIыкIуу щысщ.
14. Iэнэм тэрэзу бгъэдэтIысхьэ, шхыныр уи гупэ дыдэм къыщыIэу.

**ЩIэныгъэм теухуа сатырхэр:**

1. Усабийуэ бгъуэт щIэныгъэр
   Хуэдэщ мывэм тетха тхыгъэм.
2. УщыщIалэм уемыджамэ,
   Уеджэжынкъым, лIыжь ухъуамэ.
3. Зэбгъэгъуэтмэ уэ щIэныгъэ,
   Уи щхьэщ ар зи къулеигъэр.
4. Еджар хуэдэщ шым шэсам.
   Емыджар – зэрылъэсщ.
5. Мылъкум хэти хуейщ, ар пэжщ,
   Ауэ тхылъыр нэхъапэжщ.

## Къэрэшей – Черкес Республикэр

Къэрэшей – Черкес Республикэр тесщ щIыгуу километр зэбгъузэнатIэ 14.277 – м. Абдеж щопсэур нэрыбгэ мин 477,9 – рэ. Республикэм и гъунапкъэр щылъщ Краснодар, Ставропольскэ крайхэм, Къэбэрдей – Балъкъэр Республикэм я гъунапкъэхэм.

Къэрэшей – Черкес Республикэм и къалащхьэр Черкесскщ. Абы щопсэу нэрыбгэ мини 117 – м нэс. Республикэм хохьэ муниципальнэ районi 10: Абазэ, Адыгэ – Хьэблэ, Зеленчук, Къэрэшей, Мало – Къэрэшей, Нэгъуей, Прикубан, Уарп, Усть – Жэгуэтэ, Хьэбэз. Адыгэхэр нэхъыбэу здэпсэур Хьэбэз, Адыгэ – Хьэблэ районитIыращ. Хьэбэз районым иIыгъщ щIыгуу километр зэбгъузэнатIэ 526 –рэ, щопсэу нэрыбгэ мин 28 –м щIигъу.

## Iуэрыlуатэ

**ПсынщIэрыпсалъэхэр**

1. Е семышу сезэша?
   Е сешауэ сызэша?
2. Мыщэ мащэ, мыщIэ мащIэ.
3. Мэли ящыр, ящэр мэли.
4. Псынэ псыпс, псей нэпсей.
5. Пыжь пызу пыту щыту пыжьей жыг.
6. Сылъэу силъэн?
   Силъу селъэн?

## Хъуэхъухэр

**Къэралым, хэкум хуэгъэзауэ:**
Къэралыгъуэу дыщыпсэум
И псэукIэр едэхэкIыу, ефIакIуэ зэпыту,
Лъэпкъыу исыр зэгурыIуэу, зэдэIуэжрэ зэрылъытэу,
Зым Iэпыхур зым къищтэжу, зы унафэм дыщIэту
Бийр къидмыгъыхьэу, къихьар идмыгъэкIыжу,
Гъэ минкIэ ирепсэу, ирегъагъэ ди хэкур!

***

**ЩIалэ цIыкIу къалъхуамэ:**
Жэзым нэхърэ нэхъ быдэу,
Щихум нэхърэ нэхъ лъагэу,
ПкъыфIэ – къарууфIэу,
«ЛIыфIщ» хужаIэу,
Ем хуэIэпашэу, фIым хуэшэрыуэу,
Нэхъыжьхэм я нэхъыщIэу,
НэхъыщIэхэм я нэхъыжьу,
Гупым пашэ яхуэхъуу,
Зи пашэр IуэхуфIым хуишэфу,
Нэмысыр, насыпыр, акъылыр, былымыр
И гъащIэм гъусэ хуэхъуауэ
Псэуну мы щIалэм дохъуэхъу!



***

**Iуэху ублэ хъуэхъу:**
Ди тхьэ, Тхьэшхуэ,
ПсынщIэ теIуэ, фIы теIуатэ,
Iэ ижьым егъэублэ, Iэ сэмэгум егъэух.
УзыншагъэкIэ къедгъэхьэлIэж,
ГуфIэгъуэкIэ дыгъэшхыж!

**УнэщIыхьэ хъуэхъу:**
Унэу ящIар уардэ унэжьу, выжь укIыпIэу,
ИкIым кърихьэу, къихьэм къринэу,
УнапIэ махуэу, Борэм хуэдэу Iу махуэу,
Пхъэм и махуэр я бжаблэу, лым и пшэрыр я шхыгъуэу,
Хъуни шхыни щымыщIэу, зыщыщIи щымыIэу,
Гъэ миныр гъащIэу, гъэ мыщIым хэмыкIуадэу,
Тхьэм унапIэ махуэ фхуищI!

***

**Мы Iэнэр къыщащта унагъуэр**
Уардэ унэжьу, выжьхэр щаукIыу, гъэлъэхъу укIыпIэу,
ИкIым кърихьэу, къихьэм къринэу,
Уардэ унэ зэтесу, хьэщIэ епсыхыпIэу,
Пхъэм и махуэр я бжаблэу, бланэлыр я унащхьэ бгъэну,
Зы губгъэни ямыIэу, гъэ мин унагъуэ тхьэм ищI!

***

**НысащIэм хужаIэ хъуэхъу:**
Нысэ цIыкIу къэтшар
Фадэм хуэдэу Iущащэу,
Мэлым хуэдэу Iу щабэу,
Джэдым хуэдэу быныфIэу,
ХьэфI хуэдэу Iу махуэу,
ШыфIым хуэдэу цIэрыIуэу,
Жыхапхъэр илъэфу, унафэм едаIуэу,
ГуащэкIэ Iэсэу, пщыкъуэкIэ гумащIэу,
Унэр и гуу, лIыр и псэу,

Ди нысэмрэ ди щауэмрэ фомрэ цымрэ хуэдэу зэкIэрыпщIауэ
Дунейм фIыгъуэкIэ тегъэт!

***

Хъуэхъубэр зыхуагъэшу ди нысэ,
Гунэсу соусэр, тхьэрыкъуэ,
Зи нэгур хуитурэ псэун,
ПсэукIэм и дахэр тхьэм къуит!
Къуитыну насыпыр щIэращIэу,
Джэджьей бынурэ убагъуэу,
Уи гуащэм уи бзэр хуэщабэу,
ТIысыпIэм и щабэкIэ угупсэу,
Нэмысыр нарт хабзэу зепхьэу,
Узытемыхьэр уи пщыжьу,
Уи пщыкъуэ ухуэбзэ – ухуэдэу,
Цей зыхуэбдым уи щытхъу иIуатэу,
Дунейм утетыну сохъуахъуэ!

***

**ЗекIуэ кIуэм хужаIэ хъуэхъу:**

Тхьэм шым хуэдэу нэ жану, джэдым хуэдэу IэфIауэу, джэдум хуэдэу зекIуэфу, хьэфIым хуэдэу тхуэщыпкъэу, и насыпыр псым хуэдэу къытхуигъэхъу.

***Мы хъуэхъум къикIыр:*** *ЗекIуэ кIуэмэ, джэдум хуэдэу лъэмакъыншэу – щэхуу и Iуэху зэфIигъэкIыу, хьэфIым хуэдэу къызыхэкIа жылэр, лъэпкъыр фIыуэ илъагъуу, и насыпыр псым хуэдэу зэпымычу щытыну. Шым щIрагъэщхьыр шым нэхъ нэ жан щыIэкъыми аращ; джэдым зэ IэбэгъуэкIэ хьэпIацIэ лъатэри къеубыд, щIым хэлъ ху хьэдзэ цIыкIуми тIэу кIэлъыIэбэркъым.*

## Нэщэнэхэр

- Джэдынэ зышхыр мастэнэкIэ Iэзэ мэхъу.
- Гъуэгу техьэм кIэлъыджэркъым, кIэлъыгъыркъым, кIэлъыпхъанкIэркъым, пхъэнкIий кIэлъырадзкъым ежьар псы гуэр икIыху.



- Джэду фIыцIэм уи гъуэгу зэпиупщIыну фIыкъым.
- Къанжэр уи бжэIупэм къыщыкIакIэмэ, и кIэр здэгъэзамкIэ хьэщIэр къокI.
- Шур гъуэгу техьа къудейуэ и шыр пырхъамэ, къигъэзэжырт, гъуэгур къемыхъулIэну жиIэрти.
- Ерыскъы зытелъ Iэнэм я щIыб хуагъазэркъым.
- Ерыскъым елъэпауэркъым, зэ нэхъ мыхъуми ухэIэбэн хуейщ.
- ЗыщIыпIэ IуэхукIэ уежьауэ къэбгъэзэжмэ, ущIежьар къохъулIэркъым.
- Зыгуэр псалъэу нэгъуэщIыр къепсамэ, жиIэр пэжу ялъытэ.
- ИпщэкIэ уафэр япэу щыгъуагъуэмэ, гъэр бэв, гъэфI мэхъу.

## Къуажэхьхэр

- Яжьэ ныбэ хьэмбыIу цIыкIу. *(Хьэку)*
- Дунейр зыгъэунэхуу бгыкъур зи унапIэ. *(Дыгъэ)*
- Зи кIэр дыкъуакъуэу бгыкъур зи унапIэ. *(ПцIащхъуэ)*
- Уеджэмэ къоджэж. *(Джэрпэджэж)*
- КIуэ пэтми бжьиз зымыкIу. *(Гущэ)*
- Унэм икIыу щIым икIыж. *(Iугъуэ)*
- Зыр адрейм кIэсу, псори Iуданэм фIэсу. *(Щыгъэ)*
- Еджэ дапщэрэ ухуеййми,
  Ар къоджэжыр ухуэмейми. *(Джэрпэджэж)*
- ГъущI фэнд и ныбэ псы къож. *(Шейныч)*
- ТхьэкIумитIым ар къытесщ,
  ТетIысхьэпIэу пэбгым тесщ. *(Нэгъуджэ)*
- Къабзагъэр и плъапIэщ, къабзагъэр и Iуэхущ,
  Къабзагъэм хуолажьэ хыфIадзэжыху. *(Жыхапхъэ)*
- Зыми ар къищэхукъым, зыми имыщэф,
  Ауэ ар имыIэу цIыхур мыпсэуф. *(Жей)*
- Дауэ зумыщIми зыкъыппещIыж
  ЗэрызыпщIари уегъэлъагъуж. *(Гъуджэ)*
- Зэм ар зокIуэ щабэрыкIуэу,
  Зэм ар щытщ зыщIыпIи мыкIуэу. *(Пшэ)*

- ІэфІкъым, дыджкъым, зэи къыпхуэубыдкъым,
  Ауэ арыншэу зыри псэуфкъым. *(Хьэуа)*
- Бгырыпхыбгъуэ, лІыбгъуэ кІэщІ. *(Чей)*
- БлапцІэ къарэ, къарэ убыд. *(Аркъэн)*
- ВагъуитІ яку Іуащхьэ. *(Пэ)*
- Губгъуэ гъунэншэрэ хъушэ бжыгъэншэрэ. *(Уафэрэ вагъуэрэ)*
- Хъурейщ, щхъуантІэщ, зэгуэудамэ – дыщэплъщ. *(Хъарбыз)*
- Лъэгубгъуит пэтІинэ. *(Лъэрыжэ)*
- Банэ топу зи пэр тІей. *(Цыжьбанэ)*
- Дыжьын щІыІуу зэрылъэлъ, къилъэлъахэм дегъэгуфІэ. *(Гуэдз щхьэмыж)*
- КъэпІэтыну псынщІэ, хыфІэбдзэну хьэлъэ. *(Къабзий)*
- ЩІым и ІэфІыр къыщІэзыш, шэм и хужьыр къызэрыж,
  Жылэр зыгъэунэ, быныр зыгъатхъэ. *(Нартыху)*
- Гъуджэ унэм мафІэ щос. *(ЛампІ)*

## Бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэхэр

**1. УпщІэ – гушыІэхэр:**

- Сыт «щІыгу» – м и кум итыр? (Хьэрф ы)
- Сыт хуэдэ мэз псэущхьэ и цІэм япэ хьэрфыр фІэкІуэдмэ, унэ псэущхьэ хъур? (Бажэ – ажэ)
- Жэщ – махуэ псалъэхэм сыт хуэдэ мыхьэнэ яІэ? (ЗэпэщІэуэ)
- Сыт хуэдэ псалъэ «лейр» : ручкэ, тетрадь, унэ, тхылъ? (Унэ)
- Сыт «пхъэ» псалъэм епщІэн хуейр, ар хадэхэкІ хъун папщІэ? (Хьэрф ы -р э -кІэ хъуэжын хуейщ: пхъэ – пхъы)
- Сыт хуэдэ псалъэ сто макъ дэкІуашэу зыхэтыр? (Стол)
- Дауэ уэгур дэгу пщІыну? (Уэгу – дэгу:[у] макъыр[д]-кІэ пхъуэжыну)
- КъызэрыщІидзэри зэриухри зы макъыу сыт хуэдэ тхьэмахуэ махуэ щыІэ? (Мэрем)
- «Щырыщ» псалъэр сыткІэ гъэщІэгъуэн? (ЛъэныкъуитІымкІи зэхуэдэу укъоджэ)
- Тхьэмахуэ махуитхур дауэ жыпІэфыну я цІэхэр къыумыгъэсэбэпу? (Нобэ, дыгъуасэ, дыгъуасэнэхъыпэ, пщэдей, пщэдеймыщкІэ).



**2. Псалъэухахэр гъэтэрэзыжын:**

- Мо гъущІ куэбжэм еупсеяр къысхуэхь. (Куэбжэм еупсея мо гъущІыр къысхуэхь.)
- Нартыху куэдыщэ зышха Къасым и мэлхэр сымаджэ хъуащ. (Къасым и мэл, нартыху куэдыщэ зышхахэр, сымаджэ хъуащ.)
- Маринэ щІакхъуэ ишхт и хьэ цІыкІур игъусэу. (Маринэ и хьэ цІыкІур игъусэу щыст, щІакхъуэ ишхыу).
- Ар пІэм гъуэлъри къаруууэ иІэмкІэ жеящ. (Ар пІэм гъуэлъри жей куум хилъэфащ).

**3. ГушыІэ задачэ.**

Гъуэгум зы лІыжь ирикІуэрти зы щІалэ къыхуэзэри: «Уи махуэ фІыуэ, дадэ!» – жиІащ. ЛІыжьым жэуап къет: «НэхъыфІыжу, щІалэфІ! Ауэ сэ си цІэр дадэкъым, атІэ сыт хуэдэ лъэныкъуэкІэ укъеджэми, зэхуэдэу Іу псалъэщ». ЩІалэр гупсысащ. ФыдэІэпыкъут щІалэм а псалъэр къищІэнымкІэ. (Адэ)

**4. Сурэтхэм псалъэжь къахуэхьын:**






1. Іэтэ зэрымытым Іэмбатэ кърех.
2. Узэчэнджэщын умыгъуэтмэ, уи пыІэр гъэтІылъи ечэнджэщ. Щхьэр псэумэ, пыІэ щыщІэркъым.
3. Дзыгъуибгъур зэдеІэмэ, чеищхьэр трач.
4. Блэ зэуар аркъэным щощтэ.

## Сабийхэм я гупсысэм, я бзэм зезыгъэужь джэгукІэхэр

**1. «Зы темэм епха псалъэхэр» (Игра «Слова по теме»)**

Зы темэ гуэрым епха псалъэхэр къэгъуэтын. ЦІыкІухэм щхьэж зыхуей Урокыр зытеухуар къыхах («Ди унагъуэр», «Ди еджапІэр», «Си хэку», «Си анэ», «Мэзым», «Тыкуэным», н.къ.). ЕгъэджакІуэр псалъэхэм зэхэпхъауэ къоджэ. ЦІыкІухэм езыхэм я темэм епха псалъэхэр ятх. ЕджакІуэхэр ятха

псалъэхэм къоджэжри езыхэми темэм теухуауэ псалъэ ящIэхэр дащIыгъу. Зы псалъэ нэхъ мыхъуми тэмэму къэзыщIэр токIуэ.

**2. «Тхурытху» (Игра «Пятерки»)**

Темэ щхьэхуэхэмкIэ («Псэущхьэхэр», «КъэкIыгъэхэр», «Машинэхэр», «Бзухэр», н. къ.) сурэт е псалъэхэр ярыту карточкэхэр гъэхьэзырын, темэ къэс псалъэ тхурытху е сурэт тхурытху хуэзэу. Сурэтхэр (е карточкэхэр) зэхэгъэзэрыхьауэ еджакIуэхэм я стIолым телъхьэн. ЕгъэджакIуэм Урокыр зытеухуар жеIэ, а темэм теухуа сурэтхэр (е карточкэхэр) цIыкIухэм псынщIэу къыхах. Япэ тэмэму сурэтитхури (е карточкитхури) къыхэзыхыр токIуэ.

**3. «УпщIэхэм жэуап етын» (Игра «Подбери слово»)**

ЕгъэджакIуэм еджакIуэхэм чэзуурэ захуигъазэурэ упщIэ ярет. УпщIэр зыхуэгъэза еджакIуэм псынщIэу жэуап къитын хуейщ. ПсынщIэу, тэмэму зи упщIэм жэуап езытыр токIуэ.

– Сыт ядыр?
(джанэ, гъуэншэдж, н. къ.)
– Сыт щатIагъэр?
(джанэ, бостей)
– Сыт яшхыр?
(щIакхъуэ, шатэ)

– Сыт зэрадзэр?
(кIапсэ, Iуданэ)
– Сыт хадэм къэкIыр?
(нащэ, нартыху)
– Сыт жыгым къыпыкIэр?
(мыIэрысэ)



# ПСАЛЪАЩХЬЭХЭР


Зэхэзылъхьам къыбгъэдэкIыу ........ 3
Тематическэ план ........ 5
ЩIэныгъэм и махуэ ........ 8
Адыгэ IуэрыIуатэ ........ 11
Бжьыхьэ ........ 25
Ныбжьэгъугъэ ........ 29
Си хэку ........ 35
ЩIымахуэ ........ 42
Адыгэ хабзэ ........ 48
Адыгэбзэ – лъэпкъым и гупсэ ........ 58
Къытхуеблагъэ, Гъатхэ! ........ 64
Бзылъхугъэхэм я махуэ ........ 71
ЦIыхур зыгъэбжьыфIэр – лэжьыгъэрщ ........ 77
Мамырыгъэмрэ гуащIэдэкIымрэ ........ 80
ТекIуэныгъэм и Махуэ ........ 83
Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэныр ........ 86
Гъэмахуэр къоблагъэ ........ 89
Гуэлъхьэныгъэ 1-нэ. ........ 92
*КлассщIыб еджэныгъэхэм папщIэ*
Гуэлъхьэныгъэ 2-нэ. ........ 111
*Нестандартнэ урокхэр*
Гуэлъхьэныгъэ 3-нэ. ........ 132
*КлассщIыб лэжьыгъэхэр*
Гуэлъхьэныгъэ 4-нэ. ........ 142
*Урокхэм къэгъэсэбэпыпхъэ материал зэхуэмыдэхэр*

**Хатуева Анета Рауфовна**

# МЕТОДИЧЕСКОЕ ПОСОБИЕ
## К УЧЕБНИКУ «РОДНАЯ РЕЧЬ»

**4 класс**

*На кабардино-черкесском языке*

*Издание первое*

Редактор **Кантемирова Б. А.**
Технический редактор **Балаева Т. А.**
Корректор **Дышекова М. Р.**

Подписано в печать 13.12.2016. Бумага офсетная.
Формат бумаги 60х90 1/16. Способ печати офсетный. Усл.печ.л. 9,5.
Уч.изд.л. 7,45. Гарнитура шрифта «SchoolBook», кегль 12. Заказ 0170. Тираж 80.

Государственный заказчик РГБУ ДПО «Карачаево-Черкесский Республиканский институт повышения квалификации работников образования».
369000, г. Черкесск, ул. Фабричная, 139.

ООО «Полиграф-ЮГ». 385000, г. Майкоп, ул. Пионерская, 268.
Телефон для справок: 8(8772) 52-23-92.
E-mail: guripp2@yandex.ru.